Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



5 / 2018
сентябрь - октябрь



МухIамад МУХIАМАДОВ - филологиялъул гIалимчи

# ГЪУДУЛЛЪИ



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**5**

**2018**

**сентябрь -октябрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.
МухIамадрасул ГIумаров

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

**Номералда руго:**

**ЮБИЛЕЙ**


**М.АхIмадов.** ГIумар-ХIажи Шахтамановасул сунареб цIа..................................3

**ГI.Шахтаманов.** ГIарцул лъарал *(поэма)* ............................................................14


**М.ЗАЙНУЛГIАБИДОВ ГЬАВУРАЛДАСА 80 СОН**


**М.МухIамадов**. ХIалхьи лъалареб гIумруги магIна берцинаб шигIруги...........32

**М.ЗайнулгIабидов.** КучIдул..................................................................................40


**ЮБИЛЕЙ**


**М.ПатахIов.** ВихьанагIан лъазе вокьулев, лъанагIан рекIее гIагарлъулев........47

**Ш.Хъазанбиева.** Лъимерлъиялъул лъалкIазул даимаб кенчIей.........................57

**М.ГIабасил.** Лъалаго сахлъула *(кечI)*....................................................................60

**М.АхIмадов.** МагIарул мацI *(кечI)*.........................................................................60


**ПРОЗА**


**П.ГIабдурахIманова.** Рокьул унти *(хабар)*.........................................................62


**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**


**С.Мамаева**. КучIдул.................................................................................................77


**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**


Гьез гьабураб такъсир букIинчIо.............................................................................82


**ЦIАЛДОЛЕЗУЛ АСАРАЛ**


**П.Муъминова.** КучIдул............................................................................................88

**С.ХIажиев.** КучIдул..................................................................................................91


**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**


Муртазаги Кундухъги.................................................................................................96


---


Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №5 2018 г.**

*сентябрь - октябрь*

*На аварском языке*

Выход в свет 12.10. 2018 г.
Тираж 753 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70x108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ №249 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*

***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# *Юбилей*

**МухIамад АХIМАДОВ**

## ГIУМАР-ХIАЖИ ШАХТАМАНОВАСУЛ СУНАРЕБ ЦIА

### Н у х

ГIумар-ХIажи Шахтаманов гьавуна ЧIарада районалъул Мокъсоб росулъ. Гьесул эмен вукIана лъикIаланго магIишат данделъарав, ресалда вугев магIарулав, гьев «кIицIулго кулак гьавун вукIанин» бицунаан инсул хIакъалъулъ шагIирас. Гьев вукIана ракьул хIал лъикI лъалев, гьелъул мацI бичIчIулев, захIматалде рокьи бугев, гьабулеб ишалъулъ кIвахIги свакги лъаларев унго-унгояв магIарул векьарухъан.

Гьединлъидал, гьезул къавулъ къанагIатги букIунароан ретIел-хьиталъулги квен-тIехалъулги ургъалида рукIине кколеб заман. Гьабизеги лъаларел, кваназеги лъаларел, лъалезде – жахIда-хIусудалъул цIурал кIвахIалал гIадамазул ракIчIегIерлъиялъги берхъублъиялъги батила квербакъун гьев кулак гьавизе.

Шахтамановасе эмен цIакъ хирияв вукIана, гьев хвезегIанги, хун хадубги шагIирас инсул даимаб адабги мисалияб чIухIиги цIунана. Жиндирго гIумруялъул ахираб лахIзаталде щвезегIан гIаданлъи-ассалъул, намус-яхIалъул мугъ чIвалеб кьурулъун вукIана гьесие эмен. Вацазда гьоркьов бищунго гьитIинав, дос жинцаго абухъе, «къвачIакIутI» вукIана поэт. КIиго кIудияв вац КIудияб ВатIанияб рагъда чIвана, лъабабилевин абуни лъукъун тIадвуссана. Лъилъулареб ругъун лъуна рагъалъ шагIирасул ракIелъги.

Гьесда киданиги ракIалдаса унароан рагъда хутIарал васал руссиналъухъ ялагьун херлъарай ва хварай эбел. Амма гьелъул ракIелъ цIикIкIаразде букIараб, гьезие тIубан кьезе рес ккечIеб кIудияб рокьи гьитIинав ГIумар-ХIажиде буссана. Эбелалъул пикрабазда панаяб хIухьел угьулареб къо къанагIатги букIунароан шагIирасул къисматалъулъги къоял анагIан хъвалел кучIдузулъги.

ВукIинесев шагIирас росдал школа лъугIизабуна ва Москваялъул Пачалихъияб Университеталъул журналистикаялъул факультеталде цIализе лъугьана. Доб мехалдайин абуни гьеб, гьанже гIадин, гIадатгоги бигьагоги букIинчIо. ГьитIинго, школалда цIалулеб мехалъго, байбихьана гьес кучIдул хъвазе.

Амма университеталда цIалулаго, унго-унголъун тIаделъана гьев шигIрабазде. Гьесул «Нухда» абураб тIоцебесеб тIехь къватIибе бачIана 1957 соналъ.

ГIезегIанго цIубараб, камилаб тIехь букIана гьеб. ГIажаиблъи гьабуниги гьабичIониги, гьанжесеб роцада балагьани, гIолохъанав шагIирлъун вихьулев вукIинчIо Шахтаманов гьеб тIехь цIалулесда, аваразул адабияталде гьев лъугьана унго-унгояб махщел щварав шигIрабазул устар гIадин.

Классиказул каламалъ куцалеб букIана гьесул гьунар. Студентлъун вугел соназдаго гIажаибго пасихIго, пикруги, магIнаги, рагIабазул хаслъиги, поэзиялъул тIокIлъиги хвезе течIого магIарул мацIалде руссинаруна гьес Лермонтовасул «Кавказалъул поэмаби». Шахтамановас таржама гьабурал гьел гьайбатал асарал гьабсагIатги кIудияб гьираялда цIалула, цIакъго тIадегIанаб даражаялда руссинарун рукIиналъ.

Лермонтовас гьел жиндирго поэмабазулъ бихьизабулеб «рухIияб къеркьей» рахьдал мацIалда кьезе кIвеялъулъ загьирлъулеб буго магIарул шагIирасул гьунаралъул тIокIлъи.

Гьеб букIана ГIумар-ХIажи шигIрабазул зобазда цIваби цIияб канлъигун вагъизе кьолеб къуватлъунги, калам камиллъизе квербакъулеб дарслъунги. ТIубараб гIумруялъ ватIалъичIо Шахтаманов Лермонтовасдаса ва гьесул илагьияб поэзиялдаса.

Нилъеда сверухъ бугебщиналъулъ якъинго тIатунеб ва сундулъго тIадчилъи гьабулеб гьереси-макруялда данде ритIухъаб рагIудалъун къеркьезе къуватги намусги гIураб мехалда бичIчIула шагIирасда жинца битIараб нух тIаса бищун букIин, гьеб нухдасан тIамулел галаби, галанал щущазаризе кIоледухъ, щулалъун рукIин. Гьединал лахIзатазин рагIул ритIухълъи вакъарасе квенлъунги къечарасе лъимлъунги, цIалеб хIухьеллъунги, цIадирабазда лъолеб намус-яхIлъунги, цIикIкIараб, цIвабзазулаб гьунаралъул роценлъунги лъугьунеб.

Нилъедаса хадур рижизе, дунялалде рачIине ругел цIиял гIелазул гIадамаз (дир хьул буго гьел цIодорал чагIи рукIинилан) нилъеде гIайиб чIвала, гьел тIасалъугьинаро цIакъго хехго тIаса унеб гьаб дунялалъул битIккейги, тIадчагIаз бикьун кьолеб цIар-реццги сабаблъун нилъеца гIадада хвезе гьабуни нилъерго рухIияб хIалкIолъиги, рухIалъе къуват кьолеб кьури гьечIеб гьунарги.

Гьанжени цIарги машгьурлъиги цIакъго учузлъун буго, «учузаб багьаялда» бигьаго гьеб щванилан рохунги риххунги рукIаралги, ракIалдецин щоларедухъ, щибниги нахъе хутIичIого, чIалгIаде гIумруги ккун уна абадияб рокьоре.

Шахтамановасда лъидасаго лъикI бичIчIулаан, лъалаан магIарул халкъалъул къимат, гьесие бищунго рокьулаан магIарулал. Амма гьев нилъедаса ватIалъана ватIаналъги магIарулазги тIубанго цIалун вахъиналде. Гьев нилъехъе цIакъ хехго вачIана, нилъин абуни гьесухъе кватIана ва жеги кватIулелги руго.

ТIад бугеб хIукуматалъулги, хIукмучагIазулги, тIадчагIазулги, зулмучагIазулги зурмихъе кьурдилев вугони, шагIир живгоги лъугьуна жиндагоцин рихараб цIакъго гIодобегIанаб ва нахъегIанаб даражаялъул, кIудиявин кколев, амма цIакъго гьитIинав, хIакъирав, хIакъав ва хIалихьатав чилъун, тIад кверщел бугесул рагIадлъун, гьесие данде кколеб гIакIа ахIулев гIамал кIудияв

магъущлъун, чияр квераз басандизабулеб цIулал васикIолъун. Гьеб мехалда кечI лъугьуна гьесул , хIалуцараб хIасраталъул хIухьеллъун гуреб, хIалихьатаб гIумру цIунулеб къолденлъун, къадараб гIамал бухьунеб рохьенлъун.

ШагIир ГIумар-ХIажи Шахтамановасул талихI ккола гьединаб къабихIаб къисмат насиблъичIолъи. Кинаб къо тIаде бачIаниги хисичIого, къуркьичIого, кьуричIого жиндирго гьунаралъе мустахIикъаб ритIухълъи цIунана гьес тIоцебесеб кочIода канлъи бихьараб къоялдаса байбихьун ахирисеб кочIоца абадиялъего берал къанщизегIан. Шайихас гIадин угьана шагIирас:

**Дун кида хвелевлъи бициниш дуда?**
**Дир рекIелъ гьалдолел цо гIорал руго,**
**Цо гуро, азарго кечI гьезул буго,**
**Дир рекIелъ гьалдолел гьалагал гIорал…**
**ГIорал гуро!**
**ТIолго гIагараб ватIан**
**ГIоралльун дир каранлъ гьалдолеб буго…**
**Гьеб гьалдей сун хадуб хвезе вуго дун.**

ХIакъикъаталдаги гьедин ккезеги ккана. ГIорлъун каранлъ гьалдолеб букIараб гьайбатаб ва чIухIараб ватIанги биххун, гьелъул чIвадан гьабизе чIвадарухъабиги тIадчагIиги лъугьараб мехалъ, махщел-гьунаралъул гьотIода бищунго гьуинаб хаслихълъиялъул кватIараб пихъ барщулеб гIужалда гIажалалъулаб унтиги чIван ватIалъана гьев гIумруялдаса, амма ватIалъичIо гьев гIадамаздаса, амма ватIалъичIо ватIаналдаса, захIматаб унтуца кIвекIулев азарханаялда вугев шагIирас хъвана ахираб поэма.

Гьесда лъалаан хвезехъин вукIин, амма дару гьечIеб унтуца унтаниги, рекIелъ хIалихьалъиялъги, хилиплъиялъги, хиянатлъиялъги ругъун лъуниги, букIинчIо гьесулъ бихьинчилъиялъулги, яхIалъулги, шагIирлъиялъулги, чилъиялъулги рачел чучизе тараб чараб лахIзат, гIадада гурелъул гьес гIолохъанаб гIужалдаго хъван букIараб: «Гьале чи, гьале чу, чучуге рачел», – абун.

**Гьаб дуниял – ральъад, мун – гьелъул лъимер,**
**Мун гьенив – лъедохъан, дур кечI – карачел.**
**Кинаб рагIалда дур раса лъалхъилеб?**
**Кинаб ганчIилъ речIчIун дур кечI щущалеб?**

**Дуца щай, кочIохъан, чIухIараб раса**
**ЧIезе гьабулареб гьури сваралъуб?**
**- Буран гьечIеб бухта бегьуларо дий…**
**Ральъад ццидахана… кочIохъан хвана.**

Гьедин хъвана Шахтамановас «Мицкевичасул пикрабазда» абураб сонетазул циклалда.

ТIаде балагьун шагIир рельъьуна сундулго тIалаб-агъаз гьечIебилан кколеб гьитIинаб лъимералда. ЛъимадулгIанги хехго ва бигьагойин гьесул недегьаб, хIеренаб, хIасратаб ракIги лъукъулеб. ШагIирасе хвалдаса захIматаб буго кечI гьукъараб, рагIи гьанкъараб заман. Шахтамановасда цIакъго цIакъ гьваридго

ва гІатІидго бичІчІулаан ва лъалаан шагІирасул нухлул магІнаги, рагІабазе, пикрабазе зобал рагьулеб къисматалъул борхалъиги, хвелгьечІолъиялде унеб нухлул авалги ахирги.

**РечІчІе дида ганчІал, чІвай дида хунжрул,**
**ЧІалгІун буго гьанже гьаб битІараб нух.**
**Гьелъул рагІаллъаби руго зазилъ къан,**
**Зоб кин жаниб гьинеб гьитІинаб кІкІалахъ.**

**Хвалилиб хІинкъи кье, кьоге дий рахІат,**
**Кье гІатІилъи гІищкъуй, гІасияв парччахІ,**
**ТалихІ бегьуларо дие гьитІинаб,**
**ГьоцІиб цо тІегь бакки – жеги их гуро.**

**Дида чІалгІун буго зулму-хІал, парччахІ,**
**Те, дун тІадвуссине дирго ракІалде, –**
**Дир эркенаб, амма захІматаб нухде,**
**РекІел кечІ гьукъараб заманаялде.**

Польшаялъул поэт Мицкевичасул цІаралдасан гьабулеб гьаб каламалъулъ камилго бихьула ГІумар-ХІажи Шахтамановасул гІумруги, кечІги, нухги, къисматги.

## ГІАЗДАДА ЦІА

Дида Шахтамановги Шахтамановасда дунги лъалаан къого соналъ. АнцІила щуго сон букІана дир тІоцеве гьев вихьараб мехалъ. ГІумар-ХІажи вукІана дир рекІел гьудулги кочІол мугІалимги. Гьанже гьев гьаб ракьалда гьечІин абураб рокьукъаб пикру рекІелъе биччазе захІмалъулеб буго.

Телефоналъул цІурмил гьаракь бахъанщинахъе тІуркІун вачІуна – трубка кодобе босарабго рагІилин ккола кидаго кІочон тезе рес гьечІеб гьесул гьаракь: «Юноша, щиб гьабулев мун вугев? Гьаниб х1ерас цо чанго мухъ хъван буго. Гьезухъ гІенеккизе вачІинарищ?» Цинги дун, дунялалда бугебщинабги кІочон тун, тІолабго Москва шагьарги къотІун, гІедегІулаан гьесухъе. ГІумар-ХІажил рукъалъул нуцІа рахалеб гІадат букІинчІо. Гьесул асаралго гІадин, гьесул ракІго гІадин, кидаго рагьун букІунаан гьесул нуцІаги.

Цо нухалъ гьес дихъе ахІана: «Юноша, хІерасул рукъ бикъун буго, баччизе кІвараб жоги босун ун руго цІогьал. ВачІая, дир гьудул, гьеб чуризе», – абун. Дун валъаргъунев вугин гьевиланги ккун, махсаро гьабуна дица: «Дуца кучІдул хъварал тІанчал рикъун инчІого ратани, гьеб бигьаяб иш бугилан». Хадуб лъана, хІакъикъаталдаги гьесул рукІ бикъун букІин. Жиндиего хасиятаб къагІидаялъ Шахтамановас абуна: «Бечедав чи ватун вуго цІогьазда. Минаялъул рикІкІен мекъи ккун рачІун рукІун ратила гьел». (Гьесул мадугьалихъ, гІемер рикІкІад гьечІеб Кутузовасул проспекталда букІана доб заманалда вукІарав партиялъул генсек Брежневас гІумру гьабулеб, цІар рагІараб мина).

Нилъер заманалда гІемерал батІи-батІиял ва цІакъго гІажаибал лъугьа-бахъинал ккана. Арал наслабаз гІуцІарабщинаб жакъа нахъаса къотІичІого биххизабулеб, бегуниса чІвазабулеб, чІвадан лъугьинабулеб буго.

Риххизарулел, хвезарулел руго нилъер рухIиял сангарал, гьезул бакIалда цIиялги щулиялги гьел гьаризе ракIалдецин кколеб гьечIо. Божилъиги иман-яхIги лълъаранибе унел руго. Щибаб цIияб гIелалъ ургъун бахъулеб буго жидерго заманаялъулги хIакъалъулъ цIияб маргъу, цIи гьарулелин рекулел руго рухIиябщинаб цIалел цIадираби.

Дол захIматал лъеберабилел соназда гьаруразул гIел, ГIумар-ХIажи Шахтамановасул гIел гIемерал тарихиял лъугьа-бахъиназул нугIзаллъун лъугьана.

Лъимерлъудаго хIехьезе ккана рагъул кьогIлъи, цинги – рагъда хадусел сназул мискинлъи-чIунтел, Хрущевасул заманаялъул хехго лъугIараб «хинлъи», Брежневасул соназул халат бахъараб «чIунхутIи», цIияб заманаялъул баракат гьечIеб «цIигьабун гIуцIи» ва цохIого цо сахабин ккун букIараб, хадуб гьерсил гьобоялде свераpаб «рагьун кIалъазе изну» – гьеб кинабго хьатIана шагIирасул рекIеда, гьелъул гъвариадб ва къваридаб лъалкI хутIана гьесул хIалхьи лъачIеб ва хIалуцараб рекIелъ.

I959 соналда Шахтамановас хъвана «Билараб кечI» абураб поэма. Гьеб букIана тIаде гIунтIулеб бугеб гьаб гIала-гъважаяб заманаялъул хIакъалъулъ цебеккунго лъазабулеб поэма, гьеб гьукъейилан, гьелдаса цIунейилан балеб ахIи.

Поэмаялъул аслияй герой – гIолохъанай магIарул яс шагьаралда тIуянго хисана, хвана. Гьелда кIочон тана эбелалъул хахараб рахьги, рахьдал мацIги, гIагараб халкъалъул цIарги, кинидахъ ахIарал кучIдулги. Азарил соназ магIарул чIужугIаданалъ цIунараб намусалъул гIорхьи бахана гьелъ, нич-яхI хIатIикь мерхьана гьелъ:

**Лъала, мугIрул чIужу бугьтаналдаса**
**МагIарул кочIоца кийго цIунана.**
**Щайха дир кечI жакъа халкъалда цебе**
**Ццидалъ дуда данде бугеб бахъунеб.**
**Мун щий, щай дир кочIолъ хIажат йигей мун,**
**Инсул росу кIоочн, дир гIищкъу гуккун,**
**Гочарилей йигей, тIадмагIарулай?**

Гьединаб суал тIоцебе кьуна шагIирас магIарул ясалъе. Нилъер ракьалъул гIамал-хасияталъул балагь рещтIунеб бугилан абулеб букIана шагIирас, шагьаралъул чороклъиялъулъ чвердолей ясалъул мисалги бачун. ХIакъикъаталдаги гьеб лъугьана хадусел соназда нилъеде рачIарал чIахIиял балагьазул: хъахIбалъиялъул, хъублъиялъул, хъамалчилъиялъул, талавурчилъиялъул, чIвай-хъвеялъул, наркоманиялъул ва цогидалги хIакъирал ва такъсирал ишазул аслу-кьучIлъун.

Шахтамановас тIоцебе гьелъул хIакъалъулъ нилъеда лъазабуна кIикъого соналъ цебе. БетIергьанас шагIирасе бажари-гьунар кьола гIемераб жо цебеккунго бихьизе, лъазе.

Доб заманалда поэтасде гьужум гьабуна республикаялъул газетаз, журналаз, радиоялъ. ГIемер какана гьев коммунизмаялъул идеологиялде данде чIун вугилан, гьелда чIегIераб тIанкI лъолеб бугилан, вахъана хIалтIудаса, рахъулел рукIинчIо кучIдул, гьукъун букIана поэма.

Ва амма заманаялъ бихьизабуна шагIир витIарав вукIин. «ГIаздада цIаял руго ракун кирго гIумруялъ», – ян абуна шагIирас. Гъесда гIумру цIакъ лъикI лъалаан, – гьев живгоги вукIана гьеб гIумру гIуцIулев ва гьелъул сурат бахъулев камилав гIакъилги, художникги:

**Лъоге дие къимат протоколалда,**
**Дун театр гуро, дун къисмат вуго.**
**Квачарас жиндего цIай абе цIаха,**
**ЦIадакь виччизе те дун цо мархьуда.**

**Мархьуда, мугIрузда хурдузул лъалкIаз**
**Мехтизе гьавурав вигьугеги дун.**
**Къо ккедал ватулев ккогеги тезе,**
**Толесда къвал бараб бачIунгеги къо.**

Шахтамановасул шигIрабазулъ бессун буго бекьараб хурисан бачIунеб хIухьелги, магIарул гьаваги «мугIрузул тIогьазда гIазул бацIцIалъиги», инсул минаялъул тIаладухъан бачIунеб тIагIамаб кIкIуйдул махIги, гIагараб ракьалде, бокьулеб ватIаналде, ватIаналъул гIадамазде рокьул кьури гьечIеб асарги, живго асир гьавизе лъугьараб шагьаралъ кьурал кьогIал дарсалги, мугIрузул тIогьазул гIадаб сабураб чIухIи-пахрулъиги, хирияй чIужугIаданалъул сурат бахъарал сардалги, пасихIал мухъазул нахъе хутIулеб магIнаги – гьале гьадинаб буго шагIирасул рекIелъан арал абадиял асаразулъ загьирлъулеб пагьмуялъул гугьар.

**ГъутIбузул гъаларал гъалазда гъорлъан,**
**Рагъида рогьалил нур чIвалеб буго.**
**Сордо борчIун хъварал кучIдулги рухIун,**
**Дун, гьудул, кьижарай духъ хал ккун вуго.**

**ГIанабалъ бегараб хъахIаб гъалалда,**
**Хъатинибе босун, баана дица.**
**ХIинкъараб макьудай, кьогIаб хабардай,**
**Хирияй тIуркIана, амма йорчIичIо.**

**ХIинкъуге, хIайранай, дур хIалхьул горда**
**ХIанчIил милъир хъвазе теларо дица.**
**Дур хIеренлъи цIунун рукъалъул тIохтIа**
**ТIад чIела дир кьвари кьуртIа цIум гIадин.**

**КочIолги рокьулги, унго, берцинлъи!**
**ГIадада гуро гьел бицад хутIулел.**

ШагIир Шахтамановас хъвана «МугIалимги мутагIилги» абураб прозаялъул асарги. Гьеб буго магIарулазе хириял шагIирал ЧIанкIалги МахIмудилги хIакъалъулъ тIехь. Гьеб тIехь къватIибе бачIун бахъиналде, ГIумар-ХIажица цебесеб бакI ккуна нилъер прозаиказул мухъалъ. Гьес бихьизабуна проза кин

хъвазе кколебали, гIайиб гурищ, рес ккечIо гьесие ракIалда рукIарал цогидал харбалги къисабиги хъвазе.

Харбиял асаразулъги шагIирлъун хутIана Шахтаманов. БитIахъе хIикмалъизарула гьесул тIехьалдаса «ЧIужугIадан» абураб ва гIемерал цогидалги харбаз. Гьезулъги буго добго ритIухълъиги, ракIбацIцIалъиги, жиндиего хасиятаб хасаб хатIги, хагазарулеб пасихIлъиги.

Черхалда гъаргъар бала ва гьеб цIорола рекIее гIагарав чи, шагIир, гьудул гьанже аскIов гьечIин абураб пикру гьабидал. Амма гьеб рухIел бигьа гьабула гьесул кучIдуз: цин гьел чилчидула мугIруздаса чвахулел чабхил иццал гIадин, цинги руцIцIухIун чIола мугIрузул рорхатал тIогьал кинигин.

РикIкIадисел ва гIагарал гьудулзабазе, кIудияб ва гьитIинаб ватIаналъе гьев живгоги вукIана ва кидаго хутIана гIаздада бакараб цIа гIадав гIаданлъунги шагIирлъунги.

## ШАГIИРЗАБАЗУЛ КЪИСМАТ

Дица дидаго гIемер гьикъула жакъа, гьал ахирал соназда сунеб щай бугеб поэзиялде букIараб кIудияб рокьиян. Щай кочIолаб калам, къаламги къисматги бекун, гьанже махщел гьечIел къадахъабаз гьетIараб, ганчIал рекъечIеб къед гьабиялде сверулеб бугеб абун.

КунчIи гьечIел, къисматалъул къатIра гьечIел, гIумруялъул гIамал гьечIел, гIадатиял гIадамазул ургъел гьечIел, гьунаралъул гугьар гьечIел кучIдузул цIун руго газетазул, журналазул гьурмалги тIахьазул тIанчалги. Цебе заманалда Дагъистаналда, кечI ахIаралъухъ, оц кьолаан кочIохъанасе, жакъа вуцIцIун чIаралъухъ гьесие кIиго оц кьезе хIадурго ругеб бакIалде щай нилъ ккун ругел? Гьеб цохIо кьоялъул суал гуро. Дунялалда ва гIадамазда киданиги лъачIо чIаго ругеб мехалъ шагIирзабазул къимат гьабизе. Хун хадубги хабаде рахине гьудулзабаздаса гIемер тушбаби рачIуна гьезул, рекIее парахалъи лъугьунеб батила гьунар гьечIеб къавмалъулги, жагьилаб агьлуялъулги Аллагьас жиндихъего гьунар кьурав шагIир вачун араб мехалъ. Щаяли лъаларо, кIудияв шагIирас дунял тарабго, гьесухъ букIараб борхалъи жидехъего щвелеб гIадин, гьенире хархадилел рихьула рекIелъги кочIолъги гьодорлъи гурони гьечIел, гурун рукьабигун, бокьараб инжитаб ишалда гьоркьор рукIун ракI гIорцIуларел гьел. Гьел руго кечI херхунел харбихъабиги, тIахьал рахъани, шагIирзабилъун лъугьунин пикруялда ругел киданиги пикрабазул зобазде рахине кIвечIел чIандачагIиги.

Бищунго ракI унтулеб жо хIаяздалъун, хIелиялдалъун, хIакимзаби рецциялдалъун, мацIаздалъун моцIрода гъоркь бакI балагьулел хIалихьатаб къапила къоялдаса къоялде цIикIкIунеб букIин, поэтал ругилан жалгоги гIадамалги махсароде кколезул руккелал наккугIан гIемерлъун рукIин.

Пикру гьабе, гьанже нилъеда цадахъ гьечIел МухIамад Сулимановасул ва ГIумар-ХIажи Шахтамановасул хIакъалъулъ цониги тIехь щай хъвачIеб цониги филологас, критикас, адабияталъул гIалимчияс? Гьел гьелъие мустахIикъал рукIинчIогойищ?

Гьелъие гIилла цо буго – кIудияб гьунаралде гьунар гьечIезул жахIда. Амма жакъасел цIахIилал гIункIкIазда кидаго лъазе ккола цо ритIухълъи – гьел киданиги хъахIал къункърабилъун лъугьине гьечIеблъи. Адабияталда

гьунар гьечӀолъиялъул даимаб хъвай-хъвагӀай гьабурал пагьму киданиги жидеда макьилъцин бихьичӀел цо-цо гӀадамаз жидерго рукъзал гӀатӀилъизариялъул ва кин хъваралали лъаларел тӀахьал кӀодолъизариялъул гуреб, тӀокӀаб сундулниги ургъел гьабичӀо ва гьабизеги гьечӀо. Поэзия буго гьездаса цӀакъ рикӀкӀада. Гьунаралдаги гьунар гьечӀолъиялдаги гьоркьоб бугеб гьеб къеркьей унеб буго адабияталдаги маданияталдаги аза-азар соназ.

Жакъа гӀолохъаби хехго ругьунлъулел руго бигьаял нухал ралагьизе, батӀи-батӀиял гӀисинал къокъабаздеги рикьун, цоцаздаса мацӀигъине, жахӀда-хӀусудалъул хӀурулъ тӀерхьине. Гьезда цо-цо поэзиялъул рахъухъирщаз дир рахъалда чӀечӀев чи дир тушман вугин бичӀчӀизабула ва ахир-къадги гьел сверула я жидерго хатӀ гурел, я жидерго нух гьечӀел, чӀамучӀал ва чӀорогоял асаразул иргадулал авторазде. Гьедин цо-цо гӀолохъанав хъвадарухъан лъугьуна живго гъорлъе ккараб литературияб къапилаялъе гьура ахӀулев яхӀ гьечӀев чилъун, цогидавин абуни, жиндаго лъачӀого гьунар гьечӀезул хъатикь гьунар бугезда данде бахъараб ярагълъун. «ШагӀирасул гьечӀо хъулухъги хӀакимлъиги. ШагӀирасул буго хӀикматаб къисмат», – абун хъвана Александр Блокица.

Кинаб къисматалъул бицинеб жакъа, хъулухъалъ тӀадегӀанлъиялда, гӀарцуда, бечедал чагӀазул суркӀа чӀикӀиялда бараб бугеб мехалъ тӀахьал рахьиги, шапакъатал щвейги. Гьеб бихьулеб буго гӀолохъанал хъвадарухъабаздаги.

Къеркьеялъулги гьунаралъулги нухдасан инчӀого, гьез тӀаса бищулеб буго гьунар гьечӀезул рагӀдукь, рагӀи билълъунезул хьолбохъ рахӀатаб ва яхӀ гьечӀеб гӀумру.

Дие битӀ ккана. Дидехун кидагосеб лъикӀаб бербалагьи гьабуна Дагъистаналъулги гӀурусазулги унго-унгоял шагӀирзабаз ва хъвадарухъабаз. Хасго кӀудияб баркалаги кьун рехсола дица ГӀумар-ХӀажи Шахтаманов. ЦӀакъго гӀолохъанго вукӀаго, дида бичӀчӀулареб букӀараб гӀемерисеб жоялде кантӀизавуна гьес дун. Дида бичӀчӀана: я дица дунго цӀунизе ккола, яги цогидазда релълъаравлъун лъугьине разилъизе ккола. ТӀоцебесеб – захӀмалъула, кӀиабилеб – бигьалъула.

Дир гӀумруялъул кинабго биххун, щущан араб ва гьеб цӀидасан къучӀдасан байбихьизе ккараб мехалдаги рекӀелъе хӀинкъи лъугьинчӀого, гьудулзаби – шагӀиразул мисалалъ хьул къотӀизе биччачӀо.

**Нилъги, гьудул Расул, росабалъ гӀурал,**
**Рекъарухъабазул лъимал – шагӀирал,**
**Щибдай букӀинаан букӀинчӀебани**
**БачӀунелъул гордо, нилъ ралагьизе.**

**Щиб лъалеб, нилъерги росдал бацӀцӀалъи,**
**БецӀцӀун тӀагӀинаан цо кабакалда,**
**Квер ккевезе, гъеж цуйзе батичӀебани**
**Божараб гьудуллъи гьаб аххалъуда.**

Гьедин хъвана Шахтамановас.

Гьев цӀакъ витӀарав вуго. «МугӀрузда аскӀор руцӀцӀун чӀелин», – гьедин абизе бокьулаан Къайсин Кулиевасе. Гьеб руцӀцӀунчӀеялъулъ батила гӀумруялъул бищун тӀадегӀанаб магӀна магӀарухъ гӀурав инсанасе ва шагӀирасе.

Арабгун рагъизе бегьула – гьеб нахъехун хутIидал. Амма бачIунеселъ гурхIел гьабуларо – гьеб нилъеда цебе-цебе бугелъул. Гьеб кIочон тезе бегьуларо.

**МугIрузда гIадаб хъуди**
**Дир гIундузда рагIичIо,**
**МугIрузда гIадаб сасин**
**ГIумруялъ дида лъачIо.**

**МугIруздагIан сабурал,**
**Сси тIокIал херал лъачIо.**
**МугIрузда гIадин гIанчIал**
**ГIаларчаби кьолочIо.**

Гьеле гьеб букIине ккола рекIелъ бикIун. ШагIир Шахтамановасда гьеб цIакъ бичIчIулаан гIемераб гIазаб-гIакъуба хIехьараб, янгъизаб рекIел кIутIиялдалъун, рекIелъан чорхолъе лъугьунеб щибаб къатIраялдалъун.

**РакI чучав чи ватани,**
**Ваха нижер мугIрузде,**
**ГIурччинаб тIехь кинигин,**
**Реге гьезул сухъмахъал.**

**Гьел гIадинал, хIинкъарал**
**Ракьалда цойги гьечIо,**
**РекIелъ чаран, гьез гIадин,**
**Цойги нухаз лъоларо.**

ТIокIабги лъикI кинха абилеб! ШагIирасул къисмат халкъалъул нухалгун, гIумруялъул сухъмахъалгун, къварилъи-гIатIилъигун цолъун бугеб мехалда рижун рачIуна халкъалъ къабул гьарулел кучIдул. Шахтамановасе гIумру бокьулаан кинаб гьеб батаниги, БетIергьанас кьураб хIалалда. Гьесул гIумруялъулъги гIемер букIун батила берцинабги, сурукъабги, сурарабги, хириябги, тIадегIанабги, гIодобегIанабги. Гьайгьай, малаик гуро гьев вукIарав. ВукIана чIагояв гIаданлъун, захIматаб заманаялъул шагIирлъун, жиндирго заманаялъул васлъун, хIалхьи лъаларев инганлъун.

## А Х И Р

Шахтамановасул асарал цIалулаго рекIелъе лъугьуна рокьул гьаракьги, мугIрузул ва кьурабазул кьварараб гIенеккунчIейги, гIоразул хъудиги, иццазул чилиги, годекIаниб бицунеб гIакъилаб хабарги, бакъул хинлъиги, мугIрузул тIогьазда гIазул бацIцIалъиги, гIаздада ракарал цIаялги, роцIараб, бацIцIадаб магIарул мацIалъул цIурмалги, харида щубги, щобда бакъанги:

**Хасалихълъи щобда къочулеб буго,**
**Къо-лъикI, балъгоял дол чадирахъ дандчIвай!**
**Чинаридул гъутIби гьенолел руго,**
**Гъаримлъидул накIкIал, нужелъ жеме дун.**

**Рии кванараб чу, гIазу барабго,**
**Русснибе буссуна, байдабиги тун,**
**Дунги, хIасраталъул мусруги жемун,**
**Мажгиталъул цIобалъ цIунеян абе.**

Поэтасул гьунар гьесул къисматалъ борцуна. КIудияв поэтасул гьитIинаб къисматги, гьитIинав поэтасул кIудияб къисматги букIин щакаб жо буго.

Шахтамановасул къисмат къиматаб гIумруялъулъги, гIащикъаб шигIруялъулъги хутIана.

Шахтамановасул тIахьал цIаларасда, гьев лъалев вукIинчIесдаги, бихьила, бичIчIила гьесул асаразул аслияб магIна магIаруласул рекIел кIутIиялъ кIудияб дунялалда тун букIин.

Гьесул асаразул шавкъги къуватги, щакъиялъ кагътида хъвараб гуреб, бухIулеб рухIалъ бидул гьалдеялъулъ къаламги ччун хъвараб бугилан ккола.

Шахтаманов вукIана вацIцIадав шагIир, гьесул гIицIго цо бечелъи букIана – кечI.

Гьединлъидал батила, гьесда киданиги, кигIан гIемер щваниги, гIарац цIунизеги лъалареб букIараб. ГIарац кодобе щвараб мехалъ, чвантида цIа рекIарав чи гIадин вукIунаан гьев гьудулзабизе гIодорчIеял ургъулев. ГIумруялъул хIикматги хIакъикъаталъул хIакъирлъиги лъидагоялдаса лъикI лъалаан гьесда:

**Дица гьеб хIакъикъат къабул гьабуна,**
**Къорица бох ккураб бацIица гIадин.**

Жиндихъгоги гIенеккун гIодов чIун вугеб мехалъги, кечI хъвалеб мехалъги гьев релълъунаан, цого заманалда, магIарул росдаде тIаде къуларaб къурул гIусалдаги, цинтIаго щвараб гIоралдаги.

ЦIаги лъимги цадахъ ругел гIемерал лахIзатал рукIана гьесул гIумруялда.

Гьев вухIун лъугIана, хIедул чирахъ гIадин, чияр ракьалда, гIагараб ракьалъе рокьул канлъиги кьун:

**Дагъистан, дудаса рикIкIалъаравго,**
**РакI духъ урхъун бугин анцI-анцI кечI хъвана.**
**Амма гьел киналго дица рихъана,**
**Дур гохIил каранда керен цурабго.**

ГIакъилаб каламги кунчIараб рагIиги рагIараб мехалъ, цIум гIадин, ворхун вачIунаан гьев: «Юноша, бокьула гIакъилаб рагIи», – абун гьимулаан. Гьимиги гьесул букIана бек-бекараб бакъ гIадаб, гьаракьги букIана пириялъул дандерижи гIадаб, гIамалги букIана гьалдолеб Каспиялъул карачелал гIадаб.

Шахтамановасул хIакъалъулъ дие магIарулазда абизе бокьун буго: ГIумар-ХIажил гIумру кочIолъ букIана, гьанже гьев нилъер халкъалъе хвел гьечIеб кечIлъун лъугьана.

Ахиралда цоги нухалъ гIенеккилин живго Шахтамановасухъ:

**Дир рекIел дуниял…дица гьеб кьуна**
**Кьурабалъ бижараб магIарул кочIой.**
**Сардил макьабазул маржанал гьарун,**
**Гьел кьуна цIвабзазул дангъургин цадахъ.**

**Ралъдал карачелал, чуял кинигин,**
**КучIдузул бакъаналъ ахIана дица,**

**Дица гьезий кьуна ракьалда цIаял,**
**Рорхатал нухазда чабхазулъ иццал.**

**Кьуна гIазул тIогьал, тIогьолъ сагаби,**
**Сухъмахъазда занал, сиртазда нохъал,**
**МугIрузул некIсиял хъаравулзаби,**
**Умумуз рорхарал рагъулал сиял.**

**Дир рекIел дуниял…дица гьеб кьуна**
**Кьурабалъ бижараб магIарул кочIой.**
**Кьуна мугIрул гIурул гьогьенги гучги,**
**Гьабихъе чвахулеб лъел сахаватлъи.**

**Кьуна радал гIужалъ росулъ тIулбухъан,**
**Беролеб кIкIуялъул беричлъигун кьер.**
**НакIкIазул куркьбузда багIарбакъул нур,**
**Пириялъул хехлъи, цIумазул чIухIи.**

Шахтаманов ракIалде щведал, дихъеги рачIана гьадинал рагIаби:

## ШАХТАМАНОВАСЕ

**Каранда кIалъана кIудияб бухIи,**
**АхIана лахIзаталъ дун Москваялде.**
**Киевалъул вокзал… Гьенив эхетун,**
**Шахтаманов вуго хасалил бакьулъ.**

**Дун аскIове щвана, дица абуна,**
**Анин, ГIумар-ХIажи, талихIал къоял.**
**Къого сон барав дун мунгун вукIанин,**
**КIикъого балелде мун къаникь лъунин.**

**Тахшагьар сасана, юношайилан,**
**Шахтаманов дида кIалъалеб мехалъ:**
**– КIикъого баниги, къого баниги,**
**ШагIирасул гIумру гIадада инчIин.**

**РекIелъ иман бугев рикIкIад гьавуге,**
**РекIелъ ислам бугев инсан кIочонге…**
**– Щайха, Шахтаманов, шагIирлъиялъул,**
**Шайихлъи лъугIараб, араб билараб?**

**Билилароан, дир гIагарав гьудул,**
**ГIаракъиялъ гIумру мехтичIебани.**
**ЧIалде унеб чодул чангитги чучун,**
**Чараб шишаялде руссинчIелани.**

**– Кинан букIаниги, букIуна захIмат,**
**АхIула лахIзаталъ дун Москваялде.**
**– Москва - росу гуро, росулъе вусса,**
**Расулил рагIаби гIадахъ росун чIа.**

…Киевалъул вокзал. Хасел. Тахшагьар,
Шахтаманов вуго хасалил бакьулъ.
Переделкинолде унеб нухда дун,
Бадиб магIу хулун, вуго эхетун.

Шахтаманов ана, аниб кечIги тун,
Дун араб мехалда хутIиладай гьеб?
ГIенеккун чIун буго дир авар шигIру,
Авараглъиялъул бакъанги рагIун.



Д. Асадулаев, Ш. ГIабдурахIманов, Р.ХIамзатов, П.-ХI. Шахтаманов

**ГIумар-ХIажи ШАХТАМАНОВ**

## ГIАРЦУЛ ЛЪАРАЛ

*Гь.-М.ШугIайбовасе*

I.

КIикъоялда анцIго… ГIемерищ, дагьищ? –
ГIасрудал бакьулъе бахана дир ригь,
ГIемер батаниги, дагь батаниги, –
Буго гьеб хIакъикъат, хIучч тIасан цIаге.

Жеги чучичIо черх, хIеличIо дир ракI,
ХIал ккунин лъачIо рекIкI. РекIелъ буго бакъ.
Буго кор боркьараб рокьуй каранлъ бакI,
Бидулъ – цIагIел, мачIу ва биччичIеб сакI.

Ва амма абуге, дуда дандчIвайгун,
ЧIамчIалъ нур пирхулеб чанил тIанчIида:
Дун, дуда кковухъе, херлъунги гьечIин,
ГьечIин бахIаргоги, дида кковухъе.
КIикъоялда анцIго… ГIумар-ХIажияв,
ГIасрудал бакьулъе бахана дур ригь.
Гьабуге дуца ххвел… ХIакъаб жойин хвел,
Жойид гьеб гьабичIев – гьеле жагьилчи.
АхIе дуца гьалбал…
– АхIила гьелни,
Амма кире? Кинаб инсул росулъе?..
Росу гочаралъуй гочарилаго,
Чан бакIалъ хутIичIел хабзал дир рокьул!
Мокъсодерил кIкIалахъ рикIкIадаб Къарахъ
Къанабакь хутIана дир анкьумумул.
Цинги Чачаналда – кьолбол хараби,
Хадуб авлахъалда – эбелгун эмен.
Кинал хабалахъе тIоцеве инев?
Ургъел кида, кинаб зонокь бикьилеб?
Кинал хабалазда аскIосеб росу
Инсул гъанситолъун дица рикIкIинеб?
ЦохIо дир гIелалъул лъимал гIелалде,
ЛъабцIул хисана цIар хирияб росдал.
Росу аралъуве унев вугилан,
Дунго ккун ватана гьеб тун рикIкIаде.
Дирни адрес лъала Дагъистаналда,
Адрес лъаларелги руго кьерилал…
Кьурабалъа арал цIумазул тIанчIи,
ЦIоб лъейги нужеда кире кканиги.
Нилъер росдал гIорхъи гIатIилъун буго,
ГIисинлъуге нилъго мехалда цере.
КIочонге, кинидахъ ахх бачунаго,
АхIанщинал кучIдул гIарцул лъаразе.

Гьалбал ахIизеги, ахIи базеги,
Аралъуса васал тIадруссинеги,
Киб бугеб гIатIидаб гьаб дунялалда
Дир росу – умумуз сокIкIараб рукIун?
БукIана ЧIарада. ЧIваднал хутIана.
ЧIаго буго гIицIго гIищкъу дир рекIелъ.
– Киса мун вачIунев?
– ЧIарадаса, вац!
– Киве гIедегIарав?
– ЧIараде, дир вац!
БукIана дир росу. ЧIваднал хутIана.
ЧIаго руго гIицIго ракIалдещвеял.

**Гьез дун хиялазул хехал чуязда**
**Вачуна гIумрудул гьулакалъуве.**

**АнцIго сон барав вас ана Мокъсоса,**
**Амма кIикъоябго хадусеб соналъ**
**Бихьараб макьуцин, гьедулев вуго,**
**Гьелда хурхен гьечIеб гьечIо ракIалда.**
**ГIумрудул кIиго ригь, кIигъежги гъоркь бан,**
**Гъулдулъан, щобалъан баччана ракIалъ.**
**Гьанже – лъабабилеб ригьалъул рагьдухъ**
**РакIалъ дун эхеде ахIулев вуго.**
**Хиял-анищазул шавкъалъ чIваднаlъан,**
**ЧIахIица гьанкъулел гамчIил гъуналъан,**
**Гъаримаб дир росу бахъинабула,**
**БиххичIеб, чIунтичIеб, чIагояб гIадин.**

**Бакъукье анцIабго гордуги гвангъун,**
**ГамачI бекIкIун бараб бихьула мина…**
**Магъилъ руччабаца тун гьечIоан чIар,**
**ЧIухIарал мугIрузул бугеб цо гугьар.**
**Росдал кIалтIе щвейгун, щибаб нухалда**
**Хурхуна гарбида дирго лъимерлъи,**
**ГIагарал кьерилал рачIуна данде…**
**Цинги гьелда хадур хIатIида гIицIал**
 **КьуртIа – чанил буртIал, чабхазулъ – иццал.**
**Ссундузда – гIинтIи-тIегь, гIурдада – лъарал!**
**Кьерилал, гьелин дол дир гIарцул лъарал,**
**Нилъер лъимерлъидул меседил гарал.**

**Гуль-гуль-гуль – гIарцул лъар чвахулеб буго,**
**Чуль-чуль-чуль – гIанчIаб лъар гIедегIун буго.**
**Гьелъул тIинда чIинхал – мучIдузда тIугьдул, –**
**Гьеле, дилъ ращадал, нилъер анищал.**
**ГIурда гIодокари – нилъер лъимерлъи,**
**ГIурулъ гIарцул ччугIби – нилъер лъимерлъи.**
**Огь, нилъер лъимерлъи рикIкIад ЧIарада! –**
**ЧIамчIазда – бигун рахь, рохьоб когIоро.**
**Инсул тIингъилъ маргьу – нилъер гIарцул лъар,**
**Кьиндал гордухъ гьури – нилъер Андерсен.**
**Их чIолеб мехалда гохIазда цIаял,**
**Канлъухъе рагIадал – нилъер гIарцул гIор.**
**Ссундузда махъулухъ – нилъер лъимерлъи.**
**Гъулдулъ мокъокъазул бусаби – гьебго**
**Жакъа – цIад балеб къо, гIи бечIчIуларо,**
**ГIодоб къулараб щиб – нилъер лъимерлъи.**

**ХIамуздаги рекIун, хIанихъ унелъул**
**Нилъер мутIигIлъидалъ букIараб чIухIи!**
**Гъабил рахъ цIураб лъим, лъелъ ххенолеб гIуж.**
**Эбелги урбаги – нилъер лъимерлъи.**
**Лъимал гъола нахъе, лъимерлъи гуро, –**
**Боркьараб корол кеп – картошкагин нилъ.**
**БачIин ганчIахараб, буссин гвангъараб**
**ГанчIил росдал хIатIикь – кьуркьудулеб лъар,**
**Росдаца лъаралде гIор абулаан,**
**ГIада-гIадамазги къадру гъабизе.**
**Лъарги къан гъарурал тIуцал хIорахъе**
**КIанцIулеб лебаллъи – нилъер гIарцул лъар.**
**Гъанже ралъадазда лъедолелъулги**
**Нилъеда гъел хIорал рукIуна рекIелъ…**

**Гъадабго роцIингун, гъадабго цIаргун,**
**Гъадабго гIанчIлъигун бекерулеб гьелъ**
**Гъанже, бакъ тIадчIвайгун, ахIулеб буго**
**Араб хIанчIазул тIел – нилъер лъимерлъи.**
**Амма росу гьечIо, гьелтIе къуларав,**
**Къварилъарав дида ракIалде ккана:**
**Рехъен ун хутIараб кьегIер кинигин,**
**Бортанхъун, гIодулеб бугин гIарцул лъар.**

**Бихҳараб гъаб росдал бохдукь угьдулеб**
**Гьелде гъанже гIоран лъица абилеб?**
**ГьечIо гьеб беэдун балагьулеб бер,**
**Гьеб хIалтIизабулеб хIайранаб дир гIел.**
**Кьо гуро,**
**сак гуро…**
**некIого гIадин,**
**ГIазуги биуна, цIадалги рала.**
**Амма цо гIажизлъун, гIисинлъун буго**
**ГIадан-чи гьечIелъуб нилъер гIарцул лъар.**
**ГIадан-чи гьечIелъур… кьураби руго,**
**Кьер сун, умумузул хабазде къулун.**

**Гъанже росу –**
**чIваднал**
**чIахIалъ гъанкъулел,**
**ЧIвадназукь – лъимерлъи –**
**Нилъер гIарцул лъар.**
**ЦохIо мина буго росуаххада**
**ХутIун, гIажизлъарав херав чи гIадин.**
**Огь, гвангъарал ихал! – Нилъер школа,**
**Нилъ – гIарцул лъаразе гIакълудал хIавуз.**

Огь, гвангъарал ихал! Хирияб мактаб,
Мокърокь хъанхъра буго хъарщазда гьанже.
Бакълъуде руссарал дур гордабазда
Гугьар хутIун гьечIо, гьечIо рама-цIер.
Радал рорчIилалде бачIана балагь:
Риххана кьураби гIарцул лъараздe,
ТIуркIана лъимерлъи улбузул бадиб,
Букварь тун батIиял тIахьал лъалелде.

Рагъ! МугIрул тIогьазда иццал рацундай,
Циндаго сасана нилъер гIарцул лъар.
ГIасилъи тIахьазда малъичIеб гьелда
ГьечIо жеги бичIчIун лъугьараб, ккараб.
Рагъ! Нилъ, гIодой къулун, гIенеккун руго,
БугебгIаги киб рагъ?.. РагIулеб гьечIо,
ГIицIго гъугъай буго кидаго гIадаб, -
МугIрузда тIад зодихъ михир бачунеб.
Дингуралъ цIураб мегъ, цIубалеб гьоло,
Гьелде чабхъад ине анищазда нилъ.
Кинаб рагъ букIунеб… Ралагье, лъимал…
Ралагьана… Улбул - хIинкъун, рахIатхун.
Мархьудаги хIалтIи, магъилъги хIалтIи…
ХIалтIул бицунебцин гьечIо руччабаз.
Риидалил сардал росдал бихьиназ
Рогьуна ганчIазда годекIабазда.

Рагъ!
Нилъ – цулбукь, тIохтIа, –
ганчIазукь тIугьдул…
ГодекIаниб –
ццидалъ бихьиназул гьа:
«Жакъа чучарасул
Чилъи бухIайги,
Чучун вагъарасул
Лъадул цIар ккаги!»
Цинги гIолохъабаз чуял кьолона,
Кьураби, - умумул гIадин, сихIкъотIун.
Кьер тIурал, сасарал улбухъ балагьун,
Гьалгъан,
тамашалъун –
нилъер лъимерлъи.

Огь, нилъер лъимерлъи – нилъер гIарцул лъар –
Рагъде регIулезул чуязул жалакь.
Щив гьезул вуссунев? Щив вуссунарев?

Нилъее гьеб жеги балъголъи буго,
Нилъ чIухIун рукIана чIахIияздаса,
Гьезул къуват бихьун,
Гьел къоязда гIадин, цоцада гъеж цун,
Цадахъ росуцоял рихьун рукIинчIо.

НекIо цо-цо гьоркьоб шайтIан бегараз,
Бан цоцазда къвалгун, къо-лъикI гьабуна.
Гьоркьоб би бакъвачIел тушбабацацин,
Вацаз кинигинан, кверал рачана.

Нилъеда бихьана гьеб кинабгIаги…
…Гьанже дагь дандчIвала
рагъда чIваразул
ЧIагоял умумул...
Амма дандчIвани,
ЧIаголъула рекIелъ
руссинчIел васал…
Ана гIолохъаби,
хъван гIарзаги кьун.
Кьалдаса руссине
букIанадай хьул?..
Цинги ирга щвана
чIахIияздеги,
ЧIунтана дир росу,
рии иналде.
РахIатхун ралагьун
ругоан мугIрул
Нухазухъ, хурзабахъ.
РахIатхун гIенеккун
бугоан росу
Украинаялъухъ,
хадуб, Москва, духъ!
Гьанже, цере гIадин,
нилъ кIанцIоларо,
ЧIахIиял гьечIелъур
чIезе хIинкъула.
ХIатта улбулниги
аскIор рукIана,
Амма цо бесдаллъи
рекIелъ рещтIана.
Нухда унелъул нилъ
нахъ ралагьула,
Нахъасан рахъунел
риларал гIадин,

**ГIайибакье ккечIел,**
**нухцадахъаца**
**Цо нух бакьулъ рехун**
**нилъ тарал гIадин.**

**Гьанже расандаби –**
**релъи гьечIеб кеп,**
**Гьанже лъелълъ рукъарди –**
**бакъвараб гизма.**
**Рагъул тIоцебесеб**
**халатаб рии,**
**Дур бакъухъе къунеб**
**гIарцул лъарал кечI!..**
**Цо бакъанил гIужалъ**
**хабар рагIана**
**Харабазул тIингъакь**
**лъимал тIепараб:**
**ТIоцебе росулъе**
**кагъат бачIана**
**ЧIегIер бараб…**
**росдай**
**камуна цо вас.**

**Цинги гIемерлъана**
**гIасиял кагътал,**
**Камурахъ гIодана**
**ганчIил минаби,**
**Гьел магIирукъзабахъ**
**сасана, свана**
**Сирталъ басандулеб**
**нилъер гIарцул лъар.**

**Лъимерлъидул гIасру**
**гьоркьобги биччан,**
**Нилъ мехалъ рехана**
**харабазулъе,**
**Гьезул пикрабалъе,**
**ургъалабалъе,**
**Агъаз-тIалабалъе**
**ва сабруялъе.**
**НекIо, ракълил мехалъ,**
**магъил тушбаби, -**
**Мегъал цIунун тана**
**нилъ харабаца.**

**Бице,**
**лъица гьанже**
**гьеб божилъутІа**
**ТІокІалъ рекІкІ гьабилеб**
**гьалил хуруе?**
**ЧІахІияз,**
**чІамучІаб**
**насихІат гьабун,**
**Гьадин хьваде нужан**
**чІалгІинабичІо.**
**ЧІанда щай?..**
**Лъалаан**
**хІалуцун букІин,**
**ХІалтІана лъимерлъи –**
**Нилъер гІарцул лъар.**
**ДугІнузул лълъурдузде квер гІунтІарабго,**
**ГІиял рехъабазда нахъа ратана.**
**Оцазул мугъазде черхалъ рахинчІел**
**Дагьищ нилъ мерхьарал малакь гьез хурир!**

**Хараби – хартІе ун,**
**улбул – рецутІа.**
**РитІучІазул тІанчІи,**
**ЧІаго ругищ нуж?**
**– Руго, – ян кьурабаз**
**кьуна цоцахъе**
**Макьилъцин балугълъи**
**ЛъачІезул жаваб.**
**Хараби – хартІе ун,**
**улбул – рецутІа,**
**БацІ гъанкъулел гІадин,**
**гулал къалел нилъ.**
**Нилъ гІадаб моцІ буго**
**зоб бакьулъ хурхун,**
**Хуриб кьижараб щиб? –**
**Нилъер гІарцул лъар.**

**Огь, нилъер гІарцул лъар –**
**нилъер лъимерлъи,**
**Лъан бахьиналдего,**
**бахъана рагъалъ,**
**Гьелъ хъубаб, гІасияб хІетІеги тІад чІун,**
**ХІабургъинабуна гьелъул бацІцІалъи…**
**МугІруздаги нахъа эхетун мугІрул,**
**Улбул, гьезда гІинчІван, гІенеккун руго.**

**РикIкIад чIвалел васал,**
**чIахIикь угьдулел**
**Умумузул хабзахъ…**
**– РитIучIазул тIанчIи,**
**чIаго ругищ нуж?**
**– Руго, – ян чвахула**
**чабхалъе цIадал.**
**– Руго, – ян гирула**
**ганчIалъан лъарал,**
**– Руго, – ян гьещтIола**
**тIогьазда цIумал,**
**– Руго, – ян ахIула**
**хIанчIаз пашманго.**
**– Руго, – ян гвангъула**
**цIад роцIингун нур,**
**– Руго, – ян угьдула**
**нилъер гIарцул лъар.**

**Руго нилъ – рагъдаса рикIкIадаб кIкIалахъ,**
**КIотарал, циндаго кIудиял гIурал.**
**КIудиял гIеларо нилъер кьерилал, –**
**Белоруссиялда чIаго рухIарал.**

**II**

**Дун, рокъов къвачIакIутI, –**
**ункъабилев вас,**
**Эбелалъул хIасрат,**
**яцалъул бурутI.**
**Лъабавго кIудияс**
**ригьин гьабигун,**
**Гьел гъастIа хисулев**
**инсул нахърател.**

**Рагъ байбихьилалде –**
**кIиго кIудияв,**
**Рагъ байбихьарабго –**
**лъабабилевги**
**Ана Армиялде**
**дир тIулил вацал,**
**Инсул хьибил кквезе,**
**дир анцIго сон тун.**

**Огь, дир анцIабго сон,**
**огь, дир гIарцул лъар,**

**Лъица бетIер чIчIинтIун**
**бидахараб мун?**
**Кинал жанаварал**
**жанире лъугьун,**
**Лъимадул хIалимлъи**
**хIабургъараб дур?..**
**Ана рагъалъ ахIун**
**дир лъабавго вац,**
**Вуссана цохIояв**
**кIиго гIансида,**
**Кирали рикIкIада**
**хабзал гурони,**
**Хирияв кIиго вац**
**гьечIо чIагоялъ…**
**ГIиялги, боцIиги,**
**рекьи, рециги –**
**Росдал ургъел –**
**инсул гъуждузде бегун.**
**Гъутабаздаги гьев,**
**магIардаги гьев,**
**МагIирокъов бесдал**
**лъималалъги гьев.**

**Херай магIарулай,**
**дир инсул цо яц,**
**Дур васал рагъдаса**
**руссине гьечIо:**
**Бресталъул къадакь**
**къанщана цояв,**
**Днепрадул кьодухъ**
**кьуна цояс рухI.**
**Гьеб лъала инсуда,**
**гьеб лъала дида,**
**Лъала гьеб мугIалим**
**МахIачевасда…**
**Инсуца абуна**
**гьеб къварилъиялъ**
**Къаникье ячине**
**яц бегьиларин,**
**Инсуца абуна:**
**«Дуца мех-мехалъ**
**Дур вацазул кагътал**
**цIале кIодое».**
**Цинги гьес кIиябго**
**хвалилаб ругьел**

**Рагьун Къуръаналда**
**гьоркьор рахчана.**
**Хирияй ункъачо,**
**дица щибилеб?**
**Дун вукIинчIо бетIер**
**доб мунагьалъул…**
**Маргьаби кинигин,**
**дур васаз хъвачIел**
**ХъачIаб рагъул кагътал**
**цIалана дуе.**
**Гьерсилаб рохалихъ,**
**хирияй гIадан,**
**Дуца дие гурга**
**кьолеб букIана…**
**Амма кинан унеб**
**эхебе гьеб квен, -**
**Агьан гIодулаан**
**гIурухъеги ун.**
**Херай магIарулай,**
**дун хисун гуро,**
**Халатккун дур хьулал**
**Дица гуккичIел:**
**ГьечIо тIокIалъ кагътал**
**дуе цIализе,**
**ГьечIо тIокIалъ хъвалел**
**дир вацазги гьел…**
**Дунял багъаридал,**
**цо мина гIадин,**
**ГIагараб дир росу**
**чIимигIлъараб куц!..**
**Цинги гьеб минадул**
**къадалъа ганчIал**
**Рагъ халалъанагIан**
**гIемер рортана…**
**…КIикъого сон ана,**
**къуншби хъахIав дун**
**Инсул Къуръан рагьун вуго валагьун:**
**Гьениб – ункъо кагъат**
**ункъо гIумрудул:**
**КIиго вацгIаласул,**
**кIиго вацасул.**

**КIикъого сон ана.**
**Эменги мунги**

**Цоцаздаса рикIкIад руго,**
**ункъачо:**
**Инсул хоб – лъарагIлъалъ,**
**Дур хоб –**
**магIарухъ…**
**Хобал кирдай ругел**
**нужер васазул?..**
**Кремлиялъул ахикь**
**даим сунареб**
**Нужер лъималазул**
**ракIазул цIелъа,**
**Дангъур цIун хирияб**
**хинлъиги босун,**
**Вуссана гьанже дун**
**нужер занакье…**

**ТIерхьунеб бакъул гор**
**лълъурдуздаги ххун,**
**Зодикь эхетун бис,**
**ахалъуда дун.**
**Кьурулъан кIанцIулеб**
**тобтил тIирабалъ**
**Милъирщабазул гвай,**
**гогьаб расанди.**
**Цин оцал, цин илхъи,**
**цинги чахъаби, –**
**Чи хIажаталъуве**
**вортанхъилев дун.**
**«Вортаялъ» босноса**
**вахъинавула,**
**«Вортаялъ» нухдаса**
**вуссинавула.**

**Хирияб школа!**
**Кида лъугIулеб**
**Каву дур рахараб**
**халатаб рии?**
**Кида дур классаз**
**къабул гьабулеб**
**Гьалгъан,**
**бихха-хочун**
**бугеб гIарцул лъар?**
**Нусго чахъда хадуб**
**дир анцIабго сон,**

**АнцI-анцI чахъу хьихьун –**
**вехьлъун цо-цо сон,**
**Рехъаца вачунищ,**
**рехъен бачунищ, –**
**Ватула къавутIе**
**маркIачIуда щун.**
**Щварабго,**
**къаданиб цо гамачIги лъун,**
**ГохIикье щапула щущарал лугби.**
**Гуль-гуль-гуль, – ахада дие ахх бачун,**
**Эхебе чвахула чабхазул лъимер.**
**Дир тIелхал**
**тIугьдузул**
**тIанхаз рахчула,**
**РухIги,**
**мехги,**
**свакги**
**Сасун кьижула.**
**Макьилъ –**
**гьадабго бис гьадабго кьуртIа,**
**Кьурарал лълъурдузда бакъул тажги лъун.**

**ГанчIазде чвахулеб**
**хехаб цIадищ гьеб?**
**Чабхазул лъаразул**
**релъанхъийищ гьеб?**
**Ялъуни рикIкIада**
**рогьалил гIужалъ**
**ГIарцул цIумуралда**
**месед кIутIийищ?**

**Огь, чодул хIихIиди**
**цо гохIда нахъа,**
**Циндаго гьеб рагIун**
**ракI тирхулеб куц!**
**Цин чу бихьуларо,**
**цинги тохлъукье,**
**Тахиде хан гIадин,**
**бахуна гохIтIе.**

**ГIенеккула сверухъ…**
**цойги хIихIиди, -**
**ХIайранаб цо ахIи**
**цойги гохIикьан…**

**Цинги гьаргьадула**
**магIарда гIуру**
**ГIулби хъамун унеб**
**бартидул малакь.**
**Хасаб асар буго**
**чуяздехун дир, –**
**Гьезул жалакь гIуна**
**нилъер лебаллъи…**
**Гьанже чу бихьигун,**
**РакIалде щола**
**Рагъул тIоцебесеб**
**ТIутIураб рии.**

**…РекIине, квегъизе**
**васалги камун,**
**МугIрузде ахIун тун**
**рукIана чуял.**
**Цинги августалда,**
**кодоб пурмангун,**
**Пашманаб росулъе**
**вачIана чапар…**

**Чуял Армиялде**
**ахIулел руго…**
**Росу цин лъалхъана,**
**нахъа бичIчIана.**
**Улбуца абуна:**
**ине тейилан,**
**ЧотIахъаби гьечIел**
**чуял щайдила.**
**Дирги букIана чу,**
**цIадул кьер бугеб,**
**Кьолокь басандулеб,**
**дир мацI бичIчIулеб,**
**ХIихIиди гIарцулаб**
**гIамал цIудулаб,**
**ГIодоб хIетI хъвалареб,**
**пинхъи пахруяб.**
**Илхъи бакIарана**
**росулъ гьоцIибе,**
**ЦIал борхе –**
**бокьараб квачIид бахъуна.**
**Цабзахъ ралагьана,**
**лугбал рорцана,**

**РохокъотIиялда**
**дангъваги кьабун,**
**Кьалул майданалде**
**«Годен» хъван ана.**

**ВацгIалзаби ана,**
**вацалги ана,**
**Амма къварилъичIо**
**гьеб къоялъ гIадин.**
**ЩанкIлалъа тIеренаб,**
**бетIер узданаб**
**Бекерухъан ана,**
**илхъиги гъоркь тун.**
**ГIулби хIихIидана**
**хадур ралагьун,**
**Хурхун вукIана дун**
**чодул гарбида.**
**Цинги, аскIой вачIун,**
**эмен кIалъана**
**Вацал аралъубе**
**ине те чуян.**

**Гьедин ана дир чу**
**чуязда цадахъ,**
**Чалухаб хIихIиди**
**кIкIалабахъги тун.**
**Гьеб хIихIиди дие**
**гIемерал соназ**
**ГIагарал кьурабаз**
**гьабуна такрар.**
**Амма дие гьанже**
**мугIрул чIунтана,**
**ЧIухIараб бартидул**
**хабар къотIана,**
**Гьелъул гьунаралъухъ**
**орден кьунилан**
**Указал рагIичIо,**
**ругьел бачIинчIо.**
**Бугониги,**
**гохIикь кьижарав дида**
**Макьилъ бихьулаан**
**божараб гьудул,**
**Цин, жибго цIа гIадин, цIадулъан унеб,**
**Цин, цо гIазда бегун, бида чвахулеб.**
**Бихьулаан макьилъ хвалчадул рагъда**

Пенхъолеб, хъапелеб, квачIид бахъунеб.
Яги, рагъ сасингун, цо гохIда накIкIулъ
РикIкIадал мугIрузухъ урхъун угьдилеб.

Огь, дида кколаан
дир чу – чи вугин
Ва кагъат бачIинин,
хабар рагIилин.
Я хабар рагIичIо,
я кагъат щвечIо,
Кибдай мун щапараб,
дир щанкIлал тIадагь?..
Огь, чуял, огь, чуял,
чилъидал нухда
Нужер тIикъвабазул
тIадегIанаб кечI!
Чол жалалъе къулун,
гьелъул кьолониб
КьуричIого буго,
Дагъистан, дур яхI.

Цере лучнул ана,
цинги, – чуялги,
Буго чиякълъуда
росу бакълъуда.
Амма цо букIинчIеб
чIаголъи – цIаялъ
ЦIабуцIинабураб
буго хIалтIуда.

Васал рагъда руго,
росу абуни,
Васазул ригьнаде
къачIалеб гIадин,
ЦIалкIал тIерхьиналде
тIаде бахъуна,
ЦIваби кунчIун хадуб
гъастIе буссуна.
Цудунго рукьалда рарал бусбилъун
РукIана чIахIиялъ нилъ – росдал лъимал:
Цин гьезда гъежги цун, цин гьезул малакь.
Хирияб школа!
Кида рагьулеб
Рагъалъ, кирталги ран,
рахараб каву?

**Кида мугIалимас**
**дида абилеб:**
**Доскаялде вахъа,**
**Шахтамановин?..**

**…Абуна. Вахъана…**
**Цо духъ балагьун**
**Буго лъабкъого бер,**
**би, ццин бихьичIеб.**
**Вахъана мун цеве…**
**цо духъ гIенеккун**
**Буго лъабкъого гIин,**
**гIасилъи хъвачIеб.**
**ГIенеккун буго духъ**
**росдал гIарцул лъар,**
**ГIалхул жанавараз**
**роцIин бахъараб,**
**Валагьун вуго духъ**
**херав мугIалим,**
**Хазинаян тарав**
**вас рагъда чIварав.**
**Вахъана. Ургъана,**
**Шахтаманов, мун,**
**Мокърокьги гIодобги**
**бераз чIухь тIамун,**
**Цинги хъахIаб къеда**
**бер кIутIарабго**
**ТIуркIарав шибизе?**
**Щай берал магIилъ?**
**Лъимал тамашалъун**
**цадахъ руссана**
**Дур берал хурхараб**
**хъахIаб къедалде…**
**Къеда – кIиго сурат, дир**
**кIиго мугIалим,**
**КIиго гIолохъанчи,**
**херлъизе гьечIев.**
**Гьезул цояв Муса –**
**Хьаргабиса вас**
**Ва нижер мугIалим**
**гIурус мацIалъул.**
**Цогияв –**
**лейтенант МахIачев Наби,**
**Математик – росулъ,**
**рагъда – зенитчик…**

**ХъахIаб къеда**
**кIиго чIегIераб рама –**
**ЧIагоязулъ гьечIев**
**кIиго мугIалим.**
**Суратахъ балагьун**
**буго магIил цIун**
**МагIарул лъабкъого**
**лъимадулаб бер.**
**Цудунаб гIаздаца**
**тIогьалги рахчун,**
**РосабазтIе къулун**
**къадруяб сверел.**
**Сентябрь, дур бакъукь**
**гордабазда гъоркь**
**ГанчIалъ зигардилеб**
**буго гIарцул лъар.**



## ХIАЛХЬИ ЛЪАЛАРЕБ ГIУМРУГИ МАГIНА БЕРЦИНАБ ШИГIРУГИ

МахсутI ЗайнулгIабидов ккола магIарулазул гьанжесел хьвадарухъабаздаги шагIирзабаздаги гьоркьов бищунго хIаракатаздасан ва таваккалаздасан цоявлъун. Гьес хьвана поэмаби, кучIдул, къисаби, макъалаби, басмаялда бахъана кIикъоялда анцIгоялде гIагарун тIехь.

МахсутIида абизе бегьула рагъда хадусеб гIелалъул вакилилан, рагъде арав ва гьениса тIадвуссинчIев инсул гьумер гьесда лъалеб гьечIо. Васас хIехьезе ккана рагъул соназул къварилъаби гурелги, рагъдаса хадусел соназул захIмалъабиги. Гьединал дагъал рукIинчIо МухсутIил гIелбащазда ва хадусел соназ гьарурал лъималазда гьоркьор, амма гьелъ кинабгIаги бигьалъи лъугьинабулеб букIинчIо МахсутIил рекIее.



**МахсутIги Майсаратги васгун ва васасул ясгун**

Йокьарай ясалдехун гьабулеб калам хIисабалда хьвараб «Нилъ гьарураб сон» абураб кочIолъ гIолохъанав поэтас (кечI хьван буго I960 соналда) бицунеб буго, жиндиего йокьаралъул гьайбатлъиялъул яги жиндирго рекIел асаразул гуреб, – авторас гьудулалъул кIвар буссинабулеб буго гьелъулгун жиндирго рухIияб цолъиялде, жидецаго ва жидерго эбел-инсуца хIехьезе ккараб гIакъуба-къварилъиялде, рагъул заманалъул вахIщияб хIакъикъаталде. ЦIияв инсан дунялалде вачIиналъцин ракI бохизабулеб гьечIо эбел-инсул, кочIол бакъан гуреб, хвел босун бачIунеб яргъил сасги улбузул пашманаб хIухьелги рагIулеб буго кинида рущаразда:

**Нилъ гьаруна, амма нилъер кинидахъ**
**Рохалил кечI гуро ахIараб улбуз!**
**Нилъеда рагIана гIарададул сас,**
**Нилъеда рагIана чуязул тIваркъи.**
**Нилъеда рагIана сардил гIужалда**
**Къваридго угьулеб улбузул хIухьел.**

ГIолиласда цебе тIамулеб буго бухIулеб немцазул танкги, вас чIванилан кагъат щведал хварай «магIарул эбелги», гьесул пикраби нахъеги тIадруссунел руго жиндаго бихьаралде ва хIехьезе ккаралде:

**Дир вуссинчIо эмен, доб соналъ арав,**
**Дида гьев лъаларо, лъаларо гьесул**
**Мегеж кIкIвараб кIаркьен дир гьал кIутIбузда,**

– илан хъвалеб буго хадубги поэтас гьебго кочIолъ.

Хадусел гIелазул гIадамазда ракIалде ккезе бегьула, щибин гьабилеб, гьединги кколин, къисматалдаса бергьине кIоларилан. Гьединго ракIалде ккезе бегьула, кинаб батIалъи бугеб инсул кIаркьен «мегеж кIкIвараб» букIун батаниги, «мегеж кIкIвачIеб» букIун батанигиян, хасго дуда гьеб лъалебги батичIони? Амма МахсутIил героясе гьелъул батIалъи буго, гьесие кинго къабуллъулеб гьечIо инсул хIакъалъулъ калам гьедин къокъго лъугIулеб букIин, хIаракат бахъулеб буго, жинцаго цере чIезарунги, жеги ургъун рахъунгицин, кинал ругониги баянал рехсезе. МагIарулазул машгьурав профессор Шигьабудин МикагIиловас хъвалеб буго: «ЦIадул хIенхIица гIадин ссудизабулеб буго МахсутIил ракI, ВатIаналъе гIоло кьалул майданалда жиндир бица ракь белъарав инсул хIакъалъул хиялаз» абун.

БичIчIулеб жо, эмен ками васасе лъугьана сахлъулареб унтилъун, бухIи чучулареб ругъунлъун. Цоги рахъалдасан, инсул хIакъалъулъ бачIараб хабарги буго кинабали чIванкъотIи гьечIеб. «Эмен» абулеб кочIолъ гьадин бицунеб буго шагIирас гьелъул хIакъалъулъ:



**МахсутIги эбел БатIинаги вац ГIумалатги**

**Амма гьев вачIинчIо, гьев тIагIанилан,**
**Ккараб бакI лъаларин хабар бачIана.**
**Гьеб букIана гьесул ахираб «кагъат».**
**Хьулалги лъугIичIеб, ракIчIейги гьечIеб.**

Рагъда тIагIаралги, лъукъа-къотIун тIадруссаралги МахсутIие руго жиндирго чагIи, инсул хIакъалъулъ баяналги гьесухъе щун руго гьединаздасан. Жиндирго инсул гIелцояв НатIипов ТIагьиридехун гьабулеб калам хIисабалда хъвараб «НатIипов ТIагьир» абулеб кочIолъ нилъеда ратула гьадинал мухъал:

**Дида гьал киналниги**
**ЖужахI бихьарал чагIи**
**Дирго инсуда релълъун**
**Рихьула гIажаибго.**

Балагьараб мехалда, авторас хIаракат бахъулеб буго гьединаздасан инсул хIакъалъулъ баянал ралагьизе. Амма хIасил кколеб гьечIо, биценал руго батIи-батIиял, гьезулъ дагьаб гьечIо цоцазда данде кколареб жо:

**Новороссийскиялъул**
**ГIазул цIурал рохьазда**
**Дир инсуца ахираб**
**ЛъалкI танилан бицана.**

**Бицана цояс рохьов**
**Вукъанин жинцайилан,**
**Цогидас – анин вачун**
**Азарханаялдейин.**

ШагIирасейин абуни эмен кидаго чIаго вуго, гьесие гьев сверулев вуго рагъул камиялги захIмалъабиги къезарурав, гуллидацин къуркьизавизе кIвечIев багьадурасул сипаталде:

**Вуго гьев, ТIагьир, дие**
**Мун гIадин чIаго бадив,**
**РекIелъ, ччорбалъ, бакI-бакIихъ**
**МукIурлъарал гулбигун.**

**Хвел гьечIо, гьудул, дуйги**
**Мун вижараб росдайги,**
**Инсаният цIунарав**
**Инсан хвезе рес гьечIо.**

**Вуго, мунго кинигин,**
**Асирлъуда кIвекIарав,**
**Бухенвальд, Майданеказ**
**Векун чIечIев, хвел гьечIев.**

**Ракьулъ яги ракьалда**
**Гьелъул батIалъи гьечIо, –**
**РекIелъ чIаго руго нуж,**
**РухIалда барахщичIел.**

Гьединлъидал буго шагIирасул творчествоялъулъ рагъул темаялъ гьединаб кIудияб бакI кколеб. Гьедин, гьеб темаялъе сайгъат гьабун буго жиндирго гIагараб росдал хIакъалъулъ хъвараб «Тунзиб – дир ВатIан» абураб поэмаялъул кIиабилеб бутIа: гьелда бицун буго росулъа рагъде аразул, рагъда тIагIаразул ва тIадруссаразул хIакъалъулъ. Поэмаялде абизе бегьула росуцоязе бараб памятникилан.

МахсутIил асаразе хасиятаб буго темабазулги образазулги рахъалъ бечелъи: мекъи букIинаро, гьесул асараз заман дурусго бихьизабулин абуни. Гьес ракIунтун хъвалеб буго совет хIукумат биххиялъул, гьелъул хIасилалда гIадамазе ккараб къварилъиялъул хIакъалъулъ. ШагIирас хъвалеб буго:

**Ункъабго рахъалдасан**
**Бихъ-бихъун бана улка,**
**Кагътил гIарацги бекьун,**
**Бижизабуна ракъи,**
**БукIараб къисматалъул**
**Къимат кIочене кIвечIеб**
**Халкъ буго чIиргъиялда**
**«ЧIа! ГIела! ГIорхъи тоге!».**

Гьединаб ахIи балеб буго шагIирас гIадлу-низам биххараб, щущараб, яхI-намус тIагIараб улкаялде. Жеги кIвар бугеб жо, гьесул таваккал гIун буго цIияб хIакъикъат бичIчIизе. Гьедин, «Аллагьасде гьари» абураб кочIолъ Аллагьасдехун вуссун гьес абулеб буго:

**Дур цIар кIочон тезецин**
**Кколин пикру кколаан,**
**Кинабго гьаниб тIадго**
**ТIубан бугин толаан.**

ЛъикIаланго асарал хъван руго МахсутIица диниял темабаздаги диниял хIаракатчагIазулги хIакъалъулъ. Гьединаллъун ккола «КIикIуниса Шарабудин», «СагIид апанди устар», «ХасмухIамадхIажи», поэмаби. МахсутIил асаразе хасиятаб буго гIумруялде гIагарлъи. Гьесул асаразулъ бессун буго шагIирасул гIумруялде бугеб рокьи:

**Дие бокьун буго бакъул чIоразул**
**КунчIи меседилаб цIилицI гьабизе.**
**Гьелъ чIегIерал накIкIал нахьеги лъухьун,**
**ХъахIил зоб миккигIан бацIцIад букIине.**

МахсутI ЗайнулгIабидов вуго Аллагьас жиндие гьунар кьурав ва гьеб гьунаралъул пайда гIадамазе сахаватго бикьулев шагIир. Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабдула Даргановас шагIирасе сайгъат гьабураб цо кочIолъ хъвалеб буго МахсутIица «цIа, хIажалъи ккарасе, камизе течIо гъастIа», – ян.

Балагьараб мехалда, поэтас кидаго хал кколеб буго ишалъулъ бажари, таваккал бихьизабурал, къадру къимат бугел гIадамазул ва хIаракат бахъулеб буго гьединал гIадамазул хIакъалъулъ лъикIаб асар хъвазе. Гьедин, тIадехун нилъеца рехсарал гурелги, гьесул асаразул геройлллъун лъугьунел руго имам Шамил, Шамилил наиб Хьаргабиса Идрис, космонавт Муса Манаров, тохтур Ибрагим Ибрагьимов, пачалихъияв хIаракатчи Жамалудин ГIалиев, магIарулазул машгьурав артист ва махсарочи МахIмуд ГIабдухаликъов, жамгIиял ва пачалихъиял хIаракатчагIи, политикал ХIажи МахIачев, Сайгидпаша ГIумаханов, гIемерал соназ Дагъистаналъе нухмалъи гьабурав МухIамадгIали МухIамадов. МахсутIица поэмаби хван руго ХъахIабросулъа МахIмудил, Расул ХIамзатовасул, ГIабасил МахIамадил, гIурусазул кIудияв поэт Пушкинил ва гьесул лъади Натальял хIакъалъулъ, гIуцIцIун


Расулги МахсутӀги

руго хъвадарухъаби МухӀамад Сулимановасул, МухӀамад ГӀабдулхӀалимовасул, поэт ва журналист ХӀажи Заловасул ва гӀемерал цогидазул образал.

ШагӀирасул бищунго машгьурал асазаздасан цояблъун рикӀкӀине ккола «ХӀамзатов ГӀумар (ГӀабдурахӀман)» абураб поэма. Гьеб бахъун буго «ЦӀияб цӀва» абараб бетӀералда гьоркь шагӀирасул 60 сон тӀубаялде биччараб «Асарал. ТӀоцебесеб том» абураб тӀехьалда. Поэмаялда бицен гьабулеб буго Унсоколо жамагӀаталъул цевехъанлъун вукӀарав ХӀамзатов ГӀумарил хӀакъалъулъ. ЦеберагӀиялдаса хадуб поэма байбихьулеб буго «ТӀогьол кваცӀи» абураб бетӀералдасан. Гьелда бицен гьабулеб буго районалъул гьарзаяб тӀабигӀияб бечелъиялъул гуребги – жеги цӀикӀкӀараб бечелъилъун ГӀумарица ва поэтас рикӀкӀунеб буго инсанасул рухӀияб рахъ: районалда буго машгьураб АхӀулгохӀ, гьениса рахъана дунялалда цӀар рагӀарал имам ГъазимухӀамад, имам Шамил, ХъахӀабросулъа МахӀмуд, Балахьуниса Муса, ГьаракӀуниса СагӀид, МахӀач Дахадаев, цогидалги машгьурал церехъаби ва хӀаракачагӀи. ГӀумариеги шагӀирас гӀемерисеб мехалъ къимат кьолеб буго гӀагараб халкъалъул тарихалъул, культураялъул гӀадамазе тарбия кьеялъе бугеб кӀвар гьесда гьваридго бичӀчӀулеб букӀиналде балагьун:

**Ансадерил цевехъан**
**Цеве вахъун кӀалъайдал,**
**КӀудияб магӀнаялъул**
**МагӀдан батанин ккана.**

**ГӀумар, дун вохараб куц**
**Дур рагӀаби рагӀидал,**
**Дур гӀащикъаб каламалъ**
**Кверде восун самидал.**

**Культуриял кӀалгӀабахъ**
**КӀудияб гьаб берцинлъи**
**БукӀун буго гӀицӀго цо**
**ГӀурччинаб гьотӀол кӀвагьарщ.**

**Жеги тӀад тӀегь рагьичӀеб**
**Роза-гӀинтӀидул кӀвагьарщ,**
**ТӀогьол чирахъ бакичӀеб**
**Бахчун тараб берцинлъи.**

**Гьале, дур кӀал рагьигун**
**Рагьана тӀогьол гьумер,**
**Маданияб нуралъул**
**Кьерал чӀана сверухъе.**

**«Унсоколо» абулеб**
**КIудияб гъветIалъулго**
**Къалбалъан босун буго**
**Дуца кIалъазе гьунар.**

**Доба тIасан МахIмудил**
**ХIухьел щун буго духъе,**
**Гъоба гъоркьан Шамилил –**
**Шавкъ буго бачIун дулъе.**

Бихьулеб букIахъе, ГIумар кколев вуго районалъе нухмалъи гьабулев чи гуревги, гъваридаб пикруялъул чи, дагьабги мухIканго абуни, рухIияв цевехъан.

Авторас хIаракат бахъулеб буго ГIумарил гIамал-хасият, ишалдехун бербалагьи, таваккал, бажари буголъи бихьизабизе, къиматги кьолеб буго «Шамилил наиб» абураб роценалда:

**Мун вугин ккана дида**
**Живго имам Шамилил**
**НаибгIан цIодоравги,**
**НаибгIан вацIцIадавги.**

Гьел рагIаби ритIухъ гьарулел руго чIванкъотIарал хIужабаздалъун: ГIумарица жиндиего мина бан буго щибаб ишалъе живго ругьунлъун ва гьежгурун хIалтIун: гьесда лъалила къед базеги, рукъзал рохьизеги, цогидаб гьабизеги. Амма бищунго автор разияб жо буго гьес «диналде кьо лъун букIин». ГIумар вуго как-дин бугев, рузманалде хьвадулев тIоцевесев районалъул бетIер.

Хасаб бетIер кьун буго поэмаялда АхIулгохIалъул къо кIодогьабиялъе. Культураялъул хIаракатчагIаз районалъул тарих рагьиялъе гIуцIцIарал шартIазулги бицун, автор нахъеги вачIунев вуго динияб суалалде. Шамилил роль хIалев артистас цевехъанлъиги гьабун как баялъ кIудияб асар гьабун буго шагIирасе:

**Огь, гьединаб как бачIо**
**Киданиги мугIрузда –**
**Киналниги умумул**
**Арал веказул ахIун!**

ГIумарил хIаракачилъиялъулъ МахсутIида бихьулеб буго Дагъистаналъул метерисеб къо, эркенлъиялде нух.

Авторас ГIумар вихьизавула жамагIатгун цадахъ вахъун хIажаталъуб кьо лъеялъул ишалъулъ гIахьаллъулевги, республикаялъул пачалихъалъул «чIахIиял» кабинетазухъе ун районалъе хIажаталъе гIарац балагьулевги. Амма квеш ккараб жо буго хадурккун рукIарал «чорокал» рищиязул заманалда ГIумар бергьине виччачIолъи ва районалъул нухмалъулевлъун цогидав чи вищи. Амма гьеб хIужжаялъ кигIанги гIодобегIанлъизабуларо поэмаялъул кIвар. «ГIадатиял гIадамазда бихьулареб бихьиялъулъ, цогидал кантIуларелде кантIиялъулъ, хасаб мисалалдасан гIаммаб пикруялде вачIун бажариялъулъ, заманалдаса цеве ине кIвеялъулъ бихьула гьеб поэмаялда жаниб живго шагIир ЗайнулгIабидов МахсутIил кIодолъи», – йилан хъвалеб буго Генуса М.-Н. Ибрагьимовас, поэмаялъе тIадегIанаб къиматги кьолаго.

МахсутI ЗайнулгIабидов вуго гIажаибаб хасияталъул инсан. ГьитIинго физикаялъухъгун-математикаялъухъ рокьи ккарав гьев лъугьана цIализе,

Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул дипломгун вачIана школалде ва лъугьана учительлъун хIалтIизе. ЛъикIаланго соназ лъималазе тарбия-лъай кьеялдаги хIалтIун, гьев кинниги ракIалъ течIого вачIана цин журналистикаялде, цинги – хъвадарухъанасул хIаракаталде. «Дирго творчествоялъул байбихьилъун дица рикIкIуна I960-абилел сонал, кигIанго тIоцересел кучIдул I958 соналъго печаталда рахъун рукIаниги», – илан хъвалеб буго МахсутIица автобиографиялда.

Квербагъари гьабураб щибаб ишалъулъ МахсутIие щвана тIадегIанал хIасилал. Чанго гIелалъул васазе ва ясазе гьес кумек гьабуна гIумруялда жидерго бакI батизе, мустахIикълъана «Россиялъул Федерациялъул халкъияб лъай кьеялъул отличник» абураб цIаралъе.

ГьитIинго байбихьана МахсутIица Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ газетазда, журналазда, тIахьазда рахъарал макъалаби ракIаризе. Гьеб хIалтIул хIасилалда дагьаб цебегIан къватIибе бачIана «Поэт аула и планеты» абураб мажмугIазул микьабилебги саламатаб том. Расулица кIудияб къимат кьолаан МахсутIица гьабулеб гьтеб захIматаб хIалтIуе. МахсутIие сайгъат гьабураб цо тIехьалда Расулица гьабун буго гьадинаб хъвай-хъвагIай:

**Дир хирияв МахсутI,**
**Гьал дир асарал**
**Дуца ракIарарал,**
**Дида кIочарал.**

**Дица гьал цIалигун**
**Пирхараб цIаялъ**
**Дур цIарги дур цIваги**
**Дие кунчIана.**

Расул ХIамзатовас лъикIаб къимат кьуна МахсутIил асаразеги. Расулица хъвана: «Дида лъикI лъала гьесул рекIее асар гьабулел кучIдул, гьес хъван руго зодисан чIегIернакIкIал лъухьулеб бакъул чIоразул цIилицIалъул хIакъалъулъ гIадал кучIдул» абун.

КIудияв Расулица кидаго адаб-хIурмат гьабулаан МахсутIил. КIиявго шагIирасул рукIана лъикIал гьоркьорлъаби. МахсутIие сайгъат гьарун Расулица хъвана гьадиналги мухъал:

**МахсутI ЗайнулгIабидов,**
**Дие гIагарав гьудул,**
**Дур гIамалгин гIаданлъи**
**ГIураб буго халкъалъе.**

**Хехаб телалъ бачIараб**
**ТалихIалда релълъуна**
**Мун данде чIварал къоял,**
**ГIумрудул къайицадахъ.**

МахсутI вуго кутакалда гIадамал рокьулев, гьезул мурадал тIураялъе гIоло цIадавецин кIанцIизе хIадурарав чи. Амма живго МахсутIил гIумру бигьаяб букIинчIо. Цо жиндирго тIехьалъул цеберагIиялда МахсутIица хъвалеб буго гьадин: «ГIемераб бухIи бихьана дида. Гьелъулги кинан хъвачIого телеб. Тунилан чIолебищ эб. БацI гIадин гIавусдилеб хIал щола цо-цо мехалда».

Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадица хъвалеб буго МахсутIил тарбия кьоларел кучIдул рукIунарилан ва гьесул творчествоялъе цIакъго хасияталлъун кколила халалъи гIуралги, гIатIилъи щваралги асарал – унго-унгоял поэмаби абун.

Гьайбатал хIасилал кьуна шагIирасул магIарул кечI-бакъаналдехун, халкъалъул тарихалдехун, рахьдал мацIалдехун гьитIинго бижараб рокьиялъ – цIалдолезухъе щвана поэмаби, кучIдул, къисабигун харбал, макъалаби. Гьел асарал рижарал руго шагIирасул каранда хIалхьи лъалареб ракI кIетIелеб букIиналъ. Гьебго заманалда МахсутI вуго цIодораб бералъул художникги махщел камилав шагIирги. Гьесул щибаб асаралъ рекIее хасаб асар гьабула, нилъ тIамула пикру гьабизе, гIумруялдехунги гIадамаздехунги батIиял бераздалъун балагьизе.


МахсутIги васалги

Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас МахсутIил хIакъалъулъ хъвалеб буго гьадин: «МахсутIил буго жиндирго шагIирасулаб хатI, жиндирго нух. МахсутI хIакъикъияв романтик вуго – квешалъулъ лъикIлъи балагьулев, лъикIалдаса квешлъи рикIкIад гьабулев». Цоги макъалалда МухIамад АхIмадовасул руго шагIирасул хIакъалъулъ гьадинал пикраби: «МахсутIил буго гIадатияб рагIиги, рагIизе бокьулеб каламги, камилал пикрабиги, би гьалдолел къасдалги, къисматалъ кьураб нухги, нухда хутIичIеб, халкъалъухъе щвараб кечIги».

МухIамад АхIмадовас чанго кечI сайгъат гьабуна МахсутI ЗайнулгIабидовасе. Гьаниб рехсезин гьезул цояб:

**МахсутI ЗайнулгIабидов –**
**ШагIирги ораторги,**
**Араб гIолохъанлъидул**
**ГIорхъода чIун вихьула:**

**Чвахун балеб буго цIад**
**ХIажиевасул къотIноб,**
**КъотIулеб гьечIо хабар**
**КIиявго гьудуласул.**

**Гьанже замана ана,**
**Аллагьасде руссана…**
**Ссунгеги кочIол чирахъ**
**Нилъер ракIазулъ, МахсутI.**

МахсутI ЗайнулгIабидовасул асаразе лъикIаб къимат кьун буго магIарулазул машгьурав хъвадарухъан МухIамад ГIабдулхIалимовас. Гьес хъвалеб буго: «МахсутI вуго магIарул адабияталда цо бакI ккурав рагIул устар. Гьесул кучIдузулъги поэмабазулъги бихьула пикрабазул гIатIилъи, рагIул чIванкъотIи ва бегIерлъи», – ян.

МахсутIил хIурматиял цIаралги шапакъаталги гIезегIан руго. Гьев ккола РСФСРалъул халкъияб лъай кьеялъул отличник, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, Шамил имамасул, ХъахIабросулъа МахIмудил, Расул ХIамзатовасул, А.С. Грибоедовасул премиязул ва медалазул бетIергьан.

Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Муса МухIамадовас рикIкIунаан МахсутI букIинесеб гвангъарав, гьунар тIокIав шагIирлъун. Гьес хъвана МахсутI ЗайнулгIабидовасул асараз бачIинахъего асир гьабунилан магIарул-лъиялъе абун. Гьеб гьедин ккезеги ккана. Жакъа рекIел гьудул МахсутIида юбилейги баркулаго, бокьун буго гьесие гьаризе щулияб сагълъиги халатаб гIумруги ва гIемерал соназ магIарулал рохизарулел гьайбатал асарал хъвазе тавпикъги. МахсутIил кочIол дунялалъ асир гьавичIев цониги магIарулав ватиларо. Гьесул цIарги асаралги думалъго хутIила магIарулазул рекIелъ.

*Мухiамад МУХIАМАДОВ,*
*филологиял гIелмабазул доктор, профессор*

**МакъсутI**
**ЗАЙНУЛГIАБИДОВ**

* * *

**Дие бокьун буго бакъул чIоразул**
**КунчIи меседилаб цIилицI гьабизе,**
**Гьелъ чIегIерал накIкIал нахъеги лъухьун,**
**ХъахIил зоб миккигIан бацIцIад букIине.**

**РАКI КЬУРДУЛЕБ БУКIУНА**

**Зама-заманлдасан**
**Дихъго валагьула дун,**
**Доба-гьаниб тункараб**
**Бекараб бакI бугищан.**

**Батула бетIер тункун,**
**Бекун бакI-бакIалдаса,**
**Батула каранда лъун**
**ЛъикIго гъваридаб ругъун.**

**Гъугъдулъ цебехунги чIван**
**БорчIун батула хIетIе,**
**ТIаде ххарулел нухаз**
**ХартIун ратула кверал.**

**Киналъулго хIасилльун**
**ЯхIалъул хал гьабула,**
**Намусалъул киналго**
**Кавабахъе ваккула.**

**КигIан свакан, тату хун**
**ГIодове реханиги,**
**РакI кьурдулеб букIуна,**
**Намус бацIцIад батидал.**

## ЦIИБИЛ БАКIАРУЛЕЙ ЯС

**МугIрул яс сундаго ургъулей гьечIо,**
**ЧIепалъубе цIибил къотIулей йиго.**
**ГIисинал, узданал, хIалтIул кверазул**
**Киналго хIайранаб хехлъиги буго.**

**Балагье, циндаго лъалхъун чIана яс,**
**КъотIун босун цIибил хъатиниб лъуна.**
**Гьелде ралагьарал чIегIерал берал**
**ЧIагояб кунчIиялъ кенчIолел руго.**

**Циндаго каранде къана ясалъ хьоп,**
**Ва каранзулъ хIухьел хехлъана гьелъул;**
**Каранде гьебги къан, бералги къанщун,**
**Бакъ гIадин гьайбатго гьимулей йиго.**

**Унго щибдай гьелъул ракIалде щвараб,**
**Кирдай руссун ругел пикрудал берал?**
**Хирияв гьудулгун росу рагIалда**
**ДандчIвараб сардил зоб цебе бачIундай?**

**Щиб гьелъул ракIалда батананиги,**
**Нилъ, воре, нахъе цIай, хваши тун, гьанже,**
**Гьелъул рекIел асар тIуркIизе гурин,**
**Гьурмаде багIарлъи рехизе гурин.**

*  *  *

**БагIар бакъ, балагье дир гьудулалъухъ,**
**МугIрузул тIогьазда ниж сверулелъул, -**
**Мун анцIго нухалда цIикIкIун гвнагъила,**
**ЦIер чIвараб тIанкI дуца ракьда теларо.**

**ТIабигIат, гIин тIамае дир йокьулелъухъ,**
**Гьелъ гIащикъаб рокьул кечI ахIулелъул, -**
**Мун анцIго нухалда цIикIкIун тIегьала,**
**Их ун тIогьодаса мун буссинаро.**

**Дунял, хIисаб гьабе дир лъадиялъул,**
**Лъимадул бадие гьей ялагьидал, -**
**Мун анцIго нухалда цIакъаб лъугьина,**
**Ва хадубккун гьелъул ракIлъун хIалтIила.**

## ЧВЕРДОЛЕЛ ЯСАЛ

МугIрул ясал руго лъарахъ чвердолел,
Васаздаса тохаб бакIги балагьун.
Чакарул курмузда кенчIарула бакъ,
ЧIурканал чурхдузда къочардула лъар.

Ясаз цоцазде лъим чвалхулеб буго,
ТIокIкIараб лъелъ хъатал кьабулел руго.
Риччарал гъалалги гьурщизе риччан,
ГIурда доре-гьанир роргулел руго.

Гьаругьин цоцада нахъасан раккун,
ХIайранлъун ралагьун чIун руго мугIрул.
Гьезда рельлъинеян накIкIалги хъамун,
РоцIун, камилго чIун буго хъахIил зоб.

БацIцIадаб чабхил лъар – гьелъул разилъи,
Гьелъ хъвалеб буго квер тIоцебе гьезда,
ЦIадулал чурхдузда, хъахIал гарбазда! –
Кинан гьалгъачIого хутIун бугеб гьеб!

## ЙОРЧIАМИ, ДИР ХИРИЯЙ

Дун макьидаса ворчIун
Берал рагьараб лахIзат,
Мун ячIана рекIелъе! –
ЙорчIами, дир хирияй.

Хардаса щуб гьекъезе
Баккун гьечIо жеги бакъ,
Буго цудунаб рогьел! –
ЙорчIами, дир хирияй.

Дуца гордал рагьана,
Рогьел жаниб биччана,
Огь, дуда чIвараб гьогьен! –
ЙорчIами, дир хирияй.

Яккана мун къватIие,
Баккана багIараб бакъ,
Гвангъана тIолго дунял! –
ЙорчIами, дир хирияй!

## КЬЕГIЕР

Нижер букIана кьегIер,
ГIумруялъ кIоченаро,
ГIассиял балагьазул
Сонал жинда рухьараб.

Рохьобегин магъилъе
Хадуб ругьун гьабураб,
Рагъдаса тIадвуссингун
Инсуе хъвезе тараб.

Рагъ лъугIана, амма куй
Хьолеб къо тIаде щвечIо,
Куй хвана… херлъун хвана,
Амма гьелда нус хъвачIо.

ГIасиял балагьазул
Сонал жинда рухьараб
Хьихьун букIана кьегIер,
Хьихьун букIана анищ.

## ИХДАЛИЛ ГЬУРИ

МагIаруллъиялъул ихдалил гьури,
Гьадин чIезеанищ даим гьаб кьурда.
Мун лъимер кинигин кодой кIанцIула,
КIургIараб кьегIерлъун басандун уна.

Йокьулей ясалъул гьурщараб раслъун
Гьурмада, гъуждузда женжедула мун.
Мун сасараб мехалъ ракIалде ккола
Эбелалъ хинаб квер ботIрода лъунин.

Огь, магIарухълъидал ихдалил гьури,
Гьадин чIезе анищ даим гьаб кьурда.
Кьуру боркьаниги, рокьи щвезегIан
Валагьун чIарав дий гьогьен букIине.

## ЭБЕЛАЛЪУЛ КВЕРАЛ

Гьале хIалтIун щварав васасда цебе
БухIилаго хайгин лъолел дур кверал.
ЧанцIул дун кьурдарав дур хъатазда тIад,
ЧанцIул дун кьижарав дур гъажабазда.

ЧанцIул дун гьел квераз кваназавурав,
Кинида вукIаго, кIалдиб карщги лъун.
ЧанцIул гьел квераца гьанже дий гIадин,
ГIазизав чиясда цебе квен лъураб…

Гьел кверазул лъалкIал тIад гьечIеб хIалтIи
ГьечIо гьаб рукъалъул магIишаталда.
Гьел жанисан канлъи бихьулеб хIалалъ
ТIеренлъарал кверал чIоларо жеги.

КигIан гьитIинабги дур лъикIлъиялъ дун
Дуе налъулавлъун вуго, дир эбел.
Дир къеркьезе хIасрат, хIалтIуде рокьи
Рахьгун цадахъ кьуна, хирияй, дуца.

## ЛЪЕТIЕ ИНДАЛ

Вай, инчIей ани дун лъадал цIезего,
ЦIадул сунтур кканин каранде жаниб.
Босарабго щайзе щагIил дад иццде,
Анин асир гьабун гьинал ракI бахъун.

Гъайбатаб гьимигун, гьуинаб мацIгун
Мун аскIов вачIиндал чIезе бакI лъачIин,
Лъим кьеларищилан щурун абидал,
Гъеб гурищ иццилан абун борчIана.

Огь, гIорда цIер гIадин цIорояб дир кIал,
Дур берцинаб рагIи гIад-хочI гьабурай.
Рогьалил щуб гIадин щущаяб гIакълу,
Щун бачIунеб бакъул къимат гьабичIей.

Нахъеги лъим кьеян лачен вачIани,
Къечон тIадвуссине гьавилароан.
РакI хIайран гьабулеб рагIи бицани,
Бадийги ялагьун цо гьимилаан.

## МАЙСАРАТИЕ

Дир гьудул, унебцин гьечIищ гьаб гIумру,
Таралго лъачIого толел гьечIищ гьалъ.
Рилълъинин, хирияй, тира-сверизе,
ЦIидасан нилъерго рокьул сухъмахъккун.

Ясал чIолеб алжан - институталъул
Ахикь каранлъ цIагун кигIан сверарал.
Доба болъо буго мун юцIцIун чIараб,
Дица дуда цебе наку сукIараб.

Гьереси бицинчIел берцинал бераз
Рагьана доб мехалъ дур балъголъи дий.
Бищана миллион цIвабзазда гъорлъа
Зодоб тIокIаб гьечIеб дирго цIва дица.

ЦIвабигIан рацIцIадал рукIана нилъер
РекIел пикрабиги канаб гIумруги,
Лъана кидагоги, сагIтида гIадин
Сабурго кIетIезе нилъер ракIазда.

ЛахIчIегIерал бутIрул хъахIлъулел ругин,
Ругодай цоцазе рилизехъин нилъ?
Огь, тохал пикраби, тохал пикраби,
Бищунго гIащикълъи баргщулеб гIужалъ!

Рихьула сонаца сверарал нухал
МугIрузда тIад жемун, гъабу кинигин.
Балагье гьайбатлъи дол сверабазул,
Нилъер наслабазе нухал руго дол.

Нилъер хъизаналъул цIудул бусаде
Базе биччай гамачI гуч гIелин ккараз,
ГьечIо нусиречал, нилъеда цебе
Бахъулареб хъанхъра бигъине кIолел.

* * *

ГIундул рекаразул век бачIун бугин,
Кеп босе, гIоркьилал, гIумруялдаса.
ГIасилъи баханин борхалъиялде,
Бухе кантIизегIан халкъалъул бетIер.

## ГIУМРУЯЛЪУЛ МАШИНА

Унеб букIуна бачун
ГIумруялъул машина,
Уна ссандаса гъоркье
Цо гъалатIги ккун, рехун.

ТIаде бахъуна къачIан,
Гьанже битIун бачинин;
Цо дагьаб мехалдасан
Рехун уна нахъеги.

ГIолохъанаб мехалде
Рехилаан гIайибал,
ГIолохъанлъи кIочарал
Кколарелани гьанже.

Гьале сон гьеб машниа
Шагьраккун унеб бугин
БукIарабщинаб рохел,
Херлъидал цIодорлъанин.

РитIун руго эхеде
Бурдул дир машинадул,
МугIрузул кIкIалахъе ккун,
КIудияб гудучIги бан.

Къуркьулаго вахъана
Кабиналъуса къватIив,
Бехъерхъана машина
Нахъеги шагьраялде.

Гьале жакъаги вуго
КъамартIаб ракIчIеялда
Дир гьаб гIумрудул машин
Шагьраккун унеб бугин.

…Цо къоялъ мун, машина,
КIкIалахъ жаниб хутIила,
Нилъ кIиялго гьеб мехалъ
Парахалъуде ина.

Мунги шагьраде дица
ТIокIалъ бехъерхъиларо,
Дунги ганчIил къанабаз,
Къан нуцIагун, вахчила.

## БАКЪ ГIАДАЙ ЧIАРАДИСЕЙ

Бакъ гIадай чIарадисей,
ЧIвана мун жакъаги данд.
ЯчIунеб нух гвангъарай,
Хвараз къоно борхулей.

Къарнабазул таптарал
Толел гьечIо дица гъоркь –
Батулеб гьечIо гьаниб
Мун гьаюраб къо-моцI, бакI.

РекIекълъугеян буго
Абулеб тIасан дида,
Гьей ракьалда гьайичIин,
Гьаний зодой йижанин.

**Гьелъул адрес цIехезе**
**Ххарейин мун ГIарщалде,**
**ГIицIго хIурулгIинзабалъ**
**Батулин хьван гьелъул цIар.**

**Хвана тIубанго гьанже**
**Гьаб дир ракIалъул рахIат,**
**РахIатаб лахIзат дихъа**
**Бахъун ине гурилан.**

**Бице, цо-цо мехалда**
**Гьадин дида дандчIвазе,**
**Гьаваялде аниги,**
**ЯчIинарищ мун гIодой?**

## МЕСЕДИЛ МАГIДАН

**Бищунго жиб некIсияб,**
**Бищунго жиб къиматаб**
**Меседил магIдан буго**
**Жиб-жиб миллаталъул мацI.**

**Меседил магIданазул**
**Улка буго Дагъистан,**
**Гвангъулеб буго бакъукь**
**Лъебералда лъабго мацI.**

**Гьел магIданазул хIикмат**
**ХIасратаб гIищкъудал мацI,**
**ГIумру берцин гьабулел**
**Гьезухъ бугеб хIалкIолъи.**

**МагIданазул хIайранлъи**
**Тарихалъ рехсон буго,**
**Гьезул хважаинзаби**
**Берцинал вацал руго.**

**Меседил магIданазул**
**Къадру хвезе гьабулеб**
**Гьведул гIамал букIинчIо**
**Вацазул киданиги.**

**Дирги буго цо магIдан**
**МагIарул мацI абулеб.**
**ЦIар рагIизе гьабураб**
**Ракьалда Шамилица.**

**Сагьвилал бакънал гIадаб,**
**Бакъулаб сурат гIадаб,**
**Таржама гьабичIого**
**Бокьарасда бичIчIулеб.**

**Гьеб мацIалда гьарурал**
**Расулил кучIдуздасан**
**Лъазе гьабулеб буго**
**ГIурус мацI дуниялалъ.**

## АЛЛАГЬ, МУН ТIАСАЛЪУГЬА

**Лъималазул гьимиялъ**
**Гьимизе гьарула нилъ,**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**Гьеб гьимиялъулъ бугеб!**

**Баккун бачIунеб бакъул**
**Къиралаб цо гьайбатлъи,**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**Баккулеб бакъулъ бугеб!**

**Боржун уна гьинал ракI**
**Гьал чIирчIилел хIанчIалъе,**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**ХIанчIазул кочIолъ бугеб!**

**ЦIвабзазул зобалазулъ**
**Бугеб гъваридаб гIакълу,**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**Гьадаб зобалъулъ бугеб!**

**Щибниги мискъал гьечIо**
**Аллагьас канлъи кьечIеб,**
**Кинабниги берцинлъи**
**Буго Досул хIалкIолъи.**

**Гьеб лъазе гьунар кьурав,**
**Бихьизе берал кьурав, -**
**Бокьухъе лъикI гIуцIеян**
**ГIумру кодобе кьурав.**

**Аллагь, Мун тIасалъугьа,**
**БетIер гьечIел чагIазда,**
**Инсаният кантIараб**
**Кида-къадги щвела къо.**

# Юбилей

## ВИХЬАНАГIАН ЛЪАЗЕ ВОКЬУЛЕВ, ЛЪАНАГIАН РЕКIЕЕ ГIАГАРЛЪУЛЕВ

**Жиндир вацIцIалъи тIокIав,**
**ТIаса вищизе хIакъав,**
**ХIакъаб нух хьихьун чIарав,**
**Хьибил ккквезе рекъарав.**

Инхоса ГIалихIажиясул кицабиял алфазаздасан гьал жугьаби жиндир хIакъалъудъ хъваралгIанги рекъон ккола гIелмиявгун жамгIияв хIаракатчи, иман щулияв, намус бечедав магIарулав, гIаданлъиги лъикIлъиги БетIергьанас тIокIборчIунги кьурав инсан ЧIарада районалъул Рулдаса Ибрагьимил МухIамадие. Щибниги щаклъи гьечIо, МухIамад лъикIго лъалевщиназулги, гьесулгун гьудуллъи-гьуинлъи бугелщиназулги гьединабго пикру батулеблъиялда. Гьединал чагIийин абуни гIемер руго. Ибрагьимил МухIамад дида лъаралдаса къогониги сон бугелъул, гьеб дида лъикI бичIчIула. Гьеле гьеб лъай-хъвай ккараб тIоцебесеб къоялъго гьев рекIелъ воси гуребги, цо гьадинав гьудул анищ дие абураб асаргицин бачIана рекIелъе. ТIубана гьеб дир анищ. Доб лъай-хъвай ккараб къоялдаса дагь-дагьккун нижер гьоркьорлъаби гьудуллъиялде сверана, хадубги, ракIал журараб божилъиялде, вацлъиялъул даражаялде рахана.

ГIемер дандчIвала ниж гьадинго гара-чIварун ракIал чучизеги, адабияталъулгун маданияталъул суалал дандразеги гьесул рокъорги, хIалтIудаги,



**М. МухIамадов хъизан-лъималгун**

цоги-цоги бакIаздаги. Вихьана дида МухIамад батIи-батIиял гIелмиялгун адабияталъулгун маданияталъул дандеруссинязда кIалъалевги, сапаразда цадахъккунги, бахIаразда рохел баркулел бертабалъги, хвел ккаралъуб зигара балел тагIзиятаздаги…

Киб бакIалда ругониги, гьев аскIов вугелъуб букIуна цо батIияб хинлъи, цо гIажаибаб берцинлъи, цо киназего нуралъул кунчIи кьолеб баракат.

БитIахъе абуни, Ибрагьимил МухIамад вуго вихьаравгIан лъазе вокьулев, лъанагIан рекIее гIагарлъулев, гIамалги берцинав, гIаданлъиги рекъарав, ургъун балагьанигицин чIвазе гIайибги батуларев, бокьарав чияс жиндаса мисал босизе мустахIикъав инсан.

Гьединал, унго-унголъунги рекIелъ тIегьарал, ботIролъ къалъарал пикраби цоги нухалда рачIана дихье гьанже гIагар гIумруялъул лъабкъого сон сверарав Ибрагьиммил МухIамадил гIумруялъулги, гIаданлъи-чилъиялъулги, гIелмиябгун гIуцIарухъанлъиялъулги хIисаб гьабидал. Гьезулъ буго цохIо дица гуребги, МухIамад вихьанщиназги лъанщиназги ритIухъ гьабулеб хIакъикъат.

МагIаруласе лъабкъого сон, гIумруялъул магIна гьабизе, нахъа тараб нух борцине завалаб ригь кколилан аби буго нилъер. Цо гIакъиласги абун буго чияс рарал соназул бицунин, гьесул хIакъалъулъ бицине цоги жо гьечIонийян. МухIамадица бараб лъабкъого сонин абуни, нилъеца ракIалде щвезабулеб буго гьесул хIакъалъулъ бицинеги борцинеги, ракIалде щвезабизеги жо гIемер букIиналъ, гьесул къисматалъул нух бокьарав чи рухIдаллъилевгIанги бечедабги, берцинабги букIиналъ.

МухIамад гьавуна ва гIуна гIумруялъул магIнаги, гIадамасул къиматги, гIетI тIун босараб хинкI-чедалъул тIагIамги бичIчIулеб кIудияб хъизамалда. Гьесул эбел Сапиятицаги эмен Ибрагьимицаги гьабуна хIалтIул кверазда баракат лъураб, росу-ракьцоязул адаб-хIурматалъ сверун ккураб хIалалаб, бацIцIадаб гIумру. Гьебго нухдасан ине куцана гьитIинаб къоялдаса гьез лъималги. Гьединлъидалин МухIамадица абулебги, жиндие тIолабго гIумруялъ сундулъго мисаллъун эбел-эмен рукIанилан, амма гьезул даражаялде, гьезул борхалъуде вахине жинда кIвечIилан.

Рокъосанго щулияб кьучI лъурав, гьитIинаб къоялдасаго гIумруялъул дарсал росарав МухIамад жеги байбихьул классаздасанго вукIана гIелцоязе мисаллъун: цIалул отличниклъун, классалъул старосталъун, комсомолалъул комитеталъул секретарьлъун – цIалулъги жамгIиял ишазулъги цевехъанлъун. Школалда кинаб тадбир бугониги, гьелъул бакьулъ, цогиял цIалдохъабиги хадур рилълъунев, гьезул рекIелавлъун. Гьединлъидалин цIалдохъабазги учительзабазги унго-унголъунги гьесул адаб-хIурмат гьабулеб букIарабги. Гьел рагIаби ритIухъ гьабулеб хIужа хIисабалда рехселин 1972 соналъул 12 февралалда ЧIарада районалъул «ГIияхъан» газеталда бахъун букIараб ЦIуриб гьоркьохъеб школалъул учительница ГIайишат МухIамадовалъул макъалаялдаса мухъал:

*«Нижер ЦIуриб гьоркьохъеб школалда гIезегIан руго гIицIго «4» ва «5» къиматазда цIалулел цIалдохъаби. Орджоникидзел цIаралда бугеб колхо-*



**М. МухIамадов эбел-эменгун ва вацал-яцалгун**

*залъул мухъилал колхозчагIи Рулдаб росулъа Ибрагьим ва Сапият МухIамадоваз лъикIаб тарбия кьун гIезарулел руго жидерго лъимал. ГьабсагIаталда хасалил авлахъалда гIаммаб магIишат бечед гьабулаго хIалтIулел гьезул вас МухIамад цIалулев вуго нижер школалда щуабилеб классалда. ЦIалул сон байбихьаралдаса нахъе МухIамадица «4» ва «5» тун батIияб къимат босичIо. Гьес живго вихьизавуна классалда тIоцевесев цIалдохъан хIисабалда. Учительзабазул коллективалда ва цIалдохъабазда МухIамад лъала кIудиязулги гьитIиназулги хIурмат гьабулев, гIадлу-низам бугев цIалдохъан хIисабалда».*

Школа лъугIун хадуб букIинесеб махщел тIаса бищиялъул батIияб суал букIинчIо МухIамадие. ГьитIинго гьесие бокьулаан рахьдал мацIги магIарул адабиятги. Гьелде рокъоб эбел-инсуцаго рокьиги адаб-хIурматги бижизабун букIин гуребги, школалда учительзабазулги битI кканин жиндиеян абула гьес. ЦIуриб школалда цIалулеб мехалъ хасго ГIайшат ГIумаровналъул дарсазулъ бихьулаанин жиндирго букIинесебин ракIалде щвезабула МухIамадица. Хадуб Кочубеялда чIахIиял классазда цIалулеб мехалда гIурус мацIалъулги гIурус адабияталъулги учительзабиги гьединго цIалуде гъира базабулел ккана вукIинесев филологиялъул гIалимчиясе.

Гьедин, гьоркьохъеб школалдаса хадуб Ибрагьимил МухIамад цIализе лъугьана Дагъпединституталъул филологиялъул факультеталде.

Институталдаги, школалдаго гIадин, МухIамад вукIана кинабго рахъалъ цадахъ цIалулезе мисаллъун. ЦIалул отличник, лъикIав спортсмен, гIамал берцинав, ракI гIатIидав инсан – гьев вукIана курсалъул старостаги, институталъул комсомолалъул комитеталъул членги. Лъабабилеб курсалдаса байбихьун Ленинилаб стипендияги щолаан гьесие, багIараб дипломалда институтги лъугIизабуна гьес.

Институталда цIаларал соназул бицунаго МухIамадица абула гьенибги, школалдаго гIадин, мугIалимзабазул битI кканин жиндиейилан. Гьес кIудияб баркалагун ракIалде щвезарула жиндирго рукIарал бищунго лъикIал преподавателал Ибрагьимов Гьарунги ЧIегIерчиев МухIумаги, гьединго институталъул ректорлъун вукIарав МухIамадов АхIмадги.

– Ибрагьимовасги ЧIегIерчиевасги гIемераб жигар бахъана диеги цогидал студентазеги гъваридаб лъай кьей гуребги, гIаданлъиялъул лъикIал хасиятал нижелъ куцазеги. МухIамадов АхIмадица дие гIакълу кьуна аспирантураялде лъугьине. Гуребани, гьанже дун цо кинаб букIаниги школалда директорлъун, завучлъун яги учительлъун вукIинаан, – ян абула гьес.

Аспирантураялда ДНЦялъул МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталда цIаланиги, филологиял гIелмабазул кандидатасулги (1992с.), хадуб докторасулги (2003с.) диссертациял Ибрагьимил МухIамадица цIунана РАНалъул МацIал лъазариялъул институталда.

Филологиял гIелмабазул кандидатасул диссертация цIунун хадуб хIалтIизе лъугьана гьев ДНЦялъул МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталде. Гьениб нахъа тана гIелмиял ишазул киналниги болъодул хIокIал: кIудияв лаборант, гьитIинав гIелмияв хIалтIухъан, кIудияв гIелмияв хIалтIухъан, аслияв гIелмияв хIалтIухъан грамматикиял цIех-рехазул отделалъул нухмалъулев. Ахирги институталъул директорлъун хIалтIулел соназда бихьана, лъана, баянлъана МухIамадилъ гIалимчиясул гуребги, жибго гIелмуялда ракI унтарав нухмалъулесул  хасиятги, гIуцIарухъанасулаб хIаракатчилъиги.

Гьелъул хадуб бицинин.

Чияс жиндиего хIалтIи балагьулеблъи лъидаго лъалеб жо буго. Амма гьев чи жинде хIажалъи бугев, махщел камилав вугони, хIалтIуцаги валагьула чи. Гьедин ккана МухIамадилги. ДНЦялъул МацIалъул адабияталъул ва искусствоялъул институталде хIалтIизе лъугьун гIемер мехго инелде Дагъмедакадемиялъул нухмалъиялъ гьесда гьарана жидер вузалде къватIисел улкабаздаса рачIарал студентазулгун хIалтIи гьабиялъул ва гIурус мацIалъул кафедраялъул заведующийлъун хIалтIизе вачIаян. Разилъизе ккана – щуго соналъ кафедраялъул заведующийлъиги, хадуб кIиго соналъ факультеталъул деканлъиги гьабуна гьес.

Бигьаго букIун батиларо Ибрагьимил МухIамадие кIиго бакIалда -МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул инститталдаги, цадахъго медакадемиялдаги хIалтIизе. Амма, «босанищ тIаде – тIубазабе, кьунищ рагIи – хвезе тоге» абураб кици гьитIинго бидулъ бессарав гьес къасикъадлъи гьечIого ракIбацIцIадго тIубазабулаан гьел жавабчилъи цIикIкIарал ишал. Медвузалда цIализе бажарулеб куцалъ ичIго моцIалда жаниб гIурус мацI къватIисел улкабаздаса студентазда малъи гуребги, гьезул цIалиялда, рукIа-рахъиналда хадубги халкквезе кколеб букIана кидаго. Кьезе кколаан щивав студентасул жаваб, балагьизе кколаан гьезул хIажалъабазухъ, гIолел-гIоалрел рахъазухъ. Сордойилго гIадин щолаан МухIамад гьезухъе общежитиялде. Гьарулаан гара-чIвариял, гьудуллъиялъул вечерал, цогидал



**М. МухIамадов, М. АхIмадов, ГI.Шарапудинов, ХI. ГIизудинов**

вузазул къватIисел улкабаздаса студентазулгун, хъвадарухъабазулгун, цогидалги интересал гIадамазулгун дандчIваял, кино-театразде, музеязде экскурсиял, хIажалъи ккани, гьабулаан гьезие гIарцудалъун кумек. МухIамад лъугьун вукIана гьезие ургъел бикьулев, ракIал чучулев божарав гьудуллъун. Пикраби дандразеги цоги хIажаталъеги гьел рачIунаан гIагарав чиясухъе гIадин МухIамадихъе рокъореги. Тохтурасул дипломалгун жиде-жидер улкабазде тIадруссиндалги бухьен къотIизе течIо гьез МухIамадилгун. Гьез гьаб жакъаги рачIуна кагътал, гьабула интернеталдасан бухьен жидер вукIарав преподавателасулгун, божарав гьудуласулгун, насихIатчиясулгун. Гьезда жаниб букIуна ракI-ракIалъул баркалаялъулги адба-хIурматалъулги бищунго хинаб асар.

Гьенив хIалтIулев соназда хъварал руго Ибрагьимил МухIамадил жакъаги къватIисел улкабаздаса студентаз учебникал хIисабалда хIалтIизарулел «Образ врача в произведениях А.П.Чехова. Учебные задания для иностранных студентов 2-3 курсов», «Методическое пособие по русскому языку для студентов-арабов 1-3 курсов», «Учебник русского языка для иностранных студентов 1-3 курсов», «Учебное пособие по русскому языку для иностранных студентов-медиков», «Учебное пособие по литературе для иностранных студентов» абурал тIахьал.

2005 соналъул авалалда МухIамадил гIумруялда ккана кIвар бугеб лъугьа-бахъин. Дагъистаналдаго цIарал жидер лъалел гIалимзабазул анлъгоязда гьоркьоса жидеего нухмалъи гьабизе Ибрагьимил МухIамадида цIар чIвана ДНЦялъул МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул коллективалъ. Цадахъ хIалтIулез абун, хIалбихьиялъе кандидатура лъуниги, дир хьул букIинчIин институталъул директорлъун вищилилан абун бицунаан гьес.

ХIакъикъаталдаги институталъул коллектив мекъи ккечIо. МухIамадил хIакъалъулъ гьадин хъван букIана РАНалъул академик, гьеб институталъул цеве вукIарав директор, мунагьал чураяв ХIажи ХIамзатовас «Дагъправдаялда» бахъараб макъалаялда:

*«МухIамад Ибрагьимовичасул буго унго-унголъунги хIакъикъияб къадру. Институталъул тIолабго коллективалъ, цо чияс гIадин, ккуна гьесул рахъ ва гьес ниж разияб куцалъ гьеб ритIухъ гьабулебги буго. МухIамад Ибрагьимовичас кинабго рахъалъ киналго рухIдаллъулеб хIалалъ вихьизавуна живго. Гьесул хIурмат гьабула цохIо нижер институталъул коллективалъ гуребги, Дагъистаналъулги Севернияб Кавказалъулги гIелмиялгун цIехрехалъул институтаздаги лъай кьеялъул учреждениязда.*

МухIамад Ибрагьимович вуго бусурбанчиясул, дагъистаниясул хасиятал рекIелъ рессарав, магIарул чиясул хIакъикъияб яхI-намусалда гIамал куцарав сахав инсанги, камилав гIалимчиги, ритIухъав нухмалъулевги».

- ГIелмияб институталъул нухмалъулесул аслияб масъала ккола гIалимзабазе гIелму гьабизе эркенго рес кьейги, гьезул хIалтIаби басмаялде рахъиги, - ян абуна Ибрагьимил МухIамадица институталъул хIалтIул бицунаго.

Унго-унголъунги, директорасул столалда нахъа гIодов чIараб тIоцебесеб къоялдаса байбихьун жиндирго хIалтIулъ гьеб суал тIоцебесеблъун букIана гьесие. Гьелъ лъикIаб, директорги жалго гIалимзабиги разиял хIасилалги кьуна. Ахираб 12 сонида жаниб институталъул гIалимзабазул къанагIатабги хIалтIи хутIичIо къватIибе биччачIеб. Гьедин мацIаздеги адабияталдеги, искусствоялдеги рокьи бугел гIадамазухъе щвана нилъерго гIалимзабазул анцI-анцI тIахьал. Гьелъ жалго гIалимзабазулги гьира базабуна цIи-цIиял цIех-рехал гьаризе, гьезда рекъон цIи-цIиял хIалтIаби хъвазе.

Рахъана Дагъистаналъул аслиял мацIазул грамматикаби, миллиял литературабазул тарихалъул тIахьал, гIурус-миллиял словарал. Рахъулел миллиял-гIурус словаралги. КватIичIого нилъехъе щвезе буго авар-гIурус словарги.

Жеги Дагъистаналъул цониги мацIалда букIинчIо толковияб словарь. Гьеб хIалтIи гIумруялъул ахирал соназда рагIалде бахъинабун букIана мунагьал чураяв ГIабасил МахIамадица. Гьесул авар мацIалъул толковияб словарги кьун буго типографиялде. Гьединго магIарулазухъе щвезе буго СагIид ГIалихановас гьабураб авар мацIалъул синонимазул словарги. Гьел гурелги, Дагъистаналъул батIи-батIиял заманабазул хъвадарухъабазулги гIалимзабазулги гIумруялъулги хIаракатчилъиялъулги бицунелги, нилъер халкъазул искусствоялъул тарих рагьулелги гIезегIан тIахьал рахъана институталъ.

Араб соналъул хIасилазда рекъон ДНЦялъул МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъе кIиабилеб категория щвана. Гуманитариял институтазда гьоркьоб гьеб цIакъ лъикIаб хIасил ккола. Улкаялдаго гьединал институтазул гIемерисезе лъабалилел бакIал гурони щун гьечIо.

Рехселин цоги кIвар цIикIкIараб хIужа.

2015-2017 соназул хIасилазда рекъон, гIалимзабазул тIахьал рахъиялъул рахъалъ ДНЦялъул МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъ Россиялдаго тIоцебесеб бакI ккун буго.

Гьеб хIужаялъе тIадежубай хIажалъиларо.

Ибрагьимил МухӀмадил хӀаркаталдалъунги гьесул сапаразул хӀасилалдаги нилъее загьирлъана Европаялдаги СШАялдаги ругел Дагъистаналъул мацӀазда тӀад хӀалтӀулел гӀалимзаби. Ахирал соназда гьев щвана гӀемер батӀи-батӀиял пачалихъазде. Гьел рукӀинчӀо гьадинго рекӀелгъеялъе гьарурал сапарал. РукӀана гьел щибаб минут хӀисабалде босарал гара-чӀвариялги докладалги, гӀелмиял цӀех-рехалги, гьезул хӀасилалги гьарурал сапарал. Гьезул хӀасилалда рес щвана дора ругел гьединалго институтазулгун ДНЦялъул МацӀалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул бухьенал щулалъизаризеги, дозулги нилъерги гӀалимзабазул хӀалбихьиял цоцазе гӀахьал гьаризеги.

Щибаб къойилаб хӀалуцараб хӀалтӀухъги дандчӀваязухъги, данделъабазухъги, сапаразухъги балагьичӀого, Ибрагьимил МухӀамад тӀадчӀун хӀалтӀулев вуго жиндирго гӀелму цебетӀезабиялдаги. Цебеккун рехсарал гурелги, гъорлъе ваккун гъваридаб анализги гьабун гьес хъвана «Субъективно-объективное отношения и категория залога в аварском языке», «Русский язык в многоязычном Дагестане: функциональная характеристика», «Гуманитарный Дагестан: язык, культура, образование», «Художественный билингвизм в Дагестанской литературе» абуралги, цогиял гӀалимзабазгун цадахъ жеги анцӀгониги тӀехьги. Хасаб рагӀи абизе рекъараб буго гьанже гӀагар Дагъистаналъул тӀахьазул издательствоялъ магӀарул мацӀалда къватӀибе биччараб «МацӀги адабиятги миллаталъул аслу» абураб тӀехь. Гьелде жанире рачун руго цӀар рагӀарал цереселги гьанжеселги нилъер хъвадарухъабазул творчествоялъул бицунел макъалабиги, батӀи-батӀиял тӀахьазе хъварал рецензиялги, магӀаруллъиялъулги магӀарулазулги, магӀарул мацӀалъулги хӀакъалъулъ пипкрабиги, батӀи-батӀиял газетазгун журналаз гьесулгун гьарурал гара-чӀвариялги. Адабияталъул суалал рорхарал тӀахьал магӀарул мацӀалда цереги рукӀана. Амма жакъасеб нилъер литератураялъе къиматги кьураб, мацӀалъул гӀузрабазулги бицараб гьединаб тӀехь нилъер цебеккун букӀинчӀо. Жиндир хӀакъалъулъ гӀатӀидго хъвазе мустахӀикъаб тӀехь буго гьеб.

ГӀаммаб куцалда босани, МухӀамадица хъвана 250 ялдасаги цӀикӀкӀараб гӀелмияб хӀалтӀи.

Гьеб киналдаго цадахъ Ибрагьимил МухӀамадица бажарарабщинаб гьабула мацӀазулгун адабияталъул гӀелмуялде жанире рачӀунел цӀи-цӀиял гӀадамал гӀезаризеги, гьеб ишалде гьезул рекӀел цӀайи бижизабизеги, рокьи куцазеги. МухӀамадил гӀелмияб нухмалъиялдалъун кӀиго чияс филолгиял гӀелмабазул докторасулги 17 чияс филолгиял гӀелмабазул кандидатасулги диссертациял цӀунана.

Гьединаб кумек гьес цохӀо Дагъистаналъул гуребги, сверухъ ругел республикабазул гӀалимзабазеги гьабула. Гьедин, масала Абхазиялъул гӀалимзабазе гьабулеб квербакъиялъухъ гьеб республикаялъул парламенталъул бетӀерас хасаб баркала кьуна МухӀамадие. Гьединал мисалал жеги рехсезе бегьула.

ГӀалимчиясул хӀакъалъулъ гӀалимчияс гӀадин мухӀканго абизе рес гьечӀелъул, гьаниб ракӀалде щвезарила чанго соналъ цебе «ХӀакъикъат»

газеталда бахъун букIараб Россиялъул ГIелмабазул академиялъул Языкознаниялъул institutталъул директорасул заместитель филологиял гIелмабазул доктор, профессор Михаил Алексеевасул макъалаялдаса мухъал:

*«Дида ракIалда буго СССРалъул ГIелмабазул академиялъул Языкознаниялъул институталде МухIамад Ибрагьимович вачIараб заман. Доб мехалда гьев вукIана машгьурав гIалимчи Закир ГIабдулаевасул аспирант. Гъваридаб анализиги гьабун хъвараб диссертация гьес киналго мукIураб куцалъ цIакъ лъикI цIана. (МагIарул мацIалда мухIканго хъван бачIунарелъул гьелъул цIар рехсечIого телин – ред.). Гьелдаса нахъе дир рекIелъ восана МухIамад Ибрагьимович лъикIав инсан ва гIалимчи хIисабалда. Абизе бегьула нижер лъикIаб гьудулъи бугилан. Гьесул хадусел, авар мацIалъул синтаксисалъул хIакъалъулъ хIалтIабиги дида лъикI лъала. Нижеца цадахъги гьабуна авар мацIалъул грамматикаялда тIасан цо проект. РукIуна гIалимзаби тIаса-масанго материалалъухъги балагьун, бигьаго хIалтIаби хъвалелги. МухIамад Ибрагьимовичасин абуни жинца босараб тема цин кьолболъе ваккун, кигIан гьитIинабги жо гьоркьоб течIого, мухIканго лъазабула, хадуб гьелъул хIасилги гьабула. Гьединаб букIана гьесул докторлъиялъул диссертацияги. Гьебги киналго разилъун къабул гьабуна нижер институталъул гIелмияб советалъ. Диссертациялъул тIокIлъи букIана авар мацIалъул жеги лъицаниги квер бачIеб, цIакъ захIматаб масъала авторас рагIа-ракьанде щун рагьун букIин.*

*ДНЦялъул МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул директор хIисабалдаги МухIамад Ибрагьимовичас живго вихьизавуна бажари бугев гIуцIарухъан, гIалимзабазул масъалаби ва хIалтIухъабазул хIажалъаби ричIчIулев нухмалъулев хIисабалда. Гьеб бихьулеб буго институталъул хIалтIухъабаз, гара-чIвари ккедал бицунелдаса. Гьесул хIаракаталдалъун ахираб заманалда къватIире риччан руго гIалимзабазул гIемерал соназ регун хутIун рукIарал тIахьал.*

*Дун лъугьинаро мацIалъул гIелму цебетIезабиялъеги бухьенал щулалъизариялъеги МухIамад Ибрагьимовичас гьарурал сапаразул бицицне. ГIемер батIи-батIиял улкабаздаса гIалимзабиги гIахьал гьарун гьесул хIаракаталдалъун гьал къоязда МахIачхъалаялда тIобитIараб халкъалда гьоркьосеб конференция гIеларищ мисаллъун рехсезе.*

*Языковедаз, лингвистаз гIолохъанав гIалимчилъун рикIкIуна 60 сон барав чи. МухIамад Ибрагьимович жеги гьеб ригьалдецин вахун гьечIо. Гьесул букIинесеб цебе буго. Дир ракIчIараб буго гьес гIелмуялда жеги чIахIи-чIахIиял суалал рорхизе рукIиналдаги гьев мурадалде щвезе вукIиналдаги».*

Инсулго нухдасан унев вуго гьесул вас Даниялги. Гьев ккола филологги юристги. ЦохIо Дагъистаналда гуребги, улкаялъул цоги-цоги бакIаздаги, къватIисел пачалихъаздаги тIоритIарал гIелмиял мажлисазда гьес гьарурал докладазе лъикIаб къимат кьуна жидер цIарал рагIарал гIалимзабаз. Цебе лъураб масъала рагIа-ракьанде щун, гъваридго рагьизе гьунар гIолев, лъикIаб букIинеселде хьул гьабизе бегьулев, гIун вачIунев гIалимчилъун рикIкIунев вугоан гьез Даниял. Гьев хIадурлъулев вуго филологиял гIелмабазул кандидатасул диссертация цIунизе.



**М.ПатахIов, М.АхIмадов, М. МухIамадов**

Жиндирго гIумру гIодоблъиялда, шагьаралда унеб бугониги, Ибрагьимил МухIамад вуго магIаруллъиги хирияв, гьелъул къисматалдаги ракI унтарав, хасго нилъер росаби къо бахъанагIан чIороголъулел рукIиналъ, унго-унголъунги рахIат хвезабурав чи. Жиндир гIагараб Рулдаб росулъ чанго цIараки гурони хутIун гьечIолъиялъул пашманаб асаралъ рахIат хвезабурав МухIамадица гIодолъиялъул ракьалда ругел ракьцоязде ахIи бана умумузул минабиги росдал свериги бажарухъе чIаго гьабизе рахъаян. Гьелъул хIасилги кколеб буго. ЛъагIалида жанир цо хасал къоялги чIезарун, МухIамадил цевехъанлъиялда Рулдисезул гIолохъаби уна росулъ жиде-жидер эбел-инсул мина-мирк къачIазеги, къватI-къоноялда гIадлу-низам гьабизеги, росда сверухъ ругел иццалги цоги-цоги бакIалги рукIалиде рачинеги. Жиндирго инсул минаги гьес кигIанги берцинго цIигьабун къачIан буго. Росулъ ругин нилъер кьалбал, гьел ракъвазе тарасда лъикIаб къо бихьуларин абула МухIамадица. Росаби чIороголъанагIан чIаголъи нилъер мацIалъул холеб букIинги гьесдагIан лъикI бичIчIулев чи гIемер ватиларо. ГIумру нилъер мацIалда жаниб унев, гьеб мацIалъул киналго тIокIлъаби лъалев гьесул рекIее цIакъ бакIлъун буго къо бахъанагIан магIарул мацI загIиплъулеб, мискинлъулеб, хасго гIодолъиялъул ракьалда лъугIун унеб букIин.

– Дир рекIелъ бищун унтараб суал буго магIарул мацIалъул суал, – ян абуна МухIамадица гьелъул бицен ккедал. – ГIемерисез абула нилъер мацI мискинаб, загIипаб бугилан, гIелмияб къагIидаялъ гьеб хIалтIизабизе бажаруларилан. Дица хIаракат бахъана гьеб пикру мекъаб букIин бихьизабизе. ГIелмуялдаги цоги бокьараб бакIалдаги хIалтIизабизе магIарул мацIалъул гIунги тIокIаб даража бугин абураб хIасилалде вачIана дун. МагIарулги цоги бокьараб мацIалдаги диссертациял хъвазе ихтияр буго гIалимзабазул, амма хъвалел гьечIо. ХIалтIизабизе бегьулеб бакIалдацин хIалтIизабулеб



**М. МухIамадов вас Даниялгун**

гьечIо гIалимзабаз нилъер мацI. МагIарул мацIалда щиб букIаниги хъвалел гIалимзабиги цIакъ дагьлъун руго.

– Нилъер халкъалъул букIинесеб бараб буго мацIалда, – ян абуна хадубги МухIамадица. – МацI гьечIони, халкъ букIунаро. МагIарулав вугин живилан керен бухунилан, магIарул мацI лъаларев чиясул магIарулав лъугьунаро. ГIолохъанаб гIелалъ, хасго шагьаразда, гьелъул хIисаб гьабулеб гьечIо.

Цоги кIвар цIикIкIарал суалалги тун, пачалихъги гIисинал халкъазул мацIалгун багъулеб буго. Пачалихъалъул Думаялъ гьадаб закон къабул гьабуни, бищунго кIудияб зарал ккезе буго гIемер миллатазулб Дагъистаналъул халкъазул мацIазе. Нилъер мацIазе бухъараб хоб гIадаб жо кколеб буго гьеб закон.

Бицинеги борцинеги гIемераб рухIиябги маданиябги бечелъи жаниб бугеб магIнаябщиналъ гвангъизабураб лъабкъого сонилаб ригьалде вахана Ибрагьимил МухIамад. «Дица гIумру тела гIадада инчIин», – абун буго цо кочIолъ. Борхун гьаракьгун, бищун борхараб магIардеги вахун, магIаруллъиялдаги Дагъистаналдаги рагIиледухъ гьедин ахIизе ихтияр бугеб къисмат насиблъана гьесие. Аллагьасул квербакъиялдалъунги жиндирго свак-кIвахI тараб хIалтIулги хIасилалдалъунги вахана МухIамад гIаданлъи-чилъиялъулги гIелмуялъулги гьел рорхалъабазде. Гьесие бищунго рокьулел Инхоса ГIалихIажиясул

**ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,**
**БекьичIого лъилъе, нилъ гьечIого хур, –**

абурал рагIабазул магIнаялда рекъон магIнаяб гIумру гьабулеб буго гьес. Гьарилин Ибрагьимил МухIамадие, гьев вокьулелги гьесие рокьулелги рохизаризе тIадеги гIемерал соназул сахлъи щулияб гIумруги, хъизан-рукъалда жаниб аваданлъиги, хадурккунги чIахIи-чIахIиял гIелмиял рорхалъаби квегъине жигарги жанги.

***МухIамад ПАТАХIОВ.***

## ЛЪИМЕРЛЪИЯЛЪУЛ ЛЪАЛКІАЗУЛ ДАИМАБ КЕНЧІЕЙ

МухIамад Ибрагьимович МухIамадов. ЛъикIав гьалмагъ. МагIарул мацIалда тIад хIалтIулев гIалимчи. Жеги гIемер лъикIалги тIокIалги рагIабазе мустахIикъав вуго МухIамад. Исана гьев гьавуралдаса тIубала 60 сон. Киналго курсцоязул рахъалдасан баркула МухIамадида гьайбатаб ва бацIцIадаб гIумруялъул завал. Гьарула гьесие дагьалги тIадегIанал гIелмиял рорхалъаби мукIур гьаризе жанги жигарги, хъизамалъул гъасда бакараб цIадуе - гвангъиги, гвангъарал къасдазе рогьалил гьогьенги, гьуридал гIедерлъиги, гIумруялъул нухазда дандчIвалел гIазу-цIерги буранализ секьизаризе къуват бугеб сабруги, сабруялда нур базабулеб гIакълуги, гIакълуялдаги тIегь базабулеб гIадлуги. Амма лъала гьеб кинабго эбелалъул рахьдада цадахъ гьесул бидулъ бессун бугеблъиги. МухIамадил хIеренаб, гIадан вичIчIулеб, гьесие кумекалъе кидаго хIадураб, цогиясда, хIатта жиндехунго рагьун яги балъго рокьукълъи загьир гьабулездагицин, унтулеб рагIи абизе гьукъараб гIамал-хасияталъ чанги квалквалги гьабулеб батила гьесие.

МухIамад нижее, курсцоял гьалмагъзабазе, даим хутIизе вуго гIадатлъиялъулги, гIаданлъиялъулги, тIадегIанлъиялъулги кIудияб мисаллъун.

Бокьун буго гIумруялъул тIохьол тIанчал цо лахIзаталъ нахъехун регизе…

Долдаса нахъе, тIоцебе МухIамадилгун лъай-хъвай ккаралдаса ана 40 сон. Гьеб букIана 1978 соналъул хасалил сессиялъул заман. Дунги Хунзахъа Нуцалайги, экзамен кьезе ине ирга щвезегIан, кабинаталъул кIалтIа эхетун рукIана. Нижеде аскIове вачIана цо студент ва магIарул мацIалда кIалъана. Гьес бицана нижее живги филфакалда цIалулев вукIанила, гьале гьанжеги нижер курсалде вачIанилан.

Дунги Нуцалайги цоцазухъ ралагьана, ва, гьев нахъе индал, цадахъ гIадин абуна, гьав цо «двоечник» цощина нилъер группаялдецин вачIинадайилан. Нижер тIоцебесеб группаялда къоло щуго чиясда гьоркьов цониги вукIинчIо «3» къиматалда цIалулев студент. Киналго рукIана «отличникал» ва «хорошистал». Нижедайин абуни, ккун букIана МухIамад, гъоркьги хутIун вукIун, цIидасанги цIализе восарав чийилан. Бихьулищха, гьес лъабго курс лъугIизабун букIун буго гIицIго «5» къиматалда. Цинги лъакIаблъун бихьун буго армиялда хъулухъ гьаби. Гьес хъулухъ гьабуна Чехословакиялда. ВатIаналда цебе тIадаб налъиги тIубан, МухIамад тIадвуссана институталде. Гьесул хIакъалъулъ нижерго рукIарал тIоцересел пикраби ракIалдещведал, гьанжеги релъанхъула дунги Нуцалайги.

Экзаменазде хIадурлъулагоги, МухIамадица цIаларал гIолаан тIахьалги. Цинги, цо рокьореги данделъун, гьес бицунаан нижее нижехъа цIаличIого хутIарал тIахьазул хIасил. Щиб захIмалъи-квекIен цIалулъ кканиги, ниж гьесухъе унаан.

Цинги – щуабилеб курс. Хунзахъ районалъул ГIарани гьоркьохъеб школалда ахирисеб практика. Гьенирeги цадахъ ккана ниж. Гьеб букIана цIакъго

талихIаб заман – гIанчIаб гIолилльиялъ карачелабалъ чвердолел нижгун сапаралда букIана магIарул кечI-бакъанги. Гьединго нижгун цадахъ рукIана гьанже магIарулазда кочIохъан хIисабалда лъалев Хьаргаби районалъул КIикIуниса Мадани Ибрагьимов ва СайхIат ХIажимухIамадова, Болъихъ районалдаса Агъларов АхIмад, Хунзахъ районалъул БакьайчIиса ГIарапат Гьудова, Гъуниб районалъул Сугъралъа ПатIина Абакарова, Хунзахъа Нуцалайги. Хунзахъ тIалъиялда бараб кIиябго моцIалъ (сентябрь-октябрь) нижер гьудуллъи дагьабги щула гьабуна. Ва гьеб тIалъиялъул ЦIобокь чвахиялъул рагIалда нижеца гьа бана гьудуллъиялъул ицц къине теларилан.

40 соналъ, беролаго, дандчIварал захIмалъабиги гIанлъулаго, чвахулеб буго нижер гьудуллъиялъул гIащикъаб, гIолохъанлъиялъул анищазул цIураб, роцIараб ицц. Гьелда хIохьбазе рещтIуна ниж, курсцоял, зама-заманалдаса.

Щола ниж МухIамадихъеги. Гьалбадерида дандчIвазе кидаго хIадурай, хIурулгIиналъул хIеренлъиялъул нур гьурмада бугей Аминатица МухIамадил гIумруялъе кьун буго гIажаибаб чвахи. Абизе кIола гьеб чвахиялъулъ гьечIин цониги хIабургъараб лъадал къатIра. Гьесул гIумруялъул нухазда махI берцинаб тIегьлъун йижарай гьелъулги буго доб нижер гьудуллъиялъул ицц къун инчIолъиялъул бутIа. МухIамадил гьудул-гьалмагъзабазде Аминатил бугеб рокьул къатIрабазги ахIула гьеб иццухъе ниж. Гьединай гурони чIужугIадан гьесда хьолбохъ йикIине ресги гьечIо.

ГIалимчи даим сапаразда вуго. Гьелги МухIамадие бигьа гьарулел ратила лъадал цIурал гIертIаллъун даим гьесул гIумруялъул нухазда ругел вас Даниялицаги, яс Мариятицаги, лъади Аминатицаги.

Дида ккола МухIамадил бугин бухIун щвараб бакъ гIадаб, роцIараб зоб гIадаб, зодор цIваби гIадаб кунчIараб къисматилан. Гъасда бакараб чирахълъунги, чирахъалъул гвангъараб канлъунги хъизамалъеги гьудулзабазеги вугев, сапараздегицин гьеб кунчIигун вахъунев, гIаданлъиялъулги гIадатлъиялъулги хулжал кидаго цIовухъе рукIунев, ракьалда унго-унгояв инсанлъун вукIиналъул налъи тIубанго тIубарав МухIамадие гьаризе бокьун буго щулияб сахлъиги гьабулелъулъ икъбалги.

Жиндиего зарал гIемераб, гIадамазе пайда цIикIкIараб ритIухъаб гIамалалъ цIунаги гьев зама-заманалдаса къисматалда хIунчулеб заз-хъарахъалдаса.

ГIелмиял свералабазул байбихьилъун МухIамадие хутIана techinstitut.

МухIамадица институт лъугIизабуна багIараб дипломалда. Гьенив цIалулагоги, гьев гIахьаллъулаан студентазул гIелмиял конференциязда, цеве вахъунаан докладалгун. ГIелмуялде МухIамадил бугеб цIайиги, гьесул пагьмуги бихьана институталъул преподавательзабазда. Гьеб тIатинабуна МухIума ЧIегIерчиевасги. Ва гьес МухIамадил лъай-хъвай гьабуна РАНалъул ДНЦялъул ИИЯЛялъул директор ХIажи ХIамзатовасулгун.

Ва байбихьана МухIамадил гIелмиял свералаби…

1985-1988 соназда цIалана институталъул аспирантураялда.

КIудияв лаборант. ГьитIинав гIелмияв хIалтIухъан. КIудияв гIелмияв хIалтIухъан. Аслияв гIелмияв хIалтIухъан. Грамматикиял цIех-рехазул отделалъул нухмалъулев.

2005-2017 соназда хIалтIана РАНалъул ДНЦялъул ИЯЛИялъул директорлъун.

Филологиял гIелмабазул доктор. Профессор. Дагъистан Республикаялъул гIелмуялъул мустахIикъав хIаракатчи. 2012 соналда МухIамадие щвана ДРялъул президентасул грантги.

МагIарул мацIалъул бицун, гьев гIахьаллъана Голландиялда, Германиялда, Америкаялда, Испаниялда, Москваялда, Элистаялда, Грозныялда, Казаналда, Уфаялда ва цогидалги бакIазда тIоритIарал гIелмиял конференциязда.

МухIамадица хъвана 250-саги цIикIкIун гIелмияб хIалтIи.

МухIамад ккола Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членги. Гьес гIемерал макъалаби хъвана магIарул хъвадарухъабазул махщелчилъиялъул хIакъалъулъ.

60 сон. Гьеб дагьищ яги гIемерищ гIалимчиясе. Лъаларо. Амма лъала гIагараб миллатги мацIги цIуниялъе гьес гIемер пайдаяб хIалтIи гьабуна ва гьабулебги буго. Гьединго МухIамад хIалтIулев вуго жинцаго гIелмуялде тIоцересел галаби тIамураб ва гIагараблъун хутIараб педуниверситеталдаги. ЦIидасанги байбихьулел руго гIалимчиясул гIелмиял свералаби…

МухIамад гIуна гIемер лъимал ругеб хъизамалда. Гьединазул букIуна гIажаибаб хаслъиги. Лъммерлъудасанго гьел ругьунлъула цогидазул тIалаб гьабизеги, цоцазе кумекалъе ратизеги. Гьезие щвараб тарбиягицин батIияб букIуна. ГIаданлъиялъул къатIраби гьезулъ цIикIкIунги ратула. РикIкIада хутIараб лъимерлъуда щвараб тарбиялъул гIаламатлъун ккола МухIамдил чорхолъ бугеб унго-унгояв инсанасул гIамал-хасиятги. Гьеб гурищ, ракьалде витIулелъул, ТIадегIанас инсанасда тIадкъалеб ишги – гIаданлъун вукIин ва хутIи. Гьеб борч МухIамадица тIубана. Гьесул гIумруялъул ругел лъимерлъиялъул лъалкIазул кенчIей даимаб батаги.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***



**ГІабасил МАХІАМАД**

## ЛЪАЛАГО САХЛЪУЛА, САЛАМ РАГІУН, ДУН

**ЛъикІал гІадамазул гІемерлъиялхІа,**
**ХІакъав гьудул лъана, лъикІлъи цІикІкІарав.**
**ЦІарго хириясул хиралъиялхІа,**
**Херлъи берцинлъизе щвана рекІелав.**

**ГІелму хирияв дир хиял борхана,**
**Борхалъуда вугев гІалимчи вихьун.**
**Бахьинаб къоялъул къимат къалъана,**
**КъагІида гІадамаб гІамалги бихьун.**

**НакІкІирохь гІадинал дир гьудулзаби,**
**Гьавги вацлъун гьаве, гьуинлъи лъазе.**
**Нурил кьеразулал дир шагІирзаби,**
**ГІалимчигун рещтІа ракІ бечелъизе.**

**Амруял ишазул инсанги вугин,**
**Унго, веццулеб куц хІалтІухъабаз мун;**
**ХІалтІул хІасил  цІалеб пишаги бугин,**
**Бице, кин вокьарав кьерилазе мун.**

**Дур лъикІаб квералда баракат лъеяв,**
**ЛъикІлъи гьабиялъул мисал вуго мун.**
**Гьаб гьудуллъиялъе гьогьен лъагеяв,**
**Лъалаго сахлъула салам рагІун дун.**

**МухІамад  АХІМАДОВ**

## МАГІАРУЛ  МАЦІ

*Дир гьудул МухІамад*
*Ибрагьимович МухІамадовасе.*

**Дица щиб гьабилеб, бице Дагъистан,**
**Тана магІарулаз дир магІарул мацІ.**
**МагІил цІурал бераз валагьун вуго,**
**Балагь тІаде щвана – холеб буго мацІ.**

Лъица цIалилеб дир цIумур бараб кечI? –
ЩIумал лъугIун руго, иццал къун руго.
Къуна дун, МухIамад, къарнудул рагъда
Ругъунлъун лъугьана мацIалъул къимат.

Рахьдал мацI, гьоцIолъун, мацIалда хъвачIел
Лъималаз чияр мацI бицунеб буго.
Бице, бице, гьудул, щиб мацIги бицун,
ЩIазе бугеб хIухьел, рухI босулелъул.

ДугIалъун букIана Дагъистаналда
Дагъистан цIунулеб мацIги ияхIги.
БахIарзал чуязул кьолонир ругеб,
Чуял АхIулгохIда хIихIидулеб мех.

МагIарул мацIалъул тIегьарал ахал,
Ахирзаманалъул гарица чIвана.
ЧIвадарухъабазул замнаялда,
Заназда цIар хъвала бидулаб мацIалъ.

Дир гьудул МухIамад, Аллагьги кIочон,
Аллагьас кьураб мацI хисана халкъалъ.
Хал гьабун вуго дун дуниялалъухъ,
Дуниял щибизе авар мацI гьечIеб.



# Проза

ПатІимат
ГІАБДУРАХІМАНОВА



## «РОКЬУЛ УНТИ»

***(хабар)***

* * *

Бусада вегарав Шарип, цин довехун, цин гьанивехун свер-свердилаго, къадада чІварал обоязухъги валагьун, гьезда ругел нусго батІиял накъищазул хал гьабулев вукІана. КватІичІого гьесда гьеб чІалгІана, гьесул бетІер унтизе байбихьана, бералги къанщун, таманаб мехалъ гьелги рагьичІого чІана, цинги кванирокъой йигей эбелалде ахІана:

– Эбел, кьеларищ дуца дие ботІрол даруги лълъел цІураб кружкаги, – ян.

Шарипил эбел Хадижат, цо минут гьоркьоб иналдего, васас гьарарабги кодоб ккун, гьесул кроваталъул рагІалда гІодой чІана.

– БетІер унтилароан гури, дир вас, – ан абуна гьелъ пашманго васасул ботІрода кверги бахъулаго, – мун кваналев вукІаравани, мунго тохтур вугилан, тохтур рокъове ахІизеги виччалев гьечІо дуца, инсухъе больницаялдеги унев гьечІо, тІубаларо гури, дир вас гьедин. Жакъа щуабилеб къо буго мун бусада вегун, щибго унтулеб бакІги гьечІилан абулеб буго дуца, амма тІаде вахъуневги гьечІо, нижеда кІалъалевги гьечІо…

Шарип гьаб нухалдаги вуцІцІухІун чІана. Эбелалда яги инсуда, яги гьитІинав вацасда ва гьудул-гьалмагълъиялда бицине бегьулеб «унти» букІинчІо гьасул. Бицениги, я лъицаниги кумек гьабизе кІолеб ялъуни сах гьавизе кІолеб «унти» гуро гьеб букІараб. Гьеб букІана Шарипил «балъгояб унти». Гьас дагьаб цебе хІалтІудаса отпуск босана, къваригІун бугилан. Цадахъ хІалтІулезда лъазабуна жив шагьаралда вукІине гьечІин, хІохьбахъизе цо кивеялиго унев вугилан. Гьале, гьанже живгойин абуни, чанго къо букІана рокъоса къватІиве вахъинчІого, бусада вегун чІун. Шарипил, кІкІвачІого къоял гьоркьор араб мегеж, лъалаго халалъун букІана. ЧІегІераб магжица жеги цІакъ хІалакълъизабун бихьулеб букІана гьесул берцинаб гьумер, живгоги гьев лъалаго хІалакълъун вукІана. Гьесул лахІчІегІерал чІахІиял беразулъ рещтІун букІана гъваридаб пашманлъи ва киналгІаги гІумруялъул рохелаз гьел кенчІезарулел рукІинчІо, дару гьечІеб захІматаб унтуца унтарав чиясул гІадаб, гІумруялдаса ракІбуссин букІана гьезулъ…

* * *

Мединституталъул ахирисеб анлъабилеб курсалде вахун вукӀана Шарип. ТалихӀаб хъизаналда гӀурав гьав живгоги кидаго талихӀав вукӀана. Цоги батӀияб къагӀидаялъ букӀине бегьулилан гьасда киданиги ракӀалдецин кколеб букӀинчӀо. ЛъикӀ цӀалулевги вукӀана, божарал гьудулзабиги рукӀана, берцинал, гьайбаталщинал ясазулги гьав рекӀелъ восун вукӀана. Гьас, гьимулаго абураб, хӀеренаб рагӀиялде данде, кенчӀолаго бералгун, гьимун ралагьун гурони, цонигияй Шарипида кьварун кӀалъалейги йикӀинчӀо. Киве щваниги, лъилгун лъай-хъвай кканиги, гьав тӀоцебесеб минуталдасаго киназго, цевего лъалев гӀадин, къабул гьавулаан. Гьеле гьедин, кьер-кьерал расеназ хисулаго гьимулеб букӀана гӀолохъанчиясе бакъул дуниял.

Институт лъугӀун хадуб киве хӀалтӀизе иневан суал гьасда цебе букӀинчӀо. БакӀ цебего хӀадурун букӀана, шагьаралда бищунго цебетӀураблъун рикӀкӀунеб, Шарипил инсуца бетӀерлъи гьабулеб больницаялда.

Ахираб заманалда рокъоб гӀемер хабар кколеб букӀана васасе чӀужу ячиналъул. Гьесие бегьулел гӀадал ясал гӀемерал рукӀана инсул гьудул-гьалмагълъиялъулги гӀагарлъиялъулги, амма Шарип гӀедегӀулев вукӀинчӀо. Гьесие гьадинги квеш букӀинчӀо ва гьале, гьай яс дие рекӀее гӀун йигилан килищ битӀизе рокьи ккарай ясги йикӀинчӀо. РукӀана Шарипил рекӀелъ росарал ясал. Гьав цоялда цадахъ киноялде унаан, цояй кафеялде ячунаан, лъабабилейгун тира-сверизе паркалде яги ралъдал рагӀалдехун унаан. Амма гьезул цонигияйгун кӀиабилеб нухалъ дандчӀвазе гьасие бокьичӀо. Цо-цо мехалда гьесул рекӀелъе хӀинкъицин рещтӀунаан «ВахӀ, гьадин унго-унгояб гӀищкъуги лъачӀогойищха дир гӀумру инеб?» – абун. Гьасиеги бокьун букӀана рокьул бухӀи лъазе, киназго кибго бицуна гьелъул. «Аллагьас дие кинабго кьун буго, амма рокьиялдаса махӀрумищха гьавун вугев?..» – илан пикрабиги рачӀунаан мех-мехалъ ботӀролъе.

* * *

Гьале тӀаде щвана цӀалиги лъугӀун тохтурасул диплом кодобе кьолеб къо. КъотӀи гьабун букӀана дипломал чура-хулизе къаси киналго ресторагалда данделъизе. КъачӀа-кӀатӀан, гьуинал махӀалги тӀаде гьарун, маркӀачӀул гӀужалда Шарипги вахъана рокъоса къватӀиве. КъватӀивехун лъугьине нуцӀа рагьулаго, гьес абуна:

– Дада, дица жакъа машина бачунеб гьечӀо, цодагьаб-макъабниги жо гьекъечӀого ресторагалда дун хутӀиларо, цинги такси ахӀила.

– ЦӀакъ битӀарабха, дир вас, машина жакъа дуца рокъобго те, – ян васасдасаги разилъун, жаваб кьуна инсуца.

Ресторагалда, гьав тӀаде щвелалде, кинабго хӀадурун букӀана. Цо-цоккун рачӀунел рукӀана цадахъ цӀаларалги. Гьале тӀаде щвана Шарипил бищунго божарав ва лъикӀав гьудул Къурбанги. Гьев гьудуласда аскӀов гӀодов чӀана.

– Боржун ана, Шарип, анлъго сон, кин аралали лъачӀого, – ян абуна, гьудуласул гъажалда кверги лъун, Къурбаница.

Къурбан вукӀана магӀарул росулъ гӀурав гӀадатияв вас. Анлъго соналъ цоцаздаса ратӀалъичӀо кӀиявго гьудул. Шарипил гӀадин рес бугеб хъизан букӀинчӀо гьесул. Къад гьев институталда цӀалулаан, къаси-къасиян абуни,

машинаби лъолеб бакӀалде хъаравуллъи гьабизе унаан. КигӀан дагьаб харж щолеб букӀаниги, Къурбаница цониги нухалда абичӀо гьудуласда гӀарац къваригӀун бугилан яги гӀолеб гьечӀилан. Чанго нухалъ Шарипица хӀалбихьана гьудуласе кумек гьабизе, амма Къурбан тӀирун чӀана:

– Шарип, дур тӀокӀлъи гуро рес бугеб хъизаналда гьави, дирги гӀайиб гуро эбел-эмен мискинал рукӀин. Эбел-эменги гьарураб ватӀанги нилъеца тӀасарищуларелъулха. Дие гьел рухӀгӀан хириял руго ва киданиги рехун тезе гьечӀо. Ва, гьудулавчи, тӀокӀалъ киданиги нилъеда гьоркьоб гӀарцул хабар ккезе бокьилароан дие…

Шарип гьудуласухъ гӀенеккана ва рецц гьабуна Аллагьасеги къисматалъеги гьединав магӀнаяв вас гӀумруялда жинда дандчӀваралъухъ.

Шарип столалда нахъа гӀодор чӀарал, сон-церекъад студенталлъун рукӀарал, жакъайин абуни тохтураллъунги рахъун, рахъ-рахъалде ине ругел гьалмагъзабазухъ иргадал валагьулев вукӀана. Халат гьарун лъурал столазда тӀад камураб нигӀмат букӀинчӀо. Гьаб рахъалда васал, дандритӀун столалъул доб цояб рахъалда ясал гӀодор чӀун рукӀана. Ясал дагьал рукӀана гьазул группаялда. Кваналел-гьекъолел, ирга гьабун кӀалъазе рагӀи кьолеб, цоял кьурдулеб, аваданаб ахӀвал-хӀал букӀана гьениб.

Шарипида дандйитӀун гӀодой чӀун йикӀана лъарагӀазул яс Мадина. Гьей дагьай цее росасе ун йикӀана ва гьелъул гьарзаяб гурдида гъоркь бихьулеб букӀана гьей лъимер гьабизе йигеблъи. Циндаго Шарипил берчӀвана Мадинада аскӀой гӀодой чӀарай ясалда. Гьей гьасда тӀоцее йихьулей йикӀана. Гьев ясалъухъ валагьун хутӀана. Йохъ, тӀад ретӀараб чӀухӀараб ратӀлица яги гӀинда рарал багьа хириял бриллиантаз гуро гьей цогидал ясаздаса ятӀа яхъизе кӀолей йикӀарай. Киналго ясал рукӀана берцинго ретӀа-къан, киназулго гӀундуздаги килщаздаги рукӀана кӀилкӀалги баргъичалги.

– Мадина, дида лъан букӀинчӀо дур гьадигӀан берцинай яц йигеблъи, – ян абуна Шарипица гьимулаго гьелъухъги валагьун, – лъай-хъвай гьабиларищ дуца нижер?

– Яц гуро гьай, Шарип, гьудул йиго. ТӀадежоялъеги дур инсул больницаялдаги хӀалтӀула гьай. ЦӀарги дир гьудулалда Заира буго.

Шарип цо лахӀазалъ хаган, щиб абилебали лъаларого хутӀана, киданиги гьелъул цӀар рехсолеб рагӀичӀо инсуца рокъоб…

Шарипица жиндирго цӀар бицунелъул, цо лахӀзаталъ гьасда бер речӀчӀизабуна ясалъ, амма тӀокӀалъ, гӀодорчӀей ахиралде щвезегӀан, гьасухъ берцин тӀамичӀо гьелъ. Шарип абуни, гьелъул гӀаксалда, чӀечӀого гьелъухъ валагьулев вукӀана. Йохъ, гьелъул гьайбатлъиялъ гуро гьав асир гьавун вукӀарав, чанги гьелдаса берциналги чалухалги гьасие гьимарал, гьас килщица ишан гьабуни, бокьаралъуре цадахъ рилълъие къачӀарал ясал гьасда гӀемер рихьун рукӀана. Заира, тӀадбалагьун йихьулей йикӀана цӀакъ пахруяй яс йикӀин. Гьей столалда нахъа гӀодор чӀарал киназухъго, тӀаса гъоркье, чӀухӀараб, ханасул ясалъул гӀадаб балагьиялъ балагьулей йикӀана. РакӀалде кколаан гьелъул балагьиялъ абулеб бугин: «Нужер гӀадатлъиго щиб, нужер мукъсанлъиго щиб…Нужер гӀодорчӀеялъулги дие щибниги кеп гьечӀо…» – илан.

– Шарип, мун машинаялда ватичӀони, нижеца щвезарила Къурбанги мунги рокъоре, Заирал машинаялъуб киназего бакӀ гӀела, – ян абуна гьазухъги балагьун Мадинаца.

Гьалги разилъана.

Азбаралда чӀараб рахьдал кьераб, кӀудияб «джипалда» жанир гӀодор чӀана киналго. Цин Къурбанги Мадинаги рокъо-рокъоре щвезарун, Шарип живго цохӀо хутӀана ясалда цадахъ машинаялъув. РуцӀцӀухӀун чӀеялъул сихӀкъотӀи жинцагӀаги биххизабун лъикӀилан, гьас гьикъана:

– Мун щиб рахъалда гӀумру гьабулей йигей? – абун.

– Мун вугеб рахъалда, – ян къокъго ва расги бокьичӀого жаваб кьуна гьелъ.

ГӀумруялда жаниб тӀоцебесеб нухалъ ясалъ гьасие кьураб цӀорораб жаваб рукӀкӀен гӀадин хӀунсана Шарипил рекӀелъ, цинги рукъалъул кӀалтӀе щвезегӀан гьас тӀокӀаб щибго абичӀо.

* * *

Цо чанго къоялъ рокъовги вукӀун, иш-пиша гьечӀолъиги чӀалгӀун, Шарипица инсуда абуна:

– Дада, гьанже чӀалгӀаде рокъов вукӀунги щиб дица гьабилеб, бегьилищ дун дуда цадахъ больницаялде хьвадизе, бала-гьалагьизе, гьениб бугеб ахӀвал-хӀал лъазе. Кин дуда ракӀалде кколеб?

– Валлагь бегьилаха, дир вас, щай бегьулареб. Дун вуцӀцӀухӀун чӀун вукӀана дуцаго абизегӀан. Метер радал цадахъ рилълъина нилъ больницаялде.

Доб Заираца жиндирго машинаялда рокъове гьав щвезабураб сордоялдаса нахъе Шарипил пикрабазулъ, цебехун киданиги букӀинчӀеб, рахӀатхвей рещтӀана. Гьей ясалъул сипат гьасул ботӀролъа кинго нахъе унеб букӀинчӀо. Къаси кьижизе бусада вегарав чи, довехун тирун, гьанивехун сверун, макьу щоларого, рогьалилъ гурони кьижун ккolароан.

Гьав цин вохана Заира инсуца нухмалъи гьабулеб больницаялда хӀалтӀулей йикӀин лъан: «Дида гьанже щибаб къоялъ йихьизе йиго гьей. КватӀичӀого лъала дида кигӀанасеб гъварилъи гьелъул чӀухӀиялъул бугебали… Кин букӀаниги гьей дидаса йорчӀизе бакӀ гьечӀо. Балагьилинха пахруяй яс, гьанже духъ…» – ан сардил бецӀлъиялъукь, жиндаго ракӀчӀун, гьимулев вукӀана гьев. Хадур гьел пикраби хисулаан батӀиял пикрабаз: «Щай дие гьей къваригӀарай, цо нухалда йихьарай яс?.. Цодагьаб заман йихьичӀого гьоркьоб ани кӀоченаан дида гьей, пайда щибха инсул больницаялдагӀаги хӀалтӀулей йикӀинчӀеяни…»

Инсуда Шарипица Заирал хӀакъалъулъ щибго гьикъичӀо. Щай гьикъунги, гьесул ботӀролъе щакдараби рещтӀине. Заманаялъ кинабго жинди-жиндир бакӀалда лъела, гӀедегӀун пайда гьечӀо…

Цевехунги Шарип чанги щолаан инсухъе больницаялде, батӀи-батӀиял къваригӀелазги, къваригӀел гьечӀогоги. Доб мехалда гьасие сундулниги тӀалаб-агъаз букӀинчӀо, я больницаялъул, я гьенир ругел унтаразул. Гьанжейин абуни, Шарипица больницаялъубе жанибе хӀетӀе бегьулеб букӀана, жакъа къоялдаса нахъе гьенив хӀалтӀизе вугев тохтурас гӀадин. Коридоралъур дандчӀванщиназе саламги кьолаго, инсуца гьав вачана жиндирго гуреб, цоги кабинеталде. Гьал, нуцӀидаги кӀутӀичӀого, жанире лъугьана. ХъахӀаб халгӀатги ретӀарав, бетӀерги хӀуларав, михъалги ругев, ригь арав чи столалда нахъа гӀодовги вукӀун, хъвадарилев вукӀана. Гьес, жанире лъугьарал рихьизе, бетӀер борхана, цинги разиго гӀатӀидго гьимулаго, тӀадеги вахъун, гӀебеде кверги битӀун, данде вачӀана.

– Ва, дир хирияв гьудул ГIимран ГIалиевич… ЧIая, чIая, гьалеха гьанже хIадурарав тохтур Шарипги щвана гури нилъехъе, – ян абуна, ракI-ракIалъ иргадал инсулги васасулги квералги росулаго гьес.

– Хабар хала гьабун пайда гьечIо, МахIач Мирзаевич, заманги гьечIо, – ян гIедегIун абуна ГIимран ГIалиевичас. – Гьале дуда божун, нилъер больницаялъул бищун лъикIав тохтурасда тIадкъалев вуго дица дир вас Шарип. ЛъикIаб-квешабги малъе, унтаразухъе цадахъги ваче, мунго гIадав тохтур вахъинаве, гьудулавчи, дир васасулги. КъваригIараб жо ккани, дун кив ватулев нужеда лъала. Вассалам-вакалам!

Цинги гьев гIедегIун жиндирго кабинет бугеб рахъалдехун валагьун ана.

Гьеле гьедин байбихьана Шарипил хIалтIулаб гIумру. БитIахъе бицани, тIоцебесеб къоялъ гьасда ракIалдецин щвечIо Заира. Цо палатаялъуса цогидаб палатаялде МахIач Мирзаевасда цадахъги хьвадулаго, унтаразулгун лъай-хъвайги гьабулаго, бакъанида мех щун батана.

– Жакъа гIела дуе, – ян абуна Шарипида, инсулаб тIалабалдалъун МахIач Мирзаевичас, – сваканги ватила, вакъунги ватила, мун ине бегьила.

ХъахIаб халгIатги тIаса бахъун, азбаралъуве жиндирго машина тараб бакIалде гIагарлъулев Шарипил циндаго бер кIутIана гьениб аскIобго лъураб Заирал «джипалда». «Гьайни жеги больницаялдаго йигин ккола», – ян пикру гьабуна гьас. Цин Шарипие бокьун букIана гьелъухъ валагьун чIезе, нахъойги ракIалде ккана, гьанже гьей къойилго йихьизе йигей, цохIо цIар гурони, цоги щибниги жиндир хIакъалъулъ лъаларей яс ячIинегIан чIей гIантаб жо ккелилан.

* * *

Нахъисеб къоялъ унтаразухъе гIедегIун, коридорккун унев вукIана Шарип, циндаго цо кабинеталъул нуцIа рагьуна ана ва гьениса къватIие ячIана, кодор ккурал кагътаздеги машгъуллъун, Заира. Шарип цин вихха-хочана, ракIалдаго гьечIого гьей цее чIедал, цинги абуна:

– ЙорчIами, Заира! – илан.

ГIолохъанай тохтур щив гьавали ракIалдеги щоларого, тIоцеве вихьулев чиясухъ гIадин ялагьун хутIана Шарипихъ. Гьелда цIакъ рекъон букIана хъахIаб халгIат, мугъалде рехун букIана лахIчIегIераб бицsmåтаб гъал, бетIералда тIад лъун букIана тохтурасул тIагъур. Циндаго гьелда гьев ракIалде щванин ккола, амма гьелъул щибниги хIал хисичIо.

– ВорчIами! – ян пахруго жаваб кьуна гьелъ. Я гьимичIо, я тIокIалъ гьасухъ ялагьичIо, долго кагътаздеги машгъуллъун, цеехун ана.

Шарипида живго кутакалда хIакъирлъун вихьана. «Гьалъие щиб? Сунца гьай гьадигIан чIухIун йигей? АскIосан боржун унеб тIотIохъ гIадин ялагьана гури дихъ… Йохъ, дица гьединаб бербалагьи гьей ясалъул рахъалъан хIехьоларо, жеги цониги яс гьедин чIухIадго дида кIалъан йикIинчIо. Балагьилинха чан къоялъ гьеб пахрулъи дуе гIолебали…» – ян жанисанго кIалал гьикъана гьес гьелда.

ХIалтIул къоги лъугIун, жиндирго машинаялде аскIове щварав гьасда бихьана, добго бакIалда чIараб хъахIаб «джип». Цин гьав инехъин вукIана, амам циндаго гьасул пикру хисана: «Дун кивего гIедегIун гьечIо гури, гьей къватIие ячIинегIан чIела. ХIалбихьила цоги нухалда гьейгун кIалъай гьабизе,

гурони, рогьинегӀан макьу щвезе гьечӀо каранда рухъардулел гьал кьогӀал пикрабаз…» Шарип гӀемераб мехалъ чӀезе ккечӀо гьелъухъ валагьун. ГӀинда телефонги чӀван, цо щивалигун кӀалъалаго, аскӀое щолей йикӀана гьей. «Лъазе бокьилаан щивгун гьай чалух кӀалъалей йигеяли», – ян абураб пикру рекӀелъ бегӀераб щакдарилъун хӀунсана гьасул. ГӀедерго кӀутӀизе лъугьана каранда ракӀ, васас гьелде данде гали тӀамуна.

– Заира, гьанже нилъ цо больницаялдаги хӀалтӀулел ругелъул, къойилго гьанир дандчӀвазаги ругелъул, рачӀа цодагьалъгӀаги нилъго гӀагарлъизе, цоцада лъазе, цо кир ругониги гӀодор чӀезе, кофе гьекъезе…мун гӀедегӀун ятичӀони…

Цо лахӀзаталъ добго жиндирго чӀухӀараб ва цӀорораб балагьиялъ ялагьана яс Шарипихъ, цинги телефонги сумкаялъуб къазабун, машинаялъул кӀулал рахъана гьелъ къватӀире.

– Дун сваканги йиго, рокъое гӀедегӀунги йиго, – ян абуна гьелъ машинаялъул нуцӀаги рагьулаго, – дуца цоги гӀолохъанчӀужу ялагье дуйго рекӀелгьеялъе…

ТӀокӀалъ гьасул санги гьабичӀого, гӀедегӀун бачун ана гьелъ машина.

РогьинегӀан макьу щвечӀо гьеб сордоялъ Шарипида. Гьас щулияб хӀукму гьабуна тӀокӀалъ киданиги гьей йигеб рахъалдехун берцин тӀамиларилан. Гьав рекӀекълъун вукӀана Заирагун кӀалъаялдасаги, гьелъулгун лъай-хъвай ккеялдасаги. Цин Шарип гьесана инсуда цӀехезе Заирал хӀакъалъулъ, гьесда лъалеб батила гури гьелъулги гьелъул эбел-инсулги хӀакъалъулъ цодагьа-макъабниги жо. Амма гьикъичӀо. ЖахӀабго тана. Цо кинабалиго бичӀчӀулареб жанисеб хӀалалъ квалквал гьабулеб букӀана инсулгун гьелъул хӀакъалъулъ кӀалъай гьабизе. Заман арабго гьадингоги кинабго лъалилан, сабру гьабун чӀана.

* * *

БотӀролъ руккел гьабун чӀарал рахӀатхварал пикрабаз квалквал гьабизе биччаларилан, Шарип, унго-унгояб къагӀидаялъ хӀалтӀулъ тӀерхьана. МагӀарухъ, районалъул больницаялда хӀалтӀулев вугев гьудул Къурбанги вачӀун вукӀана цо чанго къо базе шагьаралде. Къад рихьизе заман букӀинчӀелъул, гьудулзаби къаси-къаси данделъулаан ва унаан рестораналде яги цоги кире ругониги хӀохьбахъи гьабун, гӀодор рукӀинеги, иш-пишаялъул бицинеги, ургъелал рикьизеги.

– Бицеха, кин кколеб бугеб магӀарухъ дур хӀалтӀи? Кин ругел эбел-эмен, лъади Рисалат? – абун суалал кьуна Шарипица гьудуласе.

Къурбаница цеего жиндиего абун йикӀарай гӀагарай яс ячун йикӀана. Гьелъул цӀар бахъарабго, гьесул гьурмада талихӀаб гьими басандана.

– ХӀалтӀиги дие рекӀее гӀун буго, гьудулавчи Шарип, эбел-эменги гьабсагӀатни квеш гьечӀо, цо-цо унта-щокълъичӀого рукӀинищха кӀудиял чагӀи, Рисалатицаги кватӀичӀого вас гьавизе вуго…

Шарип ракӀ-ракӀалъ вохана гьудуласе кватӀичӀого лъимер гьабизе букӀин лъайдал, гьелдаса кӀудияб талихӀ щибха бугеб. Хадув гьев цодагьав пашманлъана ва вуцӀцӀухӀун чӀана. Гьасиеги заман щун букӀана хъизан гьабизе, лъимал гьаризе, букӀинеселда тӀад ургъизе, амма ракӀ чӀобого букӀана. КигӀан цӀакъ кӀочене яхӀ бахъаниги, Заираги пикрабалъа уней йикӀинчӀо.

– Шарип, дуда кида ракӀалда бугеб хъизан гьабизе? – ян гьикъана Къурбаница гьудуласул хӀал бичӀчӀараб гӀадин, – заман щун буго, гьудул. Мун

бищун кIудиявги вугелъул, дур эбел-эменги гIащикълъун ратила гьитIичазухъ. ГьечIищха цониги дуе рекIее гIолей ясго?

– Лъаларо…ГьечIин ккола, – гьев цо лахIзаталъ гIенеккун чIана, – заманни щун буго, мун битIарав вуго…

Шарипие бокьун букIана гьудуласда кинабго ракIбацIцIадго бицине, амма гьев нечана, кIвечIо гьесда жиндирго хIакъирлъиги къварилъиги гьесие рагьизе…

Гьелдаса нахъе ана цоги чанго къо. КигIан яхI гьабун чIаниги Заира кIочене бокьун, гьелъул сипатги, пахруяб каламги, чIухIараб балагьиги, нахъе-нахъеги тIадруссунги рачIун, гьасие кинабгIаги рахIат толеб букIинчIо. Гьеб хIакъикъат дару гьечIеб унтиялде сверулеб букIана. Гьанже щибаб къойил, хIалтIи лъугIарабго, ясалда жив вихьулареб, амма жиндаго гьей йихьулеб бакIалда вахчун чIолаан гьав. Цинги гьелъул машинаялда хадуб бигьа гьабун жиндирго машинаги бачун унаан гьелъул азбаралде щвезегIан, халккун чIолаан гьей рокъое жание тIерхьинегIан. Хадубги, гьебги гIечIого, гьас байбихьана рада-радалго, вачIун гьелъул азабаралдегун, бихьуларелъуб машинаги лъун, гьей рокъоса къватIие ячIиналъухъ валагьун чIезе. Шарипие бокьун букIана ясалъул хIакъалъулъ кинабго лъазе: кие гьей унеялиги, щивгун дандчIвалей йигеялиги ва цогидабги.

Цо къоялъ бакъанида, хIалтIул къо лъугIарабго, гьал кIиялго цадахъ ккана больницаялдаса къватIире. ТIокIалъ жив тIоцеве гьелда кIалъазе гьечIин, хIалтIуда йихьаниги, йихьичIеб ххвелги гьабун ине вугилан жиндиего щулияб рагIиги кьун вукIарав Шарипида, гьеб лахIзаталъ, Заирада берчIварабго, кинабго кIочон тана. Цевехун гьавги виччан, сумкаялъуса машинаялъул кIулал рахъана гьелъ. Амма Шарип гьелда цеве лъалхъана ва гьурмаде багIарлъиги рехун, гIедегIун абуна:

– Заира, жакъа дун гьавураб къо буго, дур заманги батани, мун разияйги ятани, бокьун букIана къаси рестораналда гIодор чIезе…

Яс гьесие жаваб кьезе гIедегIулей йикIинчIо. Шарипида ракIалде ккана гьеб, гьелъул жавабалъухъ балагьун чIараб чанго секунд сагIтиде сверанилан. Жиндир гьавураб къо бугилан гьереси бицана гьес, гьей йихьарабго гIемер ургъизе заман букIинчIо. Гьеб букIана тIоцебе ботIролъе бачIараб пикру. ГIедерго каранда кIутIулеб ракIги хIалицаго сасинабун, ясалъул бадиве валагьун хутIана гьев.

– Дун разияй йиго, – ян рагIана гьасда ясалъул кинабгIаги хинлъи яги хIеренлъи гъорлъ гьечIел цIоро-гъорорал рагIаби, амма кутакалда вохиялъ гьасул цодагьаб бетIерцин сверана. – Хъвай дир телефон, – ан абуна гьелъ гьесухъги ялагьичIого, бераз жиндирго машинаги балагьулаго.

Гьурмада хурхараб разияб гьимиги бахчизе кIоларого, Шарип, ясалъ циндаго инкар гьабизе гуриланги хIинкъун, рокъове гIедегIана. «Ахир-къадги кIвана гури дида гьеб цIорол гамачI биинабизе, лълъел къатIрабаз гамачI бикIулин абуна, разилъана гури дой жакъа дида цадахъ йилълъине. Дун ругьунлъун вукIана ясазда тIад бигьаго росулел бергьунлъабазде… Заира гIададатияй яс гьечIилан ккола, гьей гьуинал рагIаби рицуневщинасе хIеккуней гIадан ятиларо. Гьеб тIадеги лъикI, гьединайха дие къваригIунги йикIарай…».

Васасул гурдида иту кьабулей эбел, разиго вугев Шарипихъ, мех-мехалда, гьоркьанго ялагьулей йикIана. Цевего вихьун вукIинчIо гьалда вас разиго

гьимулев, кидаго кьерхараб гьесул гьумерги бихьун, рахIатхун йикIунаан гьей гьесда хадуй халккун. Гьанжеян абуни гьесул гьимиялъ роцIараб гьурмахъги ялагьун, гьелъие гIилла чIужугIадан йикIиналда кигIан гьитIинабги щакльи букIинчIо гьелъул.

Заирагун данделъизе къотIи гьабураб заман щвезе жеги гIураб мех букIаниги, Шарип, рокъов вукIине сабруги гIоларого, гIезегIанго цевего щвана рестораналде. Гьеб букIана шагьаралда ругел ресторазул лъикIаздаса цояб. Шарип чанго нухалда вукIана гьанив. Гьев лъикI лъалаан гьанир хIалтIулездаги ва бищунго квегIанаб столги биччалаан гьасухъе. Дунял бецIлъулеб букIана. Рестораналде дагь-дагьккун гIадамал ракIарулел рукIана. Гьас заман инабизе цин чай гьекъана, хадубго кофе босун бачIаянги гьарана. Заира кватIулей йикIана. «Ясал кирего кватIула. Гьа, кIваричIин, кие гьей иней ячIинчIого, гьереси дие бицинеги рес гьечIо, цадахъ хIалтIулелги ругелъул…»

ЦIакъго хIинцIго унел рукIана гьеб сордоялъ минутал. Гьале ана къотIи гьабураб заманалда тIадеги бащдаб сагIат. Шарипил сабру тIагIунеб букIана. Ана сагIатги. Гьас телефон кодобе босана ясалъухъе ахIизе. Амма гьелъ жаваб кьечIо. Цоги нухалъ ахIана…хадуб жеги чанго нухалъ… Шарипил цIакъго рахIатхвана. «Цошина машинаялъ аварияцин гьабунадай?..» Рокъове инеги бокьуларого, гьав шагьаралъул къватIахъ тирана таманаб мехалъ. Цинги кватIараб гIужалъ щвана рокъове. «ТалихI бугоха киналго кьижун рукIингIаги, дир кьерхараб гьумер гьазда бихьичIого букIине. Сордо рогьина, радал мех щвела, цинги хIалтIуде щварабго дида лъала хIакъикъат…» Шарип, бусалъе лъугьравго, кьижун ккана.

* * *

Больницаялде щолаго, Шарипил тIоцебесеб пикру букIана Заирал кабинеталдеги ун, гьелъул бадиве валагьизе, щай гьей ячIинчIеяли лъазе. Амма чанго захIматго унтаралги ратун, гьес гьелъулгун кIалъай нахъе бахъун тана. Цин къваригIун букIана унтаразул хал-шал гьабизе.

Къаде нахъе, свакан холаго, чай гьекъезеян буфеталде щварав Шарипида йихьана, борхун чIухIун бетIерги ккун, лъалеб-лъалареб гьимиги гьурмада бессун, аскIое гIагарлъулей Заира.

– Сон ячIинчIогоян гIайиб гьабуге, эбел-инсуца рокъоре гьалбал ахIун ратана, рес букIинчIо дун рокъой чIечIого. Дуе бокьани, гьаб нухалда дун ракIчIун ячIина, рагIи кьола дуе.

Шарипие бокьун букIана «Щайха дуца трубкагIаги кодобе босулеб букIинчIеб? – ан ясалъе бадибчIвай гьабизе, амма кIвечIо, нагагь гьелда квеш букIине гурилан. Цинги щиб лъалеб, тIокIалъ гьев вугеб рахъалдехун ялагьичIогоцин чIезе бегьула гури гьей. – Сабру, сабру ва цоги нухалъ сабру…» – ян щурана гьес жиндиего.

Чанго къоялъ Шарипида Заира йихьичIо. Тату хун, сабру тIагIун, гьабизе жо лъаларого вукIана гьев гьел къояз. Узухъда, гьесда кIолаан цадахъ хIалтIулезда цIех-рех гьабизе яги инсуда гьикъизе гьей кие тIагIарайилан. Амма цIехечIо, вуцIцIухIун чIана. Лъиданиги хIал лъазе теларилан рекIелъ рухъардулел, рахIатхварал пикрабиги рекIел гъварилъуда рахчун, хIалтIулъ тIерхьана гьев. ХIалбихьана цо-кIиго нухалда телефоналъ ахIизе, амма Заираца жаваб кьечIо. Щибаб къоялъ радал больницаялде щолаго, ракI хIалу-

цун кьабгIизе байбихьулаан, тIоцеве гьав валагьулаан ясалъ машина лъолеб бакIалде, гьениб гьеб батичIеб мехалъ сверухълъи-дунялго чIобоголъун унаан, сунцаго вохизавулароан. «ВахI, киегIаги гьай тIагIарай? Унтунцин гурищ яги командировкаялъ унищ?..»

Цо къоялъ инсуца вас жиндихъего ахIана. ГIимраница цIакъго къанагIатго гурони вас жиндихъего кабинеталъуве ахIулароан. Гьесие бокьулароан цадахъ хIалтIулезда жалго цадахъ рихьизе, васасдаги абулаан: «Шарип, дие мунги цогидал хIалтIухъабиги батIиял гьечIо. Дуда ракIалде ккун батани, дица дуде цогидаздаса цIикIкIун кIварги кьелилан, рекIее гIечIеб жо ккани вуцIцIухIунги чIелилан, йохъ, гьедин букIине гьечIо. Дурго букIинесебги дир къадруги цохIо дурго яхI-намусалъулъ букIине ккола» – ян.

– Нилъер гIолохъанай тохтур Заира гьечIо гьабсагIат хIалтIуда, цо чанго къоялъ, дой хисун, долъул унтаразухъ балагьизе бажарилищ дуда?

Шарип цодагьав виххана, гьурмаде багIарлъи рехана, амма гьебсагIатго рекIеда вачIана ва инсуда жинда бугеб хIал бичIчIизе гурилан хIинкъун, кIваргьечIеб ххвелги гьабун, гьикъана:

– КийгIаги гьай нилъер гIолохъанай тохтур йигей, дада? – илан.

Щиб жавабадай инсуца кьелаян гьев цо лахIзаталъ зухзан хутIана.

– Гьей гьудулгун цадахъ гIарабазул улкаялдехун хIохьбахъи гьабизе ана…

Инсул жавабалъ Шарипида бечIараб гIетI базабуна. «Дидаги щибго абичIого ун йиго… Щибиланха гьелъ дида абизе букIараб, ниж гIагарал гьудулзабиги гурелъул. Щив дун гьелъие?.. Щиб нижеда гьоркьоб бугеб?.. Дица ургъун бахъараб гIищкъуги анищги… Дой цониги нухалда гьимизегицин гьимичIо дие, цониги нухалда дир цIарцин абичIо долъ… Дун цIакъ къваригIун ватила гьелъие…»

– Дада, баркала диде гьабураб божилъиялъухъ, узухъда, дица бажарараб жо гьабила гьел унтаразе.

«Йохъ, гIела! Щай дун гьадин хIакъирлъизе кколев гьай ясалда цеве? Йиччанте бокьаралъуе бокьаралгун ине. Гьеб буго гьелъул гIумру! Жакъа къоялдаса нахъе рачахъила ботIролъа гьелъул хIакъалъулъ киналгIаги пикраби. Чан ругел берциналги цIодоралги ясал. ЙикIаян абе жийго жиндиего гIун! Дица тана!..» Гьедин живго жиндаго кIалъалаго ралъдал рагIалдехун валагьун унев Шарипил рекIелъе бигьалъи рехана, гьесул хIатIил роси тIадагьлъана. Ралъдал гьелчолел карачелазухъ валагьун чIана. Цинги къаси сордо тIаде щведал, нахъойги пашманлъана гьев Заираги ракIалде щун, нахъойги рещтIана рекIелъе добго чIобоголъи. АхIана телефоналъ. Амма доб рахъалда добго сихIкъотIи букIана.

* * *

Гьанже щибаб къойил, хIалтIи лъугIарабго, рокъове инеги бокьуларого, Шарип унаан паркалде яги ралъдал рагIалде. Цин цо-цо лъалел-хъвалелги дандчIван, кофе гьекъезе кафеялдеги раккулаан гьал. Хадубги лъиданиги гIемер кIалъазеги бокьичIого, цо щиб бугониги багьанаги батун, гьав гьездаса рикIкIалъулаан. Кидаго аваданлъи-ракIгьей бокьулев, гьудул-гьалмагълъи хирияв дов Шарипил гьанже хутIараб жо букIинчIо. Гьев, къокъабго заманалда кутакалда хиса-басана. Рокъосездаги, узухъда, гьеб бихьулеб букIана. Гьесул вуцIцIухIунчIеялъги пашманлъиялъги рахIатхварай эбел, щиб гьаби-

леб, кин васасдехун кIалъалеяли пикрабалъ йикIана. БукIаниги цо къоялъ гьелъ гьикъана:

– Шарип, дир вас, щай мун кидаго вуцIцIухIун чIолев? Йигищ цониги дуе рекIее гIурай яс? Ятани, гьаб жакъаго ина эменги дунги дуе гьей гьаризе, дуца килищ битIаралъуре…

– Дир хирияй эбел, дир рекIелъ йосарай яс данде чIварайго, дица дуда гьеб параялъго бицина, цо къоялъ бахчун теларо. Божа мун дида, – янги абулаго, васас хIеренго къвал бана Хадижатида.

Амма эбелалъул ракI васасул рагIабаз гIодобе биччазабичIо, гьей додинго ричIчIуларел ва рахIатхварал пикрабалъ йикIана…

Июналъул авал букIана. Дунял гIезегIанго багIарун букIана, амма ралъдалъ чвердолел чагIи къанагIатго гурони рихьулароан, лъим жеги хинлъун букIинчIо. РагIаллъиялда гьеб къоялъул бакъанил гIужалъ, кидаго гIадин, гIемерал чагIи рукIана. МаркIачIул гьогьеналъ дагьав квачарав гIадин лъугьарав Шарип, гьениб аскIобго бугеб кафеялдехун вилълъана кофе гьекъезе. Цоял жанире рачIунел, цогидалин абуни кофе-чайги гьекъон къватIире унел гIадамазул гьаркьазги, релъи-хъуялъги, динамикалдасан рагIулеб музыкаялъги цоял цоязда рагIулеб хIал букIинчIо. Шарип жиндирго бокьулеб бакIалда гIодов чIана, талихIалъ гьеб стол чIобого букIана. ГIодове виччан кофеги гьекъолаго, жиндирго пикрабазде машгъуллъарав гьасда циндаго гуро рихьарал жанире лъугьун рачIунел кIигоял. БетIер тIаде борхарав Шарипида гьел рихьана. Гьес цин берал къанщана макьилъгIаги гуродай жив вугоян. Нахъойги рагьана берал. Йохъ! Кинаб макьу! Гьел рукIана Заираги цо гьасда жеги вихьичIев гIолохъанчиги. Шавкъалда цо сундулалиго бицунаго, хIеренго цоцазеги гьимулаго рачIунел гьезда я сверухъ ругел гIадамазул яги ахIи-хIуралъул ургъелцин букIинчIо. Шарип хаган хутIана, гьесда тIоцебе бихьулеб букIана Заирал гьими. Цадахъ вугев лахIчIераб расалъул хIалакъав гIолохъанчиясе гьей гьарзаго гьимулей йикIана, гьевги гьелда тIаса берги босичIого, гьелъул кверги ккун, дунялалда тIад цохIо жал кIиялго гуроги гьечIел гIадин, Шарип гIодов чIараб столалъухъе гIагарлъулел рукIана. Циндаго бухIун ана гьасул ургьимес, хIухьел цIазе захIмалъана, цинги гьав рекIеда ватилалде гьел аскIорегIан щвана.

– Мунищ? – абун цодагьай йиххарай гIадинги лъугьун, аскIое щолей йикIарай Заира циндаго лъалхъана. Цадахъ вукIарав гьалмагъасдехунги юссун абуна: – Ниж цого больницаялда хIалтIула.

Шарип, квасквасул гIадин лъугьарал махIабазда квералги рахъулаго, тIаде вахъана, гIолохъанчиясул квер босана.

– Шарип, – ан абуна гьес.

– Мурад, – илан досги бетIер гьанкIезабуна.

Жиндир хIалхисиги пашманлъиги гьезда бихьизе гурилан хIинкъарав Шарип нахъе ине гIедегIана.

– Дун инехъин вукIана…дие заман щвана… ЛъикI хутIаги, – ян абуна гьес нахъе-нахъе къалаго. – Нуж гIодор чIа, дун ине ккола…

Гьадин жив хIакъирлъараб лахIзат гьасул гIумруялда жаниб жеги букIинчIо. «ГIабдал! Огь гIабдал! АхIмакъ! Гьанже бичIчIана дида щай гьой дидехун гьодин кIалъалей йикIараяли! Уха, къваригIун вукIун ватила дун гьолъие… Бихьулеб ва якъинаб жо букIана гури дун къваригIун гьой йикIинчIейлъи!

Сунде хьул, кинаб божи дир букӀараб, цониги нухалда дие гьимичӀей, хӀеренго кӀалъачӀей ясалде?! Огь ахӀмакъ! Рекъарабха дуе!..»

Радалго ворчӀарав Шарипида рогьалил бакъуца гвангъараб дунял бецӀлъун бихьана. Каранда рещтӀараб пашманлъиялъ, цо кӀудияб гамачӀ тӀаде бегараб гӀадин, хӀухьел цӀазе кӀолеб букӀинчӀо. Гьав цудунго рокъоса къватӀиве вахъана. Лъиданиги вихьилалде больницаялдеги ун, кабинеталъув гӀодов чӀун хутӀана эмен вачӀинегӀан. Шарипил Заира йихьизеги гьанив хӀалтӀизеги кӀолеб хӀал букӀинчӀо. «Отпускги босила, гьаб гӀантаб гӀищкъуялъул «унти» сахлъизегӀан цо кивениги ина шагьар тун» – абун ургъулев вукӀана гьев.

Амма нахъисеб къоялъ кватӀун ворчӀарав Шарипие кивего ине бокьичӀо. Гьев, жив унтун вугилан рокъосездаги абун, гьале чанго къоялъ бусадаса тӀаде вахъунев вукӀинчӀо. Шарип, лъиданиги бицине бегьулареб, балъгояб рокьул «унтиялъ» унтун вукӀана ялъуни кин абилеб – тӀубачӀеб гӀищкъуялъул нусго гуллаги щун, лъукъ-лъукъун вукӀана.

* * *

Лъаларо кидалъизегӀан гьев рокъов вахчун, бусада вегун хутӀизе вукӀаравали, цо пуланаб къоялъ, ракӀалдаго гьечӀого, гьудулас телефоналъ ахӀун бачӀинчӀебани. Къурбанида щибго лъалеб букӀинчӀелъул гьудуласул гӀумруялъулъ лъугьунел хиса-басиязул хӀакъалъулъ. Гьединлъидал, кидаго гӀадин гьес абуна:

– Мунги гьабсагӀат хӀалтӀуда ватила, гьудулавчи, рачӀа нилъ бакъанида нилъерго кафеялда данделъизе. Дун эменлъунги вахъиндал, дир вас баракатавги гӀумру халатавги вукӀине чура-хули гьабичӀого гӀоларо. Дир ракӀчӀараб буго мун дида разилъиялда.

Гьудуласул рохелалъ цӀураб рази-ракияб гьаракьги рагӀидал, гьесие васги гьавун ватидал, Шарипида ракӀалде ккана, гьабсагӀат жинда бугеб къваридаб хӀал бигьа-бичин Аллагьасго витӀун ватилин гьев жиндихьеян. Гьев гӀедерго бусадаса гъоркье кӀанцӀана. Гьанже жиндие лъалаго мадар лъугьанин эбелалдаги абун, мегеж кӀкӀвазе лъугьана. Хадуб жинцаго иту кьабуна гурдеялдаги тӀажуялдаги. МатӀуялда цеве свер-свердана, цинги гьуинал махӀалги гьарун, хьитал ретӀине лъугьана. Богорокъой квалквадулей йикӀарай эбел, мех-мехалда васасухьги ялагьун, щибго абичӀого гӀенеккун чӀун йикӀана. Гьелда щибго бичӀчӀулеб букӀинчӀо: цин жив унтун вугилан ва лъидаго гьеб бицунгеян бусада вегун чӀарав вас, цойидасанго, кинабгӀаги дару-херги гьабичӀого, жиндие мадар бугилан гьалдаги абун, цо кивеялиго ине къачӀалев вукӀана.

– Эбел, Къурбан вачӀун вуго магӀарухъа. Гьесие васги гьавун рагӀула, нижеца данделъизе къотӀи гьабуна. Дун ана.

– Нух битӀаги, дир вас. Салам бице Къурбанидаги. Гьеб кӀудияб рохел буго…цӀакъ кӀудияб рохел буго…

Васасда хадуй ялагьун хутӀарай Хадижатида бичӀчӀана, хӀакъикъаталдаги гьев унтун вукӀинчӀеблъи, гьев бусада вегун чӀеялъе багьанаги батӀияб букӀин. Цо кида букӀаниги гьеб жинда лъалилан васае суалалги кьечӀого юцӀцӀухӀун чӀана гьай.

Къурбан Шарипидасаги цеве щун ватана кафеялде. Чайги гьекъолаго, газета цӀалулев вукӀана гьев гьудул вачӀинегӀан. Цинги, жаниве лъугьунев Шарип вихьидал, гьурмада рохалил гьимигун, тӀадеги вахъун, гьудуласда къвал бана гьес. Шарип гьесда дандвитӀун гӀодов чӀана.

– Чанго моцI ана нилъ рихьичIого, амма дулъ церехун рукIинчIел хиси-басиял ккун руго, – ян абуна, суал кьолеб гIадин гьудуласухъги валагьун Къурбаница. Къокъабго сихIкъотIи лъугьана гьезда гьоркьоб. – Мун, гьудулавчи, сах гьечIогоцин гурищ вугев, гьурмал кьерги гIажизлъун буго, лъалаго хIакъалъунги вуго…

Шарип ургъулев вукIана щиб жавабдай жинца гьесие кьелаян, бокьун букIинчIо гьереси бицинеги, хIакъикъатги кинха гьесие рагьилеб. Таманаб мехалъ вас-васдилев вукIана гьев щиб абилебали лъаларого. «Гьав вуго дир бищун божарав гьудул, киданиги цоцаздаса бахчараб жоги букIинчIо нижер. Щиб лъалеб, цо лъикIаб гIакълу кьезеги бегьула гури гьас дие. Кин букIаниги хIакъикъат гьудуласдехун бикьани, диегоги бигьалъи лъугьинагури…» – ян пикру гьабуна Шарипица.

Къурбанида бихьулеб букIана гьудул цо киналалиго рахIатхварал пикрабаз жанисан кIвекIулев вукIин. Гьединлъидал, столалда тIад бугеб газеталъухъ балагьулеб ххвелги гьабун, гьесие квалквалги гьабичIого, сихIкъотIун чIун вукIана.

Циндаго Шарипица абуна:

– Дуда ракIалда йигищ доб сордоялъ рестораналда Мадинада цадахъ йикIарай яс, долъ нилъ жиндирго машинаялда рокъо-рокъореги щвезаруна…

– Сипат-суратни, битIун бицани, цебечIезабизе кIоларо, амма гьелъул машина букIараблъи кIочон гьечIо…

Циндаго гьесул калам гьоркьоб къотIана. Гьев тамашалъун гьудуласухъ валагьун чIана… ва гьесда кинабго бичIчIана…кинабгоги гуребха, гьудуласул гьеб хиса-басиялъе гIиллаги багьанаги гьей ясалъулъ букIин бичIчIана.

– Ниж цIадахъ хIалтIулел рукIана…руго…Амма…– Шарип нахъойги вуцIцIухIун чIана. – Цо хъалиян гьечIищ духъ? – ан гьикъана гьес циндаго.

– Дуда лъала гури дица киданиги хъалиян цIалареблъи, дуца байбихьунищ бугеб? Инищ босизе?

Къурбан цо чанго минуталдасан сигареталги росун вачIана.

ГIемер сонал рукIана Шарипица хъалиян цIачIого, амма гьабсагIаталда, цоялда хадуб цояб гьабун, ургьиб тункизегIан биччана гьелъул кIкIуй. Официнтка ячIана квенги коньякалъул шишаги босун. Къурбаница шиша рагьана ва гьеб рюмкабахъе тIуна.

– РачIаха, борхизин цо-цо лълъар, – ян гьимана гьев, – дир вас Шамил лебалавлъун лъугьине.

Шарипица гьекъана, цIана нахъойги хъалиян.

Цинги бицана гьудуласда кинабго, щибниги гьоркьоб течIого. Бицана пахруяй Заирал рекIелъ жив восичIолъиялъулги, жиндирго хIакъирлъиялъулги, рекIелъаги яхъун гьей нахъе рехизе, гьей кIочене гьанже жиндие бугеб захIматалъулги.

– Дица цоги больницаялда балагьила хIалтIизе бакI, бокьун гьечIо тIокIалъ гьейгун дандчIвазе, – ян пашманго лъугIизабуна гьес жиндирго къиса.

Къурбан сихIкъотIун гIенеккун вукIана гьудуласухъ ва пикрабалъ тIерхьун вукIана киндай гьесие кумек гьабилаян, кинаб гIакълу кьелаян.

Цоги нухалъ тIуна рюмкабахъе коньяк, гьекъана. Нахъойги цIана хъалиян. Чанго нухалда такрарлъана гьеб. Цонигияс биххизабулеб букIинчIо гьезда гьоркьоб лъугьараб сихIкъотIи. Кин букIаниги, Къурбанида бичIчIулеб букIана жинда тIадаб букIин гьудуласе кумек гьабизе, гьес жинда ракIбацIцIадго кинабго бициндалха. Шагьаралда къоял ран чIезеги заман букIинчIо гьесул, нахъисеб къоялъго магIарухъе ине кколаан, амма гьедин къваридго гьудулги тун ине ракIалъги къабул гьабулеб букIинчIо.

Циндаго, цо щибалиго ракIалде щвараб гIадин Къурбан живго жиндиего гьимана. Гьимулаго гьев гьудуласухъ балагьун чIана.

«Щайдай гьав дихъги валагьун гьимулев вуго? Гьасие щибха, гьесул ккун гьечIелъул рокьи дир гIадин щоларей ясалъухъ, гьудулго гьудул вукIаниги, дир хIалги дир пикрабиги ричIчIизе гьесда кIвезе гьечIо…» – ян ракIбекун, гъоркьанго гьимулев гьудуласухъги валагьун, ургъулев вукIана Шарип.

– Дица цебего цо тIехьалда цIалун букIана, – ян абуна Къурбаница гьимиги гьурмадаса нахъе бачахъичIого, – цебего ккараб лъугьа-бахъин буго гьеб. Франциялъул цIар рагIарав хъвадарухъан Александр Дюмал рокьи ккун букIун буго гIолохъанай, гьайбатай ясалъухъ. Чанго нухалда къасд гьабун буго гьес гьей жиндехунго юссинайизе. Хъвалел рукIун руго гьелъухъе жиндирго хIасратаб гIищкъу загьир гьабурал кагътал, кьолел рукIун руго гьелъие хири-хириялщинал сайгъатал, бечедал чагIи данделъарал кьурдул балазда-вечеразда гьес гьей жиндего данде кьурдизе яхъинаюлей йикIун йиго. Амма яс гьесухъ ялагьулей йикIун гьечIо, цIакъ чIухIун кIалъалей йикIун йиго. Ахир-къадги чара тIагIарав, къобухIарав хъвадарухъан рокъов чIун вуго кивего инчIого. Рокьул унтиялъ унтун вуго гьев. ГIищкъу, гьеб унго-унгояб батани, хехго сахлъуларо, данде жаваб гьечIеб хIасраталъ бухIулеб букIуна керен-ракI гIезегIан мехалъ. Гьедин, татуги хун, жиндир унтуе дару гьечIеблъиги лъан, гьес ургъун буго гьадинаб жо. Къаси-къаси бусада вегаравго, beралги къанщун, гьес цебечIезабулеб букIун буго гьей гьайбатай ясалъул жиндихъ рокьи кколеб, гьей жийго гьесухъе рокъое ячIуней. Сордоги жинда аскIоб бан, нахъисеб къоялъ рокъое уней. ТIубараб сордо йокьулей ясгун борчIарав гIищкъу ккарав, нахъисеб къоялъ къалъизегIан кьижун хутIула. Гьев талихIав вукIуна. Къаси нахъойги ячIуна гьесухъе яс. Гьеб рокьул сордоги тIамула гьез талихIал лахIзатазда. Гьанже яс гьасухъе щибаб сордойил ячIуна. Хъвадарухъанасда дагь-дагьккун гьей чIалгIине лъугьуна. Гьес гIолохъанай ясалъул гIищкъуялъул ицц гIорцIизегIан гьекъола. Гьесие къваригIарабщинаб гьелдаса щола. Гьев гьанже тIубанго гIодове виччала ва тIокIалъ гьей яс жиндихъего ячIине бокьичIого вукIуна. Гьев рокьул унтудаса сахлъула. Цо моцIидасан кьурдул бал-маскаралде арав гьесда данде ячIуна, гьимулаго, дой гьасул рокьи ккарай яс. ЦIехолдизе лъугьуна гьелда мун кив вукIаравин, тIубараб моцIалъ вихьичIин, жий дур пикрабалъ йикIанин. Цинги гьелъ абула жий разияй йигин киналго кьурдаби мунгун кьурдизеги. Гьев гьелъухъ валагьула тIоцее жинда гьей яс йихьулей гIадин. Гьесда гьеб лахIзаталъ бичIчIула доб рекIелъ букIараб бухIараб хIасаталъул кинабгIаги асар жиндилъ хутIун гьечIеблъи. Гьев, жиндирго балъголъиги гъоба гъварилъуда бахчун, живго жиндиего гьимулаго, жеги жинда йихьун йикIинчIей, цо гIолохъанай яс йигеб рахъалдехун уна. Тамашалъун хадуй ялагьун дой цояй ясги хутIула...

КIиялго кеп щун релъанхъана.

– Къурбан, дуца дие гьеб бицараб, дие мисалалъейищ? – ан велъулаго гьикъана Шарипица. – Гьебни махсара батила, гьудулачи, дур. Киса дихъа гьеб бажарулеб, – гьев нахъойги ракI-ракIалъ велъанхъана.

– Щай бажаруларeб? – ан беркъинкIана гьудулас. – Дуца хIалбихье, щиб лъалеб кин ккелебали. Кин кканиги, гьеб даимго дурги дирги балъголъилъун хутIила…

Сордо бащалъуде щолеб букIана. Гьудулзабазе заман щвана ратIалъизе

– Къурбан, баркала, гьудул, дуе, – ян абуна Шарипица гьудуласда къвалги балаго, – салам бице эбел-инсудаги Рисалатидаги. Васги нужеца цадахъ рекъон хьихьаги. Нух битIаги.

* * *

Нахъисеб къоялъ кватIун ворчIарав Шарип, къаси гьудулас бицараб хабарги ракIалде щун, гьимулев вукIана. Жакъа гьав кивего гIедегIун вукIинчIо, отпускалъулги жеги гIурал къоял хутIун рукIана. ТIаде вахъана. Чай гьекъана, телевизор биччана. Рокъов щивниги вукIинчIо. Дагь-дагькkун заман анагIан, доб ворчIараб лахIазаталъ букIараб гьимиги гьудуласулгун букIараб дандчIвайги нахъе къана, пашманаб хIакъикъаталъ нахъойги къвал бана. «Дой ятилаха больницаялда…» – абун кьогIго угьун биччана. Цин гьесие кутакалда бокьун букIана цо параялъ гьениве ваккизе, Заирада рикIкIадасанго берги кIутIун, нахъе ине. Гьев ургъулев вукIана, гьей йихьани, жиндир рекIее бигьалъи щвелилан, амма сабру гьабуна. «Йохъ, инаро, гьеб гIададисеб жо буго, гIела гьадингоги хIакъирлъарав…» – абун яхI гьабун чIана. Рокъобги чIалгIун къватIивехун вахъана тира-сверизе.

…ЧIамучIго ва хIинцIго унеб букIана заман. Сунцаго кеп кьолеб букIинчIо. Живго жиндаго чIалгIун вукIана, рокъосездасаги намуслъун вукIана Шарип. Гьесие бокьун букIана эменгун кIалъазе, жиндие цоги больницаялде ине бокьун бугин хIалтIизеян гьесда абизе. Узухъда, инсуе гьеб рекIее гIеларо, амма васасе нух къазеги гьев лъугьинаро. ГIимран ГIисаевич шагьаралда вукIинчIо, гьев къватIисеб пачалихъалде командировкаялъ ун вукIана ва вачIинеги жеги анкьниги букIана.

Къаси нахъалъагIан макьу щоларого, ургъалабалъ тIерхьун вукIана Шарип. Эбел-инсуца сундулго ургъелги тIаса босун, цо цIалул гурони ургъелги гьечIого ана гьасул гIолиллъи. Гьале гьанжейин абуни, циндаго гIумруялъул бакIаб гьир тIаде беганин ккана гьасда.

Кинго щолеб букIинчIо макьу. РакIалде щвана Къурбаница бицараб хабар. Гьанже гьав гьимулев вукIинчIо. «Дицаги хIалбихьани довго Дюмаца гьабураб гьабизе? Лъида гьеб лъалеб цохIо дида гурони…Гьабуниги гьабичIониги холеб жо щиб бугеб?.. Лъие гьелъул зарал кколеб… Гьеб хутIила цохIо дир балъголъилъун…»

Шарипица берал къанщана. Гьале гьавги Заираги кIиялго кватIараб гIужалъ гьасул кабинеталъур гIодор чIун. Цин, киназдаго цадахъ хIалтIул заман лъугIарабго рахъ-рахъалде ана гьал, цинги къотIи гьабун букIана цо-цоккун тIадруссине. Гьале гьасул кабинеталда гьасда дандйитIун гIодой чIун йиго жеги гьав къочичIей яс. Гьей хIасратго гьасул бадие ялагьун йиго. «ТIоцебе доб рестораналда дуда берчIварабго рекIее гIуна мун дие…», – ян щурулеб буго гьелъ. «Дида мунги рекIелъа инчIо йихьаралдаса нахъе…», – ан данде щурула Шарипицаги…

Рогьалилъ кьижун ккарав Шарип къалъизегIан кьижун хутIун ватана. ТIаде вахъана, матIуялда цеве эхетана. Жиндир къасисеб балъголъиялъул лъалкI хутIун бугодай гьурмадаян валагьун чIана жиндихъго. Цинги эбел йигеб рахъалдехун бер рехана, гьей сунданиги щаклъизе гурилан. Гьаб гьабун, доб гьабун, хехго къо инабулев вукIана къаси сордо тIаде щвезегIан. Къаси бусалъе лъугьаравго, додинго берал къанщана Шарипица. Добго кабинеталда жиндихъ гIащикълъун ялагьун чIарай ясалда къочана гьев…

Ана чанго къо. Шарип дагь-дагькkун «сахлъулев вукIана». Гьанже гьав къаси сордо рещтIиналъухъ халккун, сабру тIагIун валагьун вукIинчIо. Гьелъул гIаксалда, нахъалъагIан телевизоралъухъ валагьун вукIунаан, бусаде вахаравго хехго кьижун ккезе бокьун. Лъалаго гьурмаде кьерги рехана, гьи-

мизе ва гара-чIваризеги лъугьана. Сапаралдаса вуссарав инсуца кин-щибан гьикъидал, васас абуна:

– Дада, чIалгIана дида рокъоб хIохьбахъулев вукIинги, талихIалъ лъугIана отпускги, метер цадахъ рилълъина хIалтIулде, – ян.

Нахъисеб къоялъ жиндирго бакIалда машина лъолаго, Заирал «джипалде» бер рехана гьас, амма цо гьитIинабниги чорхолъ хIалхисараб жо лъугьинчIо. ХъахIаб халгIатги ретIун, унтаразухъе палатаялъуве гIедегIун коридор ккун унев гьасда хадуй гIунтIана Заира.

– Шарип, ворчIами! Дида рагIун букIана мун отпускалъ вугилан, кинха дуца хIохьбахъараб? – ян гьимулаго гьасул бадиеги ялагьун цIехана гьелъ.

Гьав гьалъухъ валагьана, абухъего, тIоцее йихьулей гIадин.

– Дие рекIее гIуна, – ян жаваб кьуна гьес гIодове виччан, живго жиндаго-цин тамашалъана гьев: «Кибе араб дир рекIел хIалуцин?» – янги ургъулаго. Цинги тIадеги жубана: – тIасалъугьа, Заира, дун унтаразухъе гIедегIун вуго. «ГIаламат, тамашалъи, - ян ургъулев вукIана, гьейгун ватIалъаравго, Шарип. – КингIаги дой дие рекIее гIурай? Щиб бугеб долъул цогиял ясаздаса батIи-яб тIокIаб жо?.. Щиб дида долъул берцин бихьараб?.. Гьодораб, чIобогояб долъул пахрулъи?..»

Гьев ана жиндирго унтаразухъе, гьел гьесухъ ралагьун чIун рукIана. Хадуй ялагьун гьалгъан хутIана дой гогьай ва пахруяй яс.

Я гьеб къоялъ, яги нахъисел къоязда Шарипида цониги нухалъ ракIалде щвечIо Заира. Гьейин абуни, гьелъул гIаксалда, кибехун гьас гали тIамуниги, аскIое щолей ятулаан.

– Дир телефоналъул номер добго бугоха, – ян щурана цо къоялъ, гIедегIун буфеталда кваналев вукIарав Шарипида аскIовеги ячIун гьелъ, – мун ахираб заманалда цIакъ хиса-басун вугин ккола дида. Доб къоялъ ралъдал рагIалда кафеялда дида цадахъ вукIарав вас Мурадгун ниж гьанже рихьизецин рихьу-ларо, нижеда гьоркьоб ракIхвей ккана. Мун долдаса нахъе барщунгIаги гурищ дидаса? – ян кIарчамго гьимана гьей нахъойги.

Шарип вуцIцIухIун чIун вукIана. «Телефоналъул бицуней йиго… Чан ну-халда ахIаниги цониги нухалда кодобецин босичIо дуца гьеб». Гьеб лахIзаталъ гьесда бичIчIана гьей чIухIарай ясалдаса жив тIубанго «сахлъаравлъи», цо гIажаибаб тIадагьлъиги рохелги рещтIана гьесул рекIелъе, доб цебего букIараб эркенлъиялъ нахъойги къвал бана.

– Телефоналъул номер дихъ бугин ккола, Заира, – ян жаваб кьуна гьес, – гьанже дун ине ккола, гIайиб гьабуге.

Шарип рокъове гIедегIун вукIана. Норлъ къаси рокъоб хабар ккун букIана гьасие чIужу ячиналъул. КъотIи гьабуна гьоболлъухъ ахIизе инсул цевегосев гьудулги гьесул хъизанги. Шарипида гьел лъалаан, гьединго лъалаан гьезул цохIого-цо йигей, гьабсагIат университеталда цIалулей йигей Калиматги. Гьей гьасдаса чанго соналъ гьитIинай йикIана ва таманаб мех букIана йихьичIого. Калимат гьасие кидаго рекIее гIолаан, йихьанщинахъе гьас махсараби гьарун толарого нечезаюлаан гьей. Гьанже саламатай гIадан лъугьун ятила гьелъул.

БухIараб августалъул бакъ, жиндирго чIоралги данде ракIарун, мугIрузде нахъе щинкIун унеб букIана. Шарип, бигьа гьабун щагьаралъул къватIахъан машинаги бачун, рокъовехун валагьун унев вукIана. ТIабигIатги гIадамалги разиго гьимулел рукIана гьасие, данде гьимун гьасги кьолеб букIана гьезие ракI-ракIалъулаб жаваб.

**Супиянат МАМАЕВА**



*Хасавюрт районалъул Костек росулъа Супиянат Мамаева гIагараб росдал школа лъугIун хадуй цIалана Хасавюрталъул З.Батырмурзаевасул цIаралда бугеб педучилищеялда. Дарсал кьуна Параулъ росдал гьоркьохъеб школалда. 1984 соналъ Супиянатица лъугIизабуна М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институтги. Нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул ВЛКСМалъул Обкомалда цебе букIараб «Иццал» литературияб цолъиялъе, хIалтIана Хасавюрталъул ВЛКСМалъул РК-ялда, ГIалимпаша-Салаватовасул цIаралда бугеб лъарагIазул музыкалиябгун-драмаялъул театралъул литературияб цолъиялда. I99I соналдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан гьей хIалтIулей йиго лъарагI мацIалъ къватIибе биччалеб «Тангчолпан» литературияб журналда. ГьабсагIат Мамаева ккола гьеб журналалъул редактор.*

*Супиянат Мамаева 2003 соналъ Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъун йосана.*

*Дагъистаналъул тIахьазул издательствалъ къватIире риччана чIахIиязе ва лъималазе хъварал кучIдузул чанго тIехь.*

*Супиянат Мамаевалъул гIумруялъул исана 60 сон тIубала.*

**ДИДА ЖЕГИ РАГIУЛА**

**Доб мехалъ дун жеги лъимер йикIана,**
**Лъимер йикIаниги, ракIалда хъвана,**
**Нижер мадугьалихъ дида рагIана,**
**Руччабазул гаргар, дир эбелалде,**
**ЗахIматаб гIумруги бакIаб къисматги,**
**Кьун бугин гьелъийин, гьезул бицарди:**
**«Хъалаялъуб бахчун батилин талихI, –**
**ГIумруялъго гьелъий гьимичIеб талихI».**

Эбелалъ ахIана, дун екерана…
Амма руччабазул гьадаб бицарди
Даималъго дилълъе лъугьун хутIана.
Долдаса гIемерал моцIалгин сонал
Сапаралъ рукIана тIадруссин гьечIел.
Гьез цадахъ рачун ун, гьадал руччаби
Нахъруссин гьечIелъуй ана. ТIерхьана.

Амма кигIан моцIал, сонал аниги,
РагIула жакъаги, доб къоялъ гIадин,
«Хъалаялъуб бахчун хутIараб талихI,
ГIумруялъго долъий гьимичIеб талихI».

## ДУР ЛЪАЛКIАЛ

ГIаздатIа хутIарал дур хIатIил лъалкIал –
Дир рокъой лъугьунел ахирал лъалкIал.
ГIазу буго рагьдухъ, гIазу буго дилълъ,
Багьа тIадегIанаб дур сайгъат гIадин,
Дур лъалкIал хутIана, рихьун йохизе.

Хасало гIазуцин биинабулеб
Дун рази гьаюлеб гьадаб дур гьими,
Гьанже дир кавудахъ гIазул гъонолъе
Реххараб цIункIулукI – цIорораб гьими.

Ана мун рикIкIаде, дунги балагьун,
Гьуразул асирлъун бураналъ восун.
Дунни йохун йиго дур лъалкIаздаса,
ЛахIзаталъ талихIлъун дие лъугьарал.

* * *

Йохъ, дица нуцIа къачIо,
«ТIадвусса!» – ян гьаричIо.
ЛъачIо мун хаслихълъидул
ЦIадахъ урхъун вугеблъи.

Мун гIащикъ вукIараб цIад
Чвах-чвахун тIолеб буго,
Ракьалда бакъвараб т1анкI
Теларин гьедараблъун.

ЦІадаца къадал руго
Дир рукъалъул гьаргьалел,
ЦІалтун биччараб рекІел
БокІналълъе баккараблъун.

* * *

Дир нух тІу-тІулаго ун вуго цояв,
Унго, кигІан бакІал хІатІалдай гьесул.
Нух гІадин, дир рекІел бидурихьалги
ТІу-тІун ран руго гьес, рагІул бакІлъиялъ.

Дир гордал цІцІер буго гъурун гІодой бан,
Дица дунго йиго гІодоса йищун,
Данде якІарулей рекалабилъун,
КІвезегІаги кІвани дун якІаризе,
КІвелародай, унго, данде регъезе?

* * *

Дуниялалъулго рахІат хвезабун,
Дур гьаракь рагІизе къеркьолей йиго.
Телефоназ дур цІар ахІулеб буго,
ХутІанадай дир цІар дуда ракІалда?

Гуро, гуро, дуца дир ахІи рагІун,
Телефон хьатиниб къалеб батила.
Расги гурхІичІого дур ракІги лъукъун,
Нахъеги дун дандчІван, цІорон ватила.

Дица дур каранда лъун тараб ругъун,
Жакъа дирго рекІелъ бугеб куц бигъун.
Дол дуде реххарал хехал рагІаби,
Дидего гирулел руго гьарчаллъун.

Дур каранлълъ кидаго сахлъичІеб ругъун,
Дида бикІарула, дун гьелъ лъукъула.

ТІолго дунялалъул рахІат хвезабун,
Дур гьаракь рагІизе гІащикълъун йикІун.
Дур кІалалъ абичІел рагІаби рагІун,
Телефон сорола дидаса цІикІкІун.

## ХЪАХІАЛ ХІУНКЪБУЗУЛ АХІИ

Нилъер гьоркьоб бикьизе цохІо щибниги гьечІо,
БукІа абе кинабго цебе букІараб хІалалъ.
Рокъоб гуреб, кибали цІехола дуца талихІ,
Амма талихІ букІуна рокъоб духъ балагьунчІун.

Дурго бугеб бечелъи дудагоцин лъаларо,
БагIараб тIегь кинигин гьимулей йиго дур яс.
Гьелдаса кIудиябги бечелъи щиб букIунеб,
Елъулей йиго лъади, гIун вачIунев вуго вас.

ЦIацин гъечIого дуца дир соналги рухIана,
ХъахIал хIункъбилъун рахъу лъедон ана рикIкIаде.
РакIалъ нахъе-нахъеги дур цIар ахIанщинахъе,
Дида хъахIал хIункъбузул ахIи рагIула гIинда.

## РОХЕЛ КИСА ГЬЕЗИЕ?

Бакъ хIайранлъун буго дир рокьияде,
Дир рохалидацин жахIда ккун буго.
Дир рокьиялъ буго тIегь гIадин тIегьан,
ТIолабго дуниял, гвангъун, берцинлъун.

Биччай хIалхъублъизе моцIролги диде,
Гьадал накIкIалгицин бахиллъе абе,
Дир гIадаб гьуинаб рокьи гьечIони,
Рохелги талихIги киса гьезие?

* * *

Дир рекIелъ буран буго,
Бахчизе бакI гьечIого.
Дир накабазда хурхун,
Хаган сихIкъотIи буго.

Хъулби кинигин, тIелхаз
Рахан дур берал руго.
Дир горда квер бахъулеб
ХъахIаб гIодонакIкI буго.

* * *

Дурго бухIараб хъатикь дир соролеб кверги ккун,
Дун цIорорай йигилан абизе гIедегIуге,
Цо дур хинаб рагIиялъ хинлъизабичIеб дир ракI,
БухIараб дур квердалъун хинлъилин яхI бахъуге.

* * *

Дир горда чIор басандун,
КунчIана, ссвана канлъи.
Ссвараб дир ракIги гвангъун,
Гьеб пиридул канлъийищ?

Гуро. Гьеб дир хьул буго,
Пиридул паркъи гуро,
Дирго магIил гаразулъ
Жакъа дида мун лъана.

## ГIЕМЕРАЗДА КIОЧАНА

ГIемеразда кIочана,
Дудаги кIочена дун.
Амма буго хIикмалъи
КIочонтей жиндий гьечIеб.

Даималъеян хъварал
Мухъалцин кIочон тола.
Анищалги къасдалги
Рукъараб хоб кIочона.

Бецlаб сордо гвангъараб
МоцIгицин кIочон тола.
Дур рекIеда бухIараб
Риигун их кIочона.

КIочонареб жо гьечIо
Ракьалдаги зодобги,
КIочонаро кидаго
Дуда дун кIочене кIвей.

## НУХЛУЛАВ

Мун гьанив лъалхъун щай вугев, нухлулав,
Борхизе кIолареб магъ бакIлъидалищ?
Бащдаб нухги тун, мун лъалхъилаандай,
Магьидаса бакIаб ургъел гьечIого?
Мун рештIине бакIищ щечIеб, нухлулав,

Ялъуни, дур бакIлъи борхизе чийищ?
«Я дуца нух хисе, яги тIадвусса!
Бащадаб нухги тун, лъалхъулев щайзе?»
Цин хIеренго, цинги хъачIго рагIула
Гьесдехун кIалъалеб, лъил гьаракьдай гьеб?

Щив дида кIалъалев?
ГьечIо щивниги.
ЧIобогосеб авлахъ ва дунго цохIо…
Ракьалда дир рагIад, зодир накIкIалги
Дунго гIадин, свакан, гьаругьин унел.

## ГЬАНЖЕ БИЧIЧIАНА

«Лъимал, нуж цIадуда аскIоре къаге,
ЦIадулгун махсаро лъикIаб иш гуро!» -
РакIалде бачIуна лъимадул гIужалъ
Эбелалъ цIунулел ниж цIадудаса.

Доб мехалъул лъимал – гьанжесел улбул,
ЦIодорго бакула гьез гъаситухъ цIа.
Эбелалъ цIуниялъ, цIодор гьариялъ
Жеги хIалхьи гьечIо гьаб дир ракIалъе.
ЙикIун йиго эбел гьадин ургъалилъ,
Дунялалдаго цIа рекIинин хIинкъун.

*Руссинаруна*
*ГIайшат МАЛАЧИЕВАЛЪ*

# ГIакълмуялъул дандерижи

## ГЬЕЗ ГЬАБУРАБ ТАКЪСИР БУКIИНЧIО

ВукIанила улка-ракь кIудияв цо хан. Гьеб ханлъиялда вукIанила, гIезегIан бахIарчияв, халкъалда жаниб рагIи билълъунев цо чиги. Гьесулги ханасулги, щаялиго, бакъан рекъолароанила. Гьадав чияс хIукму гьабунила халкъги данде бахъинабун хан тIаса рехизе. Улка-ракьалъул батIи-батIиял шагьаразде, жиндаго гIадин хан рихарал гIадамазухъе гьесде данде рахъине хIадурлъеян хъварал кагътalги росун божарав чиги витIанила гьес. Ханасда гьеб кинабго лъанила. Гьесул рагъухъабаз ккун вачIун дов чиги, нухдасанго вачун гьес кагътал росун витIаравги, ханасул буюрухъалдалъун чIванила. Кагъталги, тIадецин балагьичIого, рухIанила гьесулго амруялдалъун.

– Кагътал лъихъе ритIулел рукIаралалигIаги балагьизе ккелароанищ, дуда дурго тушбаби лъан рукIине? – ян абунила вазирас ханасда.

– Ккелароан, – илан жаваб кьунила ханас. – Щалали лъаралани, долги дица чIвазе къотIулаан. ЧIвазе ккани, жеги гьез гьабураб такъсир букIинчIо. Дун рихунилан чи чIвазе бегьилищ?

## ЩАЙ ЧIОБОГО ХIАЛТIИЗЕ ККОЛЕЛ?

Хъизан-лъималги гьечIев, ялгъузав херав вукIанила. Щибаб къоялъ бакъанил гIужалъ, авал-къоноялъулго гIисинлъимал данделъун, гьесул рукъалда аскIоб кIудияб ахIи-хIур букIунаанила. ЧIалгIун букIанила гьеб гъалмагъир херасда.

Цо къоялъ гьес киналго лъимал жиндихъего ахIанила ва щивасе анцI-анцI гъурущги кьун, абунила, метер гьабго заманалда рачIун, кIвараб ахIи-хIур гьабеян. Лъималаз херас абухъе гьабунила. Гьесги хадусеб къоялъги гьедин-го рачIаян щу-щу гъурущ кьунила гьезие. Лъабабилеб къоялъги гьадабго жоги абун, цо-цо гъурущ кьунила лъималазе херас. Ункъабилеб къоялъ гьес абунила, дир нужее кьезе гIарацги хутIичIин, букIаниги, метеги рачIайин гьанирего гьадабго ахIи-хIур гьабизеян. РачIинчIила лъимал нахъисеб къо-ялъги, гьелдаса хадусел къоязги гьенире. Гьез хIисаб гьабунила, чIобого жал щайин хIалтIизе кколелилан.

Гьедин эркенлъанил херав дол лъималазул лазатбахъиялдаса.

## ДИЕ ДУР ДОЛЛАРАЛ ХIАЖАТ ГЬЕЧIО

ХIарамлъи-хIалаллъи батIа гьабичIого, гIемераб бечелъи данде бакIаранила цо чияс. Цо къоялъ гьес хIукму гьабунила, кигIанасеб жо данделъун бугищали, жиндирго буголъи рикIкIине. Батанила лъабнусго миллион доллар. Гьаб гIемераб бечелъи бугин, хадуб щиб гьабилебали ургъизегIан, цо лъагIа-лица ракI бугелъубе хIетI щвезабун, чорхое бокьараб гьабун, чохьое бокьараб кванан, кепалда вукIинин живан хIисаб гьабунила гьев чияс.

Гьединал пикрабазда гьев вукIаго, вачIанила гьесул рухI бахъизеян Маликулмат.

– Дуего нусго миллион долларги кьела, цо лъабго къо дир гIумруялъе тIаде жубай, – ян гьаранила гьадав чияс.

Маликулмат разилъичIила.

КIинусго миллион кьелин, цохIо къоялъниги нахъбахъе дир гIумруян гьаранила гьес нахъеги.

Маликулмат гьелдаги разилъичIила.

Гьеб мехалъ дов чияс Маликулматасда абунила:

Гьаб лъабнусабго миллион долларги дуего босейин, васасе васигат хъван лъугIизегIангIаги жив чIаго тейилан.

– Дур долларал дие хIажат гьечIо, хехго хъвай дурго васигат, – ан абунила Маликулматас.

Ва хъванила гьадав чияс васасе васигат:

«Дир вас!

ГIумруялъ данде гьабураб гьабщинаб бечелъиялда кIвечIо цохIо къоялъниги дир гIумру нахъбахъизе. Дуца щибго пайда гьечIеб боцIи-рикъзи данде бакIаруге. Дуца кIвараб хIалалъ Аллагьасе тIагIат-гIибадатги гьабе, рекъараб магIишатги гьабе, дудасан бажарараб лъикIлъи гIадамазеги гьабе, лъикIаб цIар дурго хутIулел лъалкIал ракьалдаги те!»

Гьадаб чанго рагIи хъван лъугIарабго, гьев чиясул рухIги босун, Маликулматги анила.

## ЩИБАБ УНТУЕ ДАРУГИ БАТIИ-БАТIИЯБ БУКIУНА

ВукIанила киса-кибего цIар рагIарав беразул тохтур. Гьес жиндирго махщалие ругьун гьавулев цо гIолохъанчиги вукIанила. Цо къоялъ тохтурасухъе вачIанила тIириги канлъи бихьуларев чи. Гьесие дару гьабизе тIадкъанила тохтурас гIолохъанчиясда. Абунила, дуца унтарасул кIиябго beралда тIад лъезе кIиго панкъ гьабейилан. Малъанила гьел панкъал хIадурулаго гьезда гъорлъе кина-кинал хурдузул лълъимал журазе кколелалиги. Панкъал тIад лъедал беццасда канлъи бихьанила. Гьесул рохалиеги, кьолел баркалабазеги гIорхъи букIинчIила. Дагьавги цIакъ гIолохъанчиги воханила, жинца беццавчи канлъизавунилан.

Гьадавго гIолохъанчиясул мадугьалихъ вукIанила, тIубанго гьечIониги, лъикIаланго канлъукъав чи. Гьесул бераздаги лъунила гIолохъанчияс гьадабго къагIидаялъ жинцаго гьарун панкъал. Мадугьал, цебе букIарабгицин канлъиги ун, тIубанго беццлъанила.

ГIолохъанчи, цIакъ рахIатхун, гIодилаго вачIанила жиндирго мугIалим-тохтурасухъе. Биццанила жинцаго гьабураб даруялъулги, гьелъул ккараб пашманаб хIасилалъулги.

– Дунялалда берал унтарав чам чи ватаниги, щивасул беразул рукIуна батIи-батIиял унтаби. Гьезие щивасе рекъараб батизе ккола даруги. Киназего цого дараби гьаруни, унтичIелги унтула, хIасилги гьадаб дур гIадаб ккола, – ян абунила цIар рагIарав беразул тохтурас гIолохъанчиясда. – Дур тохтур вахъунаро, богогьан лъугьинеги бегьула мун. ХIалбихье. Нух битIаги.

## ХАДУБ ЩИБ?

– Дун цIализе ворчIана университеталде, – илан рохел бицанила инсуда васас.

– ЛъикI бугоха, дир вас. Хадуб щиб? – ян абунила инсуца гьесда.

– Хадуб щибха букIинеб цIалила щуябго соналъ.

– Хадуб щиб?

– Вахъина юристлъун, хIалтIила адвокатлъун.

– Хадуб щиб?

– Ячина чIужу, гьарила лъимал.

– Хадуб щиб?

– Тарбия-лъай кьела лъималазе, гьабила гIадамаз гIадаб гIумру.

– Хадуб щиб?

– Херлъараб мехалъ ина хIалхьиялде.

– Хадуб щиб?

– Хадуб щибха букIинеб, эмен, къоял лъугIидал инаха киналго гIадин Абадияб рокъове. Анив толев чи щивниги вукIунарелъул.

– Хадуб щиб?

– Доба кин щиб букIинебали лъидаха лъалеб, дада?

– Гьеле гьеб, «доба кин щиб букIинеб?» абураб суалги цо лахIзатальги кIочон течIого гьабе, дир вас, дуца гIумру. Гьеб мехалда вохизе вуго мун дунялалдаги ахираталдаги.

## ХАНАСУЛ ЛЪАБГО ГIАКЪЛУ

ВукIанила гучав, бечедав, цадахъго цIакъ гIакъилав цо хан. Гьесул хIукму кканила цIияб шагьар базе. РакIаранила жиндир вилаяталда ругел киналго устарзаби. Гьезда гьоркьов вукIанила анкьалъ цебе хъизан гьабурав гIолохъанчиги. АнцIила щугониги сон банила шагьар балеб. Кинабго хIалтIи лъугIидал ханас устарзабазда абунила, бокьарасе дица нуж разияб, нужер хIалтIуда рекъараб мухь кьелин, бокьарасе лъабго гIакълу кьелин. Нужецаго тIасабищейилан.

ЦохIо гьадав гIолохъанчияс хутIизегIан, киназго жидее хIалтIухъ кколеб гIарац кьеян абунила. Гьезие гIарацги кьунила ханас, гIолохъанчиясе, гьес абухъе, лъабго гIакълуги кьунила.

– Дуца киданиги щибниги жо дуда лъаларев чиясухъе божилъи гьабун кьоге, – гьеб буго дир дуе тIоцебесе гIакълу, – ян абунила ханас. – Дуца киданиги гьоболлъи баге херав росги гIолохъанай чIужуги йигеб рокъоб. – Гьеб буго дир дуе кIиабилеб гIакълу. Лъабабизеги, – ян абунила ханас, – дуца щибниги жо гьабуге ургъун, гIакълуялда борцун, сабруялда цIехон гурони.

Гьединги абун, ханас гIолохъанчиясе кьунила кIиго панкъги, рокъове щведал гурони бекизе бегьуларин малъа-хъвайги гьабун.

Гьедин нухда унаго устарзабазда хадур гIунтIанила лъабго чол рекIарав. Гьез нухлулазда абунила, нужеего нух бигьалъиялъе кодоб бугеб къайи-цIа жидехъе кьейин. Дов гIолохъанчияс хутIизегIан кьунила цогияз гьезухъе кодоб букIарабщинаб. ГIолохъанчиясдайин абуни ханасул тIоцебесеб гIакълу

ракIалде щванила. Чол рекIаралги, нухлулазул буголъи кодобе щведал, чуязда цIалалги кьабун, рихьулеб мухъ-рахъ тун тIагIанила.

Гьедин унаго-толаго, буголъиялдаса ратIалъарал цогиял устарзабиги гьадав гIолохъанчиги маркIачIул гIужалда цо росдал рагIалде щванила.

КIутIанила цебе батараб рукъалъул нуцIида. НуцIа ричIанила ригь арав чияс. Гьесда нахъа яхъун чIун гIолохъанай гIаданги йикIанила. Цогияз гьениб гьоболлъи банила, ханасул кIиабилеб гIакълу ракIалде бачIарав гIолохъанчи нахъе анила.

Сордо бащалъараб мехалда бахъанила гьадаб рукъалъул хважаиналъул ахIи-хIур, гьалбадерица жиндир рос чIванилан (хIакъикъат кинаб букIарабали Аллагьасда лъала). Мадугьаллъи, росу-жамагIат бакIарун гьез дол устарзабиги чIванила.

Гьедин живго хутIарав гIолохъанчи, чанго къоялдаса къаси боголил гIужалда рокъове щванила.

НуцIил кIалтIаги чIун гIенеккидал, чIужугIаданалъулги бихьинчиясулги гара-чIвари рагIанила жанисан. Лъади дие хисун йигеб къагIидахаян кутакалда ццим бахъанила гьесул ва кIанцIун жанивегун кIиялго чIвалин чIегIераб пикру паркъанила ботIролъ. Гьеб лахIзаталъ лъабабилебги ханасул гIакълуялъ кантIизавун, щибго хIал лъазе течIого нуцIида кIутIанила. Рагьанила лъадуца нуцIа. Рос вихьаравго, гьесда кIалъа-ралъазецин рекIеда ятичIого, гьелъ ахIанила:

– Гьале, дир вас, дур дада, гьалщинал соназ мунги дунги урхъун рукIарал, – илан.

Векерун вачIун вас инсул гарбида хурханила…

Рукъалъул хважаин вачIиналъул хIурматалда лъикIаб тепси гIуцIанила лъадуцаги васасги. Цинги гьес дол панкъал реканила. Гьезда жаниб бугоанила дол талихI къарал цогиял устарзабазе кьуралдаса гIемерго цIикIкIараб месед-гIарац…

## ГIУМРУГИ ХУТIАНЩИНАБГИ

Цо мугIалимас чанго соналъ цIализавулев вукIанила анцIго мутагIил. Жинда лъалебщинаб гьездаги малъун, ахир интихIам (экзамен) гьабулеб къо тIаде щванила. ГIакъилав мугIалимас, гьезие кинаб лъай щун бугебали гуреб, лъаралдасан хIасил кинаб гьабун бугебали борцине хIукму гьабунила. Гьес щивав жиндир цIалдохъанасда цебе лъунила анцIго батIияб чащкаялда жанибе тIун кофе. Гьезул цоял рукIанила меседил, цоял гIарцул, хIасил–калам цоял берцинал, цоял гIадатиял чащкаби. Щивас хIаракат бахъанила берциназдаса берцинал, хирияздаса хириял чашкаби тIаса рищизе. Кофе гьекъон лъугIизегIан гIолохъабазул рахIат хвезабизеги рекъон бихьичIого, ахирги мугIалимас абунила:

– ГьабсагIат нужеца гьекъараб кофе букIана, кинал чашкабазухъе тIун бугониги, цого кофе. Амма нужеца хIаракат бахъана цоцазул адаб тун, лъикIал, берцинал чащкаби тIаса рищизе. Гьезда жаниб бугеб жоялъул пикруцин гьабичIо нужеца чашкабазул гурони. Ургъун хIисаб гьабуни, кофе буго гIумру, чашкабийин абуни, цоги хутIарабщинаб нилъеца кIвар гьабичIого таниги бегьулебщинаб, щибниги пайда гьечIебщинаб. Нужее дидаса гIелму щун батизеги бегьула. Амма гIумруялъе пайда босизе лъачIони, гIелмуялъулги

кинабгIаги мунпагIат букIунаро. Бихьулеб буго нужер ахирал сонал гIадада ун рукIин. Нуж лъаларо, дун гьелдаса цIакъ рекIекълъана.

Гьединги абун мугIалим, ругелъур жиндир рукIарал цIалдохъабиги тун къватIиве анила.

## ЩИВАС ЖИНДИР РЕКIЕЛЪ БУГЕБ КЬОЛА

ВукIанила къедцояв кIиго мадугьал. Гьезул цояв вукIанила къасиги - къадги хIалтIун, лъикIалан магIишат данделъарав чи. БукIанила гьесул кьер-кьерал пихьил гъутIбуз берич гьабураб кIудияб ахги. Цогиясулин абуни бицинегIа-насеб боцIи-рикъзи букIинчIила. Гьелъие гIиллаги, гьев хIалтIи-пишаялъе дагьав кIохIалав вукIин букIанила. Амма гьесда ракIалде кколаанила жиндир мискинлъиялъе мадугьал гIайибияв вугев гIадин. СанагIалъи ккарабго речIчIизе лъороб лъураб гамачI гIадин бахчараб, тушманлъиялде сверараб жахIда букIанила ракI гIатIидав, хIажаталъе кумекалъул квер гIедерав мадугьаласдехун гьесул.

Цо сордоялъ, гIадан-чи кьижараб заманалда жахIдачияс дов мадугьаласул нуцIида кIалтIа лъунила хъураб гIиялъажоялъул ургьимесалда жанисан чIехьараб хъублъиялъул цIураб ведро. Мадугьаласин абуни, чурун бацIцIад гьабун, гIечул, генул, микьиралъулги цIезабун лъунила гьадабго ведро хадусеб сордоялъ гьелъул бетIергьанчиясул нуцIида кIалтIа.

Жинца гьабураб нахъегIанлъи мадугьалас бецIараб куцалда гIажаиблъанила гьадав чи. Гьев досухъе тIасалъугьаян гьаризе анила. Амма мадугьалас абунила:

– ТIасалъугьине жо щиб гьениб бугеб? Щивас жинди-жиндир рекIелъ бугеб кьола чиясе. Дуца диеги, дица дуеги нилъе-нилъер рекIелъ бугеб кьуна цоцазе.

## АЛЛАГЬАСДА БИХЬУЛАРЕБ БАКI БАТИЧIО

ВукIанила гIакълу-лъай камилав цо гIалим. Гьес мадрасаялда дарсал малъулев кьоло цо мутагIилги вукIанила. Гьездасан, ГIабдула абулев цIалдохъанасде мугIалимасул батIияб рекIел цIайи бихьулеб букIанила цогидазда.

– Я, хIурматияв мугIалим, – илан абунила цо къоялъ мутагIилзабазул цояс, – нижеда бихьулеб буго дуца ГIабдула цогияздаса цеве гьавулев вукIин. Щиб тIокIлъи гьесул нижеда данде ккун бугеб? ГIелму-лъаялъеги гьесул батIияб тIокIлъи гьечIин нижедаса?

– Гьеб нужеда хадуб бичIчIила, – ян хабар къокъ гьабунила мугIалимас.

Анилан моцIгIанаб заман.

– Дир хириял лъимал, жакъа дица нужее рокъобе цIакъ захIматаб, кIварцIикIкIараб хIалтIи кьезе буго, – ян абунила, дарсал лъугIулаго, мугIалимас. – Метералде нужер щивас, лъидаго бихьулареб бакIалда хъвезеги хъун, маккал росе дихъе.

Гьеб щиб бигьаяб жоян цоцаздаги абулаго анила мутагIилзаби рокъоре.

Хадусеб къоялъ, ГIабдулаца хутIизегIан, къоявго цIалдохъанас рачIанила жиде-жидеца хъурал маккал.

– Дуца щай дир тIадкъай тIубазабичIеб, мун батIиявищ вугев? – абун унго-унголъунги цции бахъараб къагIидаялъ гьикъанила мугIалимас ГIабдулада.

– ТIасалъугьа, хIурматияв мугIалим, – ян абунила гьес щибго хIалхисичIого. – Дур тIадкъай тIубазе дие цIакъ бокьун букIана, амма микки хъвезе Аллагьасда бихьулареб бакI дида батичIо.

– Гьанже бичIчIанищ нужеда ГIабдулал тIокIлъи? – илан цогидаздехун вуссанила мугIалим.

МутагIилзабазе мукIурлъичIого рес букIинчIила.

## ГЬЕБ ДУЦА ЦЕБЕГО БЕЦIАНА

Тохтурлъиялъе цIалулев цо гIолохъанчи вукIанила. Я кванaзе, я ретIине жо гьечIого цIакъ язихъго вукIанила гьев. Лъабго-ункъо къоялъ мацIалда богIоллъиялъул къунтI лъечIого вукIарав гьев, гурхIарас пихъ-мичIниги кьелародаян, базаралде анила. Гьенив гьесухъ балагьулев чи ккечIила. Гьаризеги намусалъ къабул гьабулеб букIинчIила. Гьедин тира-сверулаго, цо кавуялда кIутIанила гьес. КъватIие яккарай гIолохъанчIужуялда, цIакъ къечон вугин цодагьаб лъим кьеян гьаранила гьес. ГIолохъанчиясул хIал бичIчIараб къагIида, гьей гIаданалъ панкъил мочIуги рахьдал стаканги бачIанила гьесие. Гьалъухъ дуе кьезе гьабсагIат дихъ гIарац гьечIилан абунила гIолохъанчияс. Ургъел ккогейин, Аллагьас кьолин гIолохъанчIужуялъги абунила.

Анила лъикIалан соналги, дов гIолохъанчиги киса-кибего цIар рагIарав тохтурлъун вахъанила.

Цо къоялъ больницаялде ячун ячIанила, гьав цIалулев вукIараб шагьаралдаса хьул къотIараб хIалалъ унтарай гIадан. Гьелъул унти бицунел кагътазул хал-шал гьабулаго, щаклъи кканила тохтурасул, гьадаб рескъотIараб къоялъ жиндие панкъил мочIуги рахьдал стаканги кьурай гIадан гьей йикIиналда. Хадуб гьеб мухIканлъидалги, щибго хIаллъараб жоги гьабичIого, къаси-къадлъи гьечIого, Аллагьасул кумекалдалъун, гьей гIадан саахлъизаюнила тохтурас.

Щванила гьей рокъое унеб къо. Унтаразухъа сах гьаруралъухъ гIарац босулеб больница гьеб букIиндал, гьей гIаданалъе гьабурабщинаб хъулухъалъухъ кколеб гIарцул сияхIги хъван, ахиралдаги, гьеб дуца цебего бецIанин абурал рагIабиги тIаде журан, кагъатги босун щванила тохтур гьелъухъе. Сах гьаюралъухъ унеб гIарац цIакъго гIемер букIиндал, сияхI цIалун лъугIилелдего, гьей гIадан хIал хисун, жиндир гьединаб гIарац гьечIилан сородизе лъугьанила. Тохтурас гьелда ахиралде щвезегIан цIалеян абунила. Ахирисел рагIаби цIалидал, гьей гIажаиблъун тохтурасухъ ялагьанила ва гьалъул магIна щибан гьикъанила. Гьес, доб кидаялиго гьей гIаданалъ гьабураб гIаданлъиги гьелъ абурал рагIабиги ракIалде щвезарунила.

# ЦӀалдолезул асарал

**ПатӀимат МУЪМИНОВА**



*ПатӀимат Муъминова гьаюна Хунзахъ районалъул Гъоркьколо росулъ. Гьенибго байбихьул школаги лъугӀизабун, цӀализе ана ГӀарани ясазул школа-интернаталде. Хадуй цӀалана Буйнакск шагьаралда кооперативияб техникумалда.*

*Лъимерлъиялдасаго Муъминовалъул рокьи бижана адабияталдеги маданияталдеги. ПатӀиматил кучӀдул рахъана «Гьудуллъи», «Лачен», «МагӀарулай» журналаздаги, «Росдал захӀматчи» ва «ХӀакъикъат» газетаздаги.*

*КучӀдул гурелги харбалги хъвала гьелъ. ПатӀиматил цӀализе гьира базабулел кучӀдузеги макъалабазеги лъикӀаб къимат кьола магӀарулаз.*

*Республикаялъул магӀарул газеталъул редакциялде хӀалтӀизе ПатӀимат ячӀана 1982 соналда. Жакъа къоялде щвезегӀан гьей гьенийго хӀалтӀулей йиго.*

**СУРАТ**

**Дида лъай щвелелде къаникье арай,**
**Киниялде диде тӀаде къуличӀей,**
**ХӀеренал рагӀабаз дун эдичӀей,**
**Эбелалъул сурат буго жакъа дихъ.**

**Йохарал къоязги кътарилъидалги**
**Къвал бан дун каранде къачӀей дир эбел,**
**Кумек къваригӀиндал гӀакълу дий кьезе**
**Дир хьолбохъ ятичӀей чехьалъул эбел.**

**Чанги анищ буго дуе гьурщизе,**
**Дирго гӀумруялъул ва къисматалъул.**
**Чанги ургъел буго дуде бикьизе,**
**Бикьизе чм щвечӀей дурго ясалъул.**

Дур гьаб сураталде тӀадеги къулун
Дун мунгун кӀалъала, дуда рагӀулищ?
Соролел квераца карандеги къан
МагӀица чурула, дуда бихьулищ?

## РОСУЛЪЕ ЩВЕДАЛ

Гьале жакъаги дун гӀагараб росулъ
Инсул минаялъул каву рагьулей.
Рахан руго нуцӀби, ран руго кӀулал,
Дие салам кьезе щивго вачӀинчӀо.

Дун гӀодой кӀусана болъодул хӀокӀихъ,
Пашманал пикрабаз сагьвил гьаюна.
Бакъуде руссарал гургинал бералъ
Харда терет гӀадин бетана магӀу.

Дида цебе чӀана дирго лъимерлъи,
КъватӀий дун кватӀидал семулей ункъгӀал.
Дарсал щай гьаричӀел ПатӀиматилан,
Цо-цо гьаракь борхун кӀалъалев эмен.

Гьел кӀиялго жакъа къаникь лъун руго,
Абадиялъ кьижун хабзалалъ руго.
Вацасги жиндийго рукӀун гьабуна,
НекӀого яцалги ригьнаде ана.

Нижеда бесдаллъи лъазе биччачӀей,
Дир кӀудияй яц мун, жакъа кий йигей?
Дир гьаб инсул мина чӀунтизе течӀей,
НуцӀида кӀулал ран кие мун арай?

КъватӀисан росулъе дун юссунаго,
Дир ракӀ гӀедегӀула инсул сверуде;
Рагьдухъ чӀун ватилин чӀухӀарав эмен,
Кавудахъ дандчӀвалин херай дир ункъгӀал.

## ВАС РАМАЗАНИДЕ

Нух битӀаги дир вас, унев вугин мун
Дуй чед насиблъараб доб Сочиялде.
КигӀан гьараниги гӀенеккичӀин мун,
ХӀалтӀи щолеб гьечӀин гьанибин абун.

Рукъалъул бетӀергьан къварид гьавуге,
Цадахъ ругелазда саламги бице,

Аллагьас тIад лъурал какалги тоге,
Рамазан моцIалъул кIалал риччаге.

Дагъистаналдаса рикIкIад вугилан
ХIалихьатазулгун гьоркьоблъи ккоге.
ХIарамал гъурщазда хадувги унге,
ХIалалаб гурони квенги кванаге.

Рокъор дуца тарал нижги кIочонге,
Даим духъ урхъарай яцалде кIалъай,
Гьаниб гьабулареб гьениб гьабуге,
Эбелалъ малъараб гIадахъги босе.

Инсул рагIабахъги гIин тIаме дуца,
ЦохIо мун гурони гьечIелъул гьесул.
Хунзахъги Болъихъги рикIкIунеб кьолбол
Эбел-эмен рукIин рекIелъги цIуне.

Ячарай лъадулги адаб рехуге,
Данде чIваралгунги лъикIго вукIа мун.
Дулъ жахIда бергьараз къор гъезе чIоге,
Ккараб бакIалда мун вуцIцIунги чIоге.

Бицараб рагIуе хилиплъуге мун,
Хинатлъи дуца рикIкIадегIан те.
Чохьол эбелалъул ракIалъ угьарал
Гьал рагIаби рекIел тIинда рикIун те.

* * *

Дун къваридаб къоялъ ракI чучиялъе
Хьолбохъ эхетулеб, кечI, дуй баркала,
РакI угьдулеб мехалъ цадахъ гIодулел
РакIалъул жугьаби, нужей, баркала.

ЖахIда дилъ бергьараз къор гъураб мехалъ
ХIалае батулеб, къалам, баркала,
ХIалихьатал чагIаз мацIал гьаридал
ГIодой юссин кьолеб, сабру, баркала.

Жагьилал гIадамаз къварид  гьайидал
ЮцIцIун чIезе кIолеб, къуват, баркала,
Бихьараб хIехьезе хIал кIвечIеб мехалъ
ХIалае батулеб, гIакълу, баркала.

Чапун гIодулелъул чвахун рачIунел
Карназул пикраби, нужей, баркала,
Абизе бокьараб шигIрулъун хъвазе
Гьунар дие кьурав Аллагьасе рецц.

## САГIИД ХIАЖИЕВ



*Хунзахъ районалъул БакьагьечIиса ХIажиев СагIидица цебегоялдаса хъвалел руго кучIдул. Гьел рахъана республикаялъулги районазулги газетаздаги журналаздаги.*

*СагIидица гьоркьохъеб школалдаса хадуб армиялъул налъиги тIубазабун, багIараб дипломалда лъугIизабуна республикаялъул росдал магIишаталъул нухмалъиялъул кадраби хIадур гьарулеб техникум. Хадув хIалтIана гIагараб БакьагьечIи росдал колхозалда батIи-батIиял ишазда.*

*Нижеца кьолел руго С.ХIажиевасул ахираб заманалда хъварал кучIдуздасан цо-цоял.*

### Э Б Е Л

**Эбел ятана рокъой,**
**Къалъул гIужда как балей,**
**Къалъараб рагъиялда**
**Аллагьасда кIалъалей.**

**Дир ракIалъулъ хурхараб**
**Рохелалъул кутакалъ,**
**Ккана къадалгицини**
**Цадахъ гьимулел ругин.**

**Гьаб рагъидал кIодолъи**
**КIиго нухалъ цIикIкIанин,**
**Борхалъун, гIеблъунги ун,**
**КIалгIаялде сверанин.**

**Дица рагьулеб рагьу**
**Алжаналде батилин,**
**Эбел рокъой ятиялъ**
**Цо къудратлъи рещтIанин.**

**Эбел рокъой гьечIони,**
**Рукъалдаса нур ссуна,**
**Бакъалде вахъаниги**
**Гьелъ гIадин хинлъуларо.**

### ГЬ А Р И

**Цо гIумру лахIзат буго**
**Сонаца борцаниги,**
**Гьеб лахIзаталъ чилъиялъ**
**Бечелъаги гIадамал.**

**Инсан гьитIинаб микъсал**
**КIудияб гIаламалъул,**
**ГIакълу мукъсанлъулареб**
**ГIамал щваги щивасе.**

ГIумру бечелъи буго
Бачине бажарани,
Бачун билълъинчIонани,
Баччизе къуват кьеги.

Чилъи баракатлъила
Чорхол ургъел дагьлъани,
Баракатаб чилъиялъ
Балагь рикIкIад гьабеги.

Аллагьас дунялалда
ГIадан вакъун тогеги,
ГьебгIан кIудияб бакIлъи
БатIияб цоги гьечIо.

Гьаб гIумру гIелму буго
ГIакълу бугев чиясе,
ГIадамил лъимералъул
Даража жаниб лъураб.

Духъ балагьун вукIана
Чилъи данде чIванилан,
Мун чинилан вахъана, -
Гьеб бугин чилъийилан.

Духъ гIенеккун вукIана
ГIакъиллъи кунчIанилан,
Мун гIарацилан чIана, –
Гьеб бугин гIакъиллъиян.

Эбелалъул гьурмада,
Гьими хурхунеб мехалъ,
Гьелъул хIайранаб канлъи
Нурлъун щущараб гIужалъ.

Гьелъул ракIалъулъ рохел
РещтIунеб бихьарабго,
ХIеренаб гьелъул хинлъи
Гьулчун щвараб лахIзаталъ.

Дир арал дол ихазул
РекIелъ хутIарал мехал,
РечIачIого ратарал
ТIугьдул ругилан ккола.

Даража тIадегIанал
ТIабигIатал куцазе,
ТIоцебе инсанасулъ
Ничги яхIги бижаги.

ГIаданги илчи вуго
Чилъиялъе вижарав,
Чехьалда къараб рачел
Цо-цо чучун кканиги.

Чехьалда къараб рачел
ЧучичIого хутIизе,
Чорхолъ имангун ияхI
Илбисгунги къеркьаги.

Аллагь, дуниялалда
ГIорцIун чи мехтугеги,
Гьеб гIадинаб гIадаллъи
БатIияб цоги гьечIин.

* * *

ГIумру гIадамазулгун
Гьабулеб иш бугелъул,
Чилъиялда мугъ чIвачIищ, -
ЧамгIалаб пиша буго.

ХIасратги инсанасулъ
ЛъимгIан гIемер бугелъул,
ГIакълу гьорлъ жубачIони,
Загьруялде сверула.

* * *

Кинабго гьаб дуниял
Доб бакъуца кинигин,
Къалъизабила дие
БатIияб цо асаралъ.

БатIияб цо рохелалъ,
ТIадегIанаб гIищкъуялъ,
ГIумруялде рокьиялъ,
РекIел гучаб хIасраталъ.

* * *

ТIаде дун ваккаравго
Гьимулел ратула гьел,
Киниялда гьитIинал
Лъимал гьимулел гIадин.

Дир араб риияльул
ТӀубачӀебщинаб анищ,
БарщичӀого хутӀарал
Пихъал ругилан ккола.

Пикру тӀаде ккарабго
ГӀодула гьава-бакъин,
Гьинал ракӀалъ угьула
Ахихъан льикӀав гьечӀин.

Хаслихълъияльул къоял,
Къанщун щай тӀолеб реччел,
Дидаса хьулги къотӀун
МагӀу бахъунцин гурищ.

* * *

Дие цӀар кӀваричӀо,
Дида цӀар буго,
Гьаб цӀаралда цебе
Инсул цӀар буго.
Гьеб цӀунизе кӀвани
КӀудияб талихӀ,
Дун цеве инаро
Нахъа яхӀги тун.
Гьаб хъулухъ гӀела дий,
ГӀорцӀун вуго дун,
ГӀумруяльул гӀурул
Льим данде ххала.
ГӀаданлъи дидаса
ЧуричӀин ккола,
Дун нахъа чӀун вуго
Нафс цебе буго.
Гьелдаса къиматаб
Кодоблъи щвечӀо.

Рокьиялъ дида тӀад
Ханлъи гьабула,
ГӀарцул квершаликье
Ккезе толаро.
ГӀадамасе дица
Сахлъи гьарула,
Сакъат ккун, унтиялъ
Дунго ккуниги.
Чиясе дидасан
Зиян ккеларо,
Зарал ккун, рукъ биххун
Дун хутӀаниги.
Дие цӀар кӀваричӀо,
Дида цӀар буго
Гьаб цӀаралда хадуб
Лъе васасги цӀар.
Гьеб цӀунун ирсалъе
Гьесийги тела.

## С У Р А Т

МугӀрул тӀогьаздаго тӀох бащалъулеб,
БецӀаб гӀангисалъул тӀарцӀаб бухари,
Кьварараб гьурмае рагӀадги гьабун,
Гьасул бетӀералда рекъон бугеб куц.

ЦӀиркъалъул гӀадинан къвакӀи бурулел,
Надалда гъоркь берал кьецун ругел куц.
Кьвари загьирлъизе гьунар гӀадинан,
Гьездаса пирхулеб кунчӀидул бухӀи.

Бералъан речӀчӀулел чӀораз бицуна,
ЧӀел босун вуссарав игит гьав вукӀин.
Чан камурав тушман, гьасул квердасан,
Каранда хвалчаца хвалил гӀужал лъун.

**ПонцIорал ччорбазул гьумерги бацун,
Доб мугIрул мугъалда накIкIил рохь гIадин,
Гьаб дур гьумералда бахараб мегеж,
Гьелъулъги буго цо батIияб дангъва.**

**СияхI босиялъул цересел нугIзал,
МагIарзукъалалги, гьитIинаб кIалги,
КIудияб ишалъул устарзабилъун
Дур жинсалъул къимат гьабулел руго.**

**Хунзахъ сукноялъул бечедаб чухъа,
Гургинал гъуждузда тIад букъун буго.
ТIасан борчун бугеб ханжар-рачелалъ
Черхалъул чергеслъи рагьулеб буго.**

**Дур гьаб сураталъул хаслъи бихьидал,
Сипатазул сияхI босараб мехалъ,
Дида дол рагъазул гъугъаязда гъорлъ,
РечIчIулеб пирилъун мун цеве чIола.**

**ТIалъиялъул гъулдулъ чодеги вахун,
Чарамалъул хвалчен бакъуйги къалъун,
ГохIихъан хъурайсин баккараб мехалъ,
Ахъбердилав тIаде вачIунев вугин,
ТIурун унеб солдат цебе бачIуна.**

## ПАШМАН ВУКIУНА

**Дун талихIав вуго чIаго вукIиналъ,
ЧIегIераб хвел щвелин хIинкъунги гьечIо,
ГIемерисеб мехалъ пашман вукIуна,
Парахалъи гьечIеб дуниялалда.**

**Лъим къулчIулелъулцин хIалценречIчIула,
ЧIвалелги холелги гьал лъимал рихьун,
Гьезухъа рахъулел гьезул ракьазул
Дараналда ругел чIахIиял рихьун.**

**ЧIегIерал рагъазулъ чIунтун Шамалъул
ЧIвалеб буго дида рухIелазул махI.
Ругъназулъ Пальмира некIсияб тарих
Беццлъунищ гIинкълъунищ имангун ияхI.**

Зулмуялъ кьвагьиялъ кьалул майданлъун
Бадиб къалеб буго къваридаб Багъдад.
Рикъулел, ричулел нартил баррелаз
Къвагъунищ, гІанкунищ яхІги намусги.

Парахалъи гьечІеб гьаб дунялалда
Кинан макьу щолеб, рокьи гьабулеб,
Рорхатал кІалгІабахъ гьал господаби,
Вискиги чагъирги гьекъолел руго.

Чидахъа жидер ракь эркен гьабизе
Халкъалъул наслаби тІагІунеб мехалъ,
РескъотІун тІурулел талихІ къосарал,
Ралъдал гъварилъуда гъанкъулеб мехалъ.

Дун талихІав вуго чІаго вукІиналъ,
ЧІегІераб хвел щвезе хІинкъунги гьечІо,
Амма гІемерисев пашман вукІуна,
Парахалъи гьечІеб гьаб дунялалда.



# Гьабги, Догги, Додцоябги

## МУРТАЗАГИ КУНДУХГИ

***Редакциги, Кундухги,***
***Киноги, поллитраги;***
***Муртазаги, хинкIалги,***
***Гьардухъанги, гурдеги.***

*Хунзахъа Кундух абулев чиясул гьаб ункъо мухъалдаса, гьел рагIабазе гIиллалъун ккараб лъугьа-бахъин лъаларев чиясда щибниги бичIчIиларо. Амма бицине гIурал хIужабазда тIад рижарал рукIиналъ, ракIалде щолел руго, махсаро хIисабалда рехсаниги гьел жугьаби.*

*Гьеле гьев Кундух, ВатIанияб рагъда хадусел соназда хIалтIулев вукIун вуго Хунзахъ районалъул «Колхозчи» газеталда печатниклъун – газета басмаялде бахъулев чилъун. Гьанжесеб «Росдал захIматчи» газеталдаги доб заманалда гьединаб цIар букIун буго. Гьелъул редакторлъунги вукIун вуго Локалов Муртаза абулев чи.*

*Кундухица къад-къад газеталда хIалтIиялдаго цадахъ, къаси-къаси росдал клубалда киноги бихьизабулеб букIун буго. Гьеб гуребги, Кундух вукIун вуго, поллитраялъул шишаялда жаниб букIунеб кьогIаб лъим лъикIго гьуинлъарав чиги. БукIаниги, редакциялда гьабулеб хIалтIи гьес квалквал-кIвекIен ккезе течIого, мухIканго, ракIбацIцIадго тIубазабулеб букIун буго. Амма Муртазаца Кундухие хIалалаб къо толеб букIун гьечIо, киноги бихьизабугейин, гьекъолеб жоги добегIан тейин. Дица редакциялъул хIалтIуе кинабгIаги жагъаллъи ккезеги биччалеб гьечIин, эркенаб заманалда гьабулеб цогияб жоялъул жаваб дицаго кьелин Кундухицаги абулеб букIун буго. ХIакимлъи бихьизабизе бокьулев редакторин абуни жиндирабго ккун тIирун чIолев вукIун вуго.*

*Ахирги чIалгIун руго Кундухида Муртазаги лъугIелго гьечIел гьесул бадирчIваялги. Гьесда лъалеб букIун буго, къватIибе рагIизе рекъечIеб, рагIани Локаловасда чIегIераб къо чIезабизе рес бугеб редакторасул цо балъголъи.*

*Рагъда хадусел, ракъарал дол соназда, цоги бакIаздего гIадин, Хунзахъеги рачIунел рукIун руго квен-тIехги, щиб-щибги гьарунги киса-кисаги гьардухъаби. Гьединай цо гьардухъан щун йиго Муртазал рукъалъул кавудахъеги. Гьес щиб букIаниги кьелилан жание ячIаян абун буго гьелда. Кодоб кIиго хинкIги ккун рокъоса къватIиве вачIун вуго гьев. Кваранаб кквералъ гьардухъаналъухъе хинкIалги кьолаго, квегIаб кквералъ гьей рокъое жание цIазе лъугьун вуго Муртаза. Гьесухъа хинкIалги рахъун, бихъун ун басрияб гурдегун, къватIие кIанцIун йиго гьардухъан.*

*Редакторасул чIалгIарал бадирчIваяздаса ворчIизе Кундухие сабаблъунги гьеб лъугьа-бахъин ккун буго.*

*Печаталде кьезе хIадурараб иргадулаб газеталда гъулбасги гьабун, хIалтIул къоялъул ургъелги тIаса ккун, рокъове ун вуго редактор. Хадусеб къоялъ цIияб газеталъул хал-шал гьабулаго, тIоцебесебго гьумералда гьесда ратун руго байбихьуда рехсарал гьадал кочIол мухъал. Мурнтазаца хехаб куцалъ почалде ахIун буго, цо номер камичIого киналго газетал тIадруссун редакциялде щвезареян. Кундухидеги ахIичIеб чIегIераб-хъахIаб жо тун гьечIо редакторас.*

*Кундухица, щибго хIал хисичIого Муртазада абун буго, почалдасани дуца газетал нахъе росилин, амма гьедигIанабго къадар гьелго газетазул дица рокъор нахъе лъунги ругин. Цоги нухалда дуца дида киноги поллитраги ракIалде щвезаруни, гьел газеталги къватIире рахъизе ругин, гьеб мехалда дуего букIунеб зурма-къалиялъулги хIисаб гьабейилан.*

*Гьеб къоялдаса Муртазаца Кундухие кинаб букIаниги бадибчIвайни киб гьабулеб, жибго щарил нахгIанги хIеренлъанила гьесие редактор.*



МахIсутI ЗАЙНУЛГIАБИДОВ - шагIир

Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацӀцӀадаб магӀарул мацӀ,*
*МагӀнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гӀадат, гӀамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

